НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКАН ЯЗДАРХОЙН СОЮЗ

К1УСИН ЖАБРАИЛАН 1АДИЗ

# САН КХАНЕ

## БАЙТАШ. ПОЭМАШ.
## ГОЧДАРШ. ЭССЕ

Соьлжа-Г1ала
2020

УДК 82
ББК 84
К-94

**Кусаев А.Дж.**
**К-94** Сан кхане. Байташ. Поэмаш. Гочдарш. Эссе. – Махачкала: АЛЕФ, 2020. – 270 с.

© Кусаев А.Дж., 2020
© Издательство «АЛЕФ», 2020



Авиационно-техническое училище
(г. Кирсанов Тамбовской области)
1962 год

## Нохчийчоьнна

Нохчийчоь, хьо еза бохуш,
Тоьаш дац баарх ас дуй,
Хьан дуьхьа дацахь дог догуш,
1енадеш шен довха суй.

Далла со кхуллушехь ийна
Хьайчуьнца сан жима са.
Со воцуш хьо 1ийр ю, 1ийна,
Хьо йоцчохь дахар дац сан.

Нохчийчоь, хьан к1ант ву бохуш,
Тоьаш дац дозалла дарх,
Хьан дуьхьа вацахь со вогуш,
Масал а оьцуш де-дайх.

Далла со кхуллушехь ийна
Сан кхоллам хьан кхолламца.
Со воцуш хьо 1ийр ю, 1ийна,
Хьо йоцчохь дахар дац сан.

Нохчийчоь, хьо нана лоьруш,
Тоьаш дац тоьшалла дарх,
Вацахь со, кхин мохк ца лоьхуш,
Вехаш хьан хилла цхьа тарх.

Нохчийчоь, ма ирс ду елла
Вайн Далла нохчашна хьо.
Со воцуш хьо 1а ма елла,
Хьо йоцуш 1алур вац со!

## Нохчийчоьнан а, Соьлжа-Г1алин а
## Илланча

Поэт, яздархо, журналист, гочдархо, историк, къинхьегамхо! И дерриге а дешнаш шех лаьцна ала догIуш ву Нохчийн Республикин халкъан яздархо а, хьакъволу журналист а Кусаев Iадиз. Дукха хан ю цо къоман литературехь а, журналистикехь а хьанал къахьоьгу. Белхаш бина телевиденехь, газеташкахь, радиохь. Радиохь-м похIме журналист тахана а ву болх беш. Цо кечъеш йолу передачаш кхаъ хуьлий дIахIуьтту радиоладогIархошна. Уьш даима а чулацаме, маьIне ю. Говзаллин лаккхарчу тIегIанехь йолчу корматаллица кечйина хуьлу цуьнан массо а передача, муьлххачу жанрехь иза кечйина елахь а: репортаж, зарисовка, очерк, и.дI.кх.а. Шен экамечу синан цхьа дакъа дуьллу журналиста эфире йоккхучу передачина юкъа. Цундела езаш тIеоьцу уьш вайн махкахоша. Журналистикин балха тIехь алссам зеделларг долу Кусаев Iадиз шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь къахьегна Iаш вац. Иза махкахь а, дозанал арахьа а вевзаш поэт, яздархо ву. Цуьнан ткъа сов книга араяьлла. Цо цхьатерра говза болх бо оьрсийн а, нохчийн а маттахь, прозехь, поэзехь. Iадизан байташ тIехь даьхна дукха иллеш ду вайн артисташа дIаолуш. Хазахета заманан йохалла нур ца довш, тахана а уьш концерташкахь, телерадиоэфирехь хаза аьтто болуш. Уьш Даймахках, ненах, безамах ду. Хаддаза адамалле, къинхетаме, деган комаьршалле кхойкхуш ду. Нохчийн литература цIе йолчу исбаьхьачу хьаьрмахь шатайпанчу башхаллица къаьсташ майда ю Кусаев Iадизан кхолларалла. Делан къинхетамца могаш-маьрша, семачу хьекъалца, хьуьнарца вирзи иза шен 80-чу шаре, хьаналчу къинхьегаман хIайттаралла ца лахъеш. Иза боккха кхаъ бу Iадиз вевзаш, везаш, цуьнан кхоллараллех самукъдолучу вайн махкахошна.

## Бераллин шераш

Кусаев Іадиз дуьнен чу ваьлла 1938-чу шеран кхолламан (январь) беттан 3-чу дийнахь нохчийн ширачу юьртахь Шоьнахь. Советийн Іедал тІедеанчу муьрехь Сесана кІоштана юкъайоьдуш яра Шоьна, тІаьхьо иза Нажи-Юьртан кІоштана юкъаяхана, тахана Гуьмсан кІоштан юкъахь ю и юрт. Іадизан да Жабраил Шоьнарчу школин директор вара. Іадиз школе ваха кхиале немцойн фашисташ СССР-на тІелатар дина Сийлахь-боккха Даймехкан тІом дІаболабелира.Цул тІаьхьа, 1944-чу шеран чиллин (февраль) беттан 23-чу дийнахь Сталинан хьадалчаша вайнах махках бехира. Цундела хала ду Іадизан бералла ирсе хилла ала. ГІиргІизойн махкарчу Ошски обла-стерчу Ляйлякски кІоштан коьртачу юьрта Исфана кхаьчнера Кусаев Жабраил шен доьзалца. Кхечу вайнехан санна, церан а дийзира мацалла, шело, гІело лан. Мохк хийцаро дебийна лазарш, царна дарба дан доцу молханаш, къизачу мацаллин Іазап. И дерриге а бераллехь гина, лайна ву нохчийн поэт. Цунна дика дагавогІу мацалла велла шен ши ваша. Кхин дан амал ца хилла, мацалла ца валийта, дас, нанас берийн цІийне ша дІавалар а дагадогІу. Къаьхьа денош, шийла буьйсанаш яра уьш, 13 шарахь дай баьхначу лаьттах хьоьгуш, вайнаха хийрачу махкахь текхнарш. Мелла а анддавала воьлча берийн цІийнера цІавалийна, юьртарчу школе дІавелира Іадиз. Дукха къамнийн векалш дІатарбелла юрт яра Исфан. Нохчий санна, шайн махках баьхна немцой, гІалмакххой, гІирмера гІезалой, курдаш, ишттта кхечу къаьмнех адамаш дара юьртахь дехаш, аьлча а, хене дуьйлуш.

Школера хьехархой дика бара. Цара ца къестадора берийн къаьмнаш. Цара уьш Іамадора, Іилманийн баххаш довзуьйтуш. Школехь кхоллабелира

Іадизан литературе болу безам. Цо дукха книгаш йийшира школа чекхъяьккхина валале. Исбаьхьаллин литература йоьшуш чІогІа самукъадолура кІентан. Пушкин, Лермонтов, Тургенев, Гоголь, Толстой, Достоевский, иштта дІа кхин а дуккха а яздархойн говзарш ешна ваьллера иза юккъера школа чекхъяьккхина волуш. Дийца даьккхинчуьра аьлча, книгаш ешаро гІо дира цунна аттестата тІехь дерриге 5 долуш, школа кхиамца чекхъяккха.

### Лехамийн новкъахь

Кусаев Іадиз школа чекхъяьккхина волуш, массо а маьІІера лерса хьоьсту мерза кхаьънаш дара схьахезаш. Уьш вайнахана Кавказе цІаберза некъамаршо яларх дара. Дукха хьалхе шайн сал-пал ларчанашка ерзийна, Нохчийчу цІа бахка кечбелла бара КусаевгІар а. ЦІа даьхкича, Іадиз Соьлжа-ГІалахь сецира. 1957-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн коьртачу шахьарахь йолчу Статистикин техникуме деша хІоьттира иза. Дешарх дика кхеташ, кхиамца техникум чекхъяьккхинехь а, сингаттамечу терахьийн хьаьттахь болх бан ца лиира жимачу стагана. Цуьнан карзахе ойла паналлехь некадеш яра, экамечу синна аьхна социйла лоьхуш. Цундела техникум чекхъяьккхина ваьллачу шарахь, иза Тамбов гІала воьду. Тамбовн областерчу Кирсанов гІалахь тІеман летчикаш кечбеш авиационни училище хилар хиъера цунна. Цхьана а кепара новкъарло йоцуш, оцу училище деша дІатасавелира І.Кусаев. Кхиамца иза чекхъяьккхина, Соьлжа-ГІаларчу аэропорте балха вахара, техникан дарже. ХІаваан кеманийн Іуналла дар дара техникан декхаршна юкъадогІуш. Іадизан декхарш оцу тІехь чекхдовлуш дацара. Вахар-вар алсам хуьлура цуьнан оцу муьрехь. Хетарехь, иза кхачаза наггахь а гІала хир яцара Советийн Союзехь. Цуьнца цхьаьна адамаш довзар, цаьрца

уьйр-марзо тасар, гергарлонийн зІенаш чІагІъяр хуьлура. Бер санна, воккхавевора иза керлачу гергарлонех, дикачу адамех, церан дикачу амалех. Делахь а, дукха болх ца бира цо аэропортехь. ХІаваан аьхналла Іадизан дог хьостуш яцара. ЧІагІлуш яра цуьнан литературехь хьерча ойла. Цхьацца йозанаш дара гулделла. Уьш зорбане даха болу лаам а бара ойланех хьерчаш. Керлачу анайисте дІавоьхуш, дагах гилгаш дохуш, синкІоргенехь тебна поэзига болу ховха безам бара иза синтемах ваькккхина, буса наб ца йойтуш, генарчу седанах серлабуьйлуш.

### Литературин хьаьрмахь

Исфанарчу юккъерчу школехь доьшуш волуш дуьйна вара Іадиз поэзин цхьацца могІанаш яздеш. Дуьххьарлера байт зорбане 1958-чу шарахь елира цуьнан, Нохч-ГІалгІайн Республикин кегийрхойн «Комсомольское племя» газетан агІонаш тІехь. Иза оьрсийн маттахь язйина яра. Дукха хан ялале «Дотта-гІалла» цІе йолчу альманахан агІонаш тІехь нохчийн маттахь язйина байт елира зорбане. Цуьнан цІе «11-чу августан урам» яра. Х1етахь оцу альманахан коьрта редактор хиллачу Мамакаев Мохьмада къобал йина яра иза. Цул тІаьхьа кест-кеста гора поэтан байташ вайн республикерчу газетийн, журналийн агІонаш тІехь. Уьш-м Москвахь арадуьйлучу «Литературная газета», «Литературная Россия» газетийн а, «Дон», «Юность», «Дружба народов» журналийн а агІонаш тІехь а гора. Нохч-ГІалгІайн Республикерчу къоначу поэтийн «Седарчий канашкахь», «Вайга кхойкху керла анайисташ», «Новкъахь цхьаьнакхетар» цІерш йолчу а, иштта, кхечу гуларшна а юкъахь яра Кусаев Іадизан байташ. Цара гойтура нохчийн къоман литературе похІме поэт кхаьчна хилар а, нохчийн а, оьрсийн а меттанаш цунна цхьабосса дика хууш хилар а.

Иштта, цуьнан байташа тIечIагIдора къоман литературин хьаьтта иза ларамза нисвелла цахилар, шенначул дахар а, дуьне а девзаш стаг иза хилар а. 1964-чу шарахь балхана юкъара ца волуш, Кусаев Iадиз деша воьду Дона-тIерачу-Ростоверчу университетан журналистикин факультете. 1969-чу шарахь кхиамца чекхйоккху.

Журналистикица дахар дозар кхин а хьалхе нисделлера цуьнан. 1966-чу шарахь Кусаев Iадиз Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан телерадиокомитете балха веара. 50 шо сов зама ю шен са, дегI ца кхоош, нохчийн къоман сирлачу кханене сатесна цо къахьоьгу. Вайн махкахойн шуьйрачу гонашна иза вовзар а телевиденехь болх беш волуш хилира. Телевиденин коьртачу редакторан болх беш волчу Iадиза, дукха хьолахь, кхоллараллин адамех лаьцна кечйора передачаш. 30–40 минотехь йолчу передачашкахь шен турпалхойн Iер-дахар, церан кхоллараллин хазалла телехьовсархошна йовзийта ларавора автор. ТIаккха дукхах болчу телехьовсархошна и турпалхой гергара хетара. Уьш уллера бовза, цаьрца уьйр-марзо таса лаам а кхоллалора. Авторан говзалла лаккхарчу тIегIанехь хиларна къеггина тоьшалла дара иза. Делахь а, халкъана похIме поэт санна, вевзаш ву I.Кусаев. Тайначу лирикех Iанаоьхуш ю цуьнан дукхах йолу байташ. Чулацам чолхе бацахь а, рифме дирзина цуьнан дешнийн кочарш ладогIархойн дог-ойла гIаттош, ойла тIома йоккхуш, анайисте дIакхойкхуш, сирлачу кханенах тешош хуьлу.

Дукха хенахь лелаш тийна,
Седа санна дог латийна.
Цхьаъ бен йоцу массанхьа
Ас лийхира хьо!
Некъ гойтуш хьан дийкира аз.
Седарчел а сирла дешнаш,

Зезагал а хаза дешнаш,
Сан хьомениг, уггаре а хаза долу,
Дуьххьара ас хьоьга олу…

Лакхахь вай билгал ма-даккхара, зорбане яьллачу цуьнан книгашна юкъахь исс поэзин гулар ю. Царах ю: «Амал», «Некъаш», «БӀаьстенан мохк», «Кхоллам», «Сан некъ», «Къинхетам», «Иэс», иштта д1а кхиерш. Гуларшна юкъара дукхах йолу байташ иллиалархоша мукъаме ерзийна ю. Къаьсттина гергарло дара Іадизан композиторца Шахбулатов Іаднанца. Ткъех илли ду церан кхолларалин гергарлоно вайна делла. Соьлжа-ГІалин гимн хилла дІахІоьттина цушимма даьккхина, Буркаев Мовлада дІаолуш хилла «Сан гІала» илли.

Тем боцу бер санна,
Хьо зевне йоьлуш ю.
Іуьйранна гІаьттина,
Хьо балха йоьдуш ю.
Хьан сийна урамаш
Сан деган пхенаш ду.
Сан гІала туьйранел
Уьш хазахеташ ву…

50 шо гергга хан ю Іадизан дешнаш тІехь даьккхина и илли вайца деха.

XX–XXI-гІий бІешераш хотталучу муьрехь Нохчийчоьнах буьрсачу тІеман цІе хьарчийначу зуламечу нехан ницкъ ца кхечира и илли вайх дІакъасто. Авторийн къеггинчу похІмин теш хилла деха вайца иза. Кхин а бІешерашкахь дехар долчу иллех цхьаъ ду иза. Кусаев Іадиза безамца яздинчу кхечу могІанаш тІехь даьхкина ду хІара илли а.

Тийна суьйре кхочу тІе
Хийца довха де.
Даима санна, мехкарий
Сихло хи йисте.

Шовда хуьлу ирсан теш,
Къега бIаьргийн нур.
Бовха безам балхабеш
Оьзда кIентий бу…

КIеззиг бац Iадиза прозехь бина болх а. Кхин хIумма а ца хилча цо язйина зорбане яьхна нохчийн яздархойх йолу очеркаш тоьар яра цуьнан цIе къоман литературехь йисийта. «Нохчийчоьнан яздархой» цIе тиллина цо зорбане яьккхина кхаа томехь йолу книга. 150 гергга яздархо ву цо шен очеркашца юкъалаьцнарг. ХIораннах ала довха дош карийна цунна, дешархойн дегнашкахь нохчийн яздархошка безам, ларам кхолла аьтто баьлла. Яздархочо ца къестийна къаьмнаш. Тахана дийна верг, воцург, жима, воккха. Нохчийчоьнах, нохчех дош мел яздинарга, мел аьлларга шен тептара юкъавалийна цо. Иза Iаламат мехала ду. Книга пайде хир ю дешархошна, студенташна, нохчийн литературех дерг хаа луучунна. Хьалха, наггахь бен вайна цIе йоккху, буьйцу ца хезна яздархой а шен тептарна юкъалаца хьуьнар хилла цуьнан. Нохчийн халкъан къаьхьа чам бетталучу исторехь мел хилларг хаа лааро, иза дешархошна довзийта лааро, халкъе, махке болчу безамо байтина яздархочуьнга и мехала болх. Иза цу тIехь дика лара а вина. Яздархойх очеркаш язйина Iаш вац иза. «Говорит и показывает Грозный», «Чеченское телевидение и радио: годы становления и развития» цIерш йолу ши книга зорбане яьккхина цо шен белхан накъостех лаьцна. Дуккха а шерашкахь радиохь а, телевиденехь а белхаш бинчу Кусаев Iадизана дика девза церан «чуьра» хьал. Цундела къемата радиоца, телевиденица бала боцчун а еша дог доуьйтуш ю книгаш. И мехала тептарш ду къоман радион, телевиденин белхан а, кхиаран а некъ бовза лучунна. Iадизан мехалчу белхех лара хьакъ ду цуьнан «Соьлжа-ГIала: историн аг1онаш» (2012 шо; и книга бахьанехь 1адизана «Соьлжа-Г1алин сийлахь вахархо» аьлла йолу ц1е тиллира) а, «Соьлжа-Г1ала: бакь дерг

меттах1оттор» (2019 шо) а цIерш йолу книгаш. И шиъ х1ора а дийнна талламан болх бу. 1818-чу шарахь инарла Ермоловс «Грозная» гIап йоьгIчахьана мел хилларг юкъалоцуш язйина ю и ши книга. Дуьххьарлерчу урамийн цIерш йовзуьйтуш, цигахь хиллачу адамийн дахар довзуьйтуш. Куьзганахь счо буьрсачу гIопера нохчийн мехкан коьртачу шахьаре Соьлжа-ГIала ерзар. ГIалех а, цуьнан зовкх дебийначу адамех а лаьцна дуьйцуш, яздархочо масалш даладо, йолчу таронца, яздийриг суьрташца кхала ницкъ кхочу. Иза къаьсттина мехала хета 2018-чу шарахь Нохчийн Республикин коьртачу шахьаран 200 шо кхочуш хилар дагадеача. Нохчийчоь а, цуьнан коьрта шахьар а яздархочунна чIогIа дукхаезаш хиларна къеггина тоьшалла ду иза. Цундела, Кусаев Iадизах «Нохчийчоьнан а, Соьлжа-ГIалин а Илланча» ала догIу. Соьлжа-ГIалига, цуьнан бахархошка болчу безаман цIаро хаддаза кийра багош ца хилча далур доцуш гIуллакхаш ду Iадиза динарш. Халкъана боккха пайда бу иза. Нохчийн къоман культурехь, литературехь, журналистикехь мах боцу беркат хилла дIахIоьттина цуьнан хьанал къинхьегам. Цуьнан лаккхара мах а хадош, Кусаев 1адизана техкина Нхочийн Республикан халкъан яздархо а, Нохчийн Республикан хьакъ волу журналист а, Нохчийн Республикан культуран хьакъ волу белхахо а боху еза ц1ерш

Дегайовхо лаьтта шен йозанашкахь тIаьххьара тIадам похIмечу яздархочо билла хIинца а дукха хан хиларх. Цундела кхиамийн зIаьнаршлахь шен 80 шаре вирзинчу яздархочуьнга ала лаьа: Веза-Воккхачу Дала оьмар яхйойла хьан, тхан лараме Iадиз. Ирсо хьоьстийла, кхолларaллин кхиамаша зазадаьккхина доьду хьан дахар. Диканаша дог хьоьстуш, марзоно шовкъе дог Iабош, кхолларaллин шовда ца лекъаш, дуккха а шерашкахь вехийла хьо!

*А.ГАЗИЕВА,*

*яздархо, журналист.*

## Хьалхара дакъа

### Нохчийн маттах байташ

XXX

Ши ирс ду нохчашна делла
Азаллехь дуьйна Вайн Далла:
Нохчийчоь – беза Даймохккий
Ша саннарг боцу Дайн моттий.

Ши жовх1ар Аллах1а делла,
Б1ешершкахь къоме ларделла:
Нохчийчоь - Нана-Даймохккий,
Хьекъалан хьаст - Нохчийн моттий.

Ши дог ду нохчочун кийрахь,
Детталуш буса я дийнахь:
Нохчийчоь – хьоме Даймохккий
Къомах къам ден – Ненан моттий!

### Нохчийн мотт

ХIун ю-те, дуьненна са дуьллуш чу,
Iуьйренца гIоттучу малхал а сирла?
Вайн дайша ларбина нохчийн мотт бу
ХIоранна безаш берг дукха шен сил а.

ХIун ю-те, лаьмнашкахь бух дуьйлучу
Шовданал цIена хIор нохчочун дена?
Азаллехь кхоьллина нохчийн мотт бу,
Цхьааллин аз хуьлий, шен дешнаш Iена.

ХIун ю-те, эшарца дог хьоьстучу
БIаьстенан зарзаран озал а зевне?
Вайн къоман дозалла нохчин мотт бу,
ЙоI-бIаьргал ларбеш, схьа беънарг вайн хене.

ХIун ю-те ша дашо беш ерг х1ор гу?
Евзинарг мокхазан т1улг а башийна?
Юха а вайн хаза нохчийн мотт бу,
Дуьххьара нохчашна Дала хазийна.

Х1ун ю-те барт бечу ницкъал а онда
Оза шен йозалла хир доцуш терза?
Вайн къоман сийлалла нохчийн мотт бу, –
ХIора а нохчочун са, бIаьрса, лерса!

**Ненан мотт**

ГIиргIизойн, казахийн махкахь шерш дохуш,
Хиира нохчашна \цхьааллин мах.
Юьртара юьрта некъ бан бакъо йоцуш
Хиллехь, къар ца лора вайн баккхий нах.

Мел хала къам дахарх, тоьххначохь доза,
Ловш кхойтта шарахь шен къен меттамотт,
Цу пана мехкашкахь Даймехкан озах
Бекна бу даима хьо, ненан мотт.

Ткъа шо хан туххушехь Сибрехахь ваца,
Бакъонза юьртара валахь некъ бан,
Воккханиг воьдура, луьйзуш шен Iаса,
Мичча а, шен нохчийн къомах нах ган.

Бехк боцуш хиллехь а Даймахках баьхна,
Мецачу деношна яйина чот,
Зераша ца каг беш, херехь нах баьхна,
Кханенах тешорна ахь, ненан мотт.

Хьаша тIе вовссинчу хIусме гуллора
Лулахой, кхаъ хуьлий, ца Iалуш цIахь,
Хьомечу даймехкан сурташ денлора,
Геланчийн хабаршка ладоьгIча ахь.

Хьекъалан да вара хIор къано царах,
Лардеш сий, гIиллакхаш, нохчочун ц1е.
Туьйране ладоьгIуш, сахиллалц Iара
Тхо, бераш, язъяларх г1ан-набарш т1е.

Хьан дезчу дешнашца тхо 1ама дора,
Ламаззий, до1ий дан, дилла салот.
Бехкамаш барх нохчий къар ма ца лора,
Миччахь а буьйцура хьо, ненан мотт.

Хьо хийла къизачу кхолламо зийна,
Сан къомо паналехь етташ шен йорт.
Цундела кхоьру со хьо барна, дийнахь
МIаьргонна хадахь хьан аз, ненан мотт.

## Сан къоман мотт

Даймахках ваькхина,
Ялх шо бен сайн дуьзна доцуш,
Сибреха д1авигча,
Ц1ерпошто ягар еш х1ор гулч, минот,
Шеконаш, бехкамаш
Бераллин дагчу ца лоцуш,
Тянь-Шанан лаьмнашкахь
Бекийра хьо, нохчийн мотт.

Нохчо вуй хаийтар
Кхераме хиллачу хенахь,
Хьо бийцар зуламца
Дуьстинчохь харц 1едало,

Дас элпаш яздина,
Г1ирг1изойн аренийн генахь,
Дешдакъойн з1енаш еш,
1амийра, нохчийн мотт, хьо.

Бихкина хьо болуш,
Нохчийн нах акхарой лоруш,
Емал беш, хьо байта,
Ца буьйцуш, хьайх хилла колд,
Хьехархо хиллачу
Дас дешнийн маь1на а дохуш,
Хьо 1амор сайн декхар
Лерина ас, нохчийн мотт.

Школашкахь 1амабар
Хьехор а эрначу хьерехь,
Вайн нохчийн киншкашка
Сатийсар хеттачохь г1ан,
1ожаллан, къизаллин,
Шелонан, мацаллин хьелехь,
Ахь ницкъ луш ца воха,
Лардира, нохчийн мотт, сий хьан.

Бохамийн хьелашкахь,
Хьо хала ларбина хилча,
Къар ца луш, дихкина
Х1орамма дагахь г1азот,
Нохчийн стаг тахана
Муха ша ца х1утту холча,
Ца хезча чохь-арахь
Зевне аз, хьан, нохчийн мотт.

## Хиндолчух дог лозу
(Поэма-лазам)

### 1. Хьалхара дош

Де дийне мел дели ю герга г1ерташ
Суна, сан доьзална вон тажцамгар.
И ца 1а вовшах д1а къастийна ярташ –
Доьхку цуо да-нанна шайн бераш гар.

Кхин х1ун ду дисинарг т1ех1отта вайна
Т1аьхь-т1аьхьа хууш верг Дела бен вац.
Кхерамо са лаьцна, синтем а байна,
Дог далхор бен соьгахь х1умма а дац.

Сайх яц сан ойланаш – чекх дер ду дахар,
Сан кхерам бер-берийн хиндолчух бу…
Кханенан баланех уьш хьалха дахар
Деле а доьхуш, со до1а деш ву!

### 2. Д1адолор

Ц1умолехь дуьненах хиндерг
Вайн Делехь дуй хуушехь,
Пал тасар бен цунах кхидерг
Хаа сайн ницкъ боцушшехь,
Ц1аьст-ц1ука хиндерг а билггал
Далла бен гуш доццушехь,
Лаьа, бозбуунча хилла,
Кхане ган цхьа м1аьргонехь

Дуьненан дахаран дог1а
Делехь хилар хуушехь
Лаьар-кха цига б1аьрг тоха
Кхетамехь суо воллушехь.

Х1инцале ц1а-ц1е а дуьтий,
Даьржаш ма ду адамаш…
Ткъа кхана муха хир ду-те?
Ирс хьоьгур я ловр баланаш?

Хуушехь – кханенан кхоллам
Карахь хилар Аллах1ан,
Лаьар-кха цуьнан д1ах1оттам
Ган, ойла еш т1аьхьенан.
Лаьар-кха ган цуьнан дахар
Ойланехь мукъане а:
Дахлур дуй-те сан ц1е яхар
Я йовр ю шен воцуш да?

Я хир ду де дийне дахар
Тахана санна дазлуш?
Я хир бу нах вовшах ийна,
Муьлхха а г1уллакх далуш?
Хиндолчун лаьа сурт х1отто.
Йо Дела, Ахь делахь г1о.
Цунах ву ч1ог1а саготта,
Цунах ву дог лозуш со!

Амма со теша, шек воцуш,
Т1аьхьенаш Ахь юьтур яц,
Дела, хьайн къинхетам боцуш –
Кхин вала да церан вац.
Адам суо хиларе терра,
Кхин а цхьаннах шеко сан яц:
Аллах1ан карахь ду дерриг,
Вайн карахь лаар бен дац.

3. Д1адолош дина до1а

Дела, тхуна хало хиъна
Некъаш лоьхуш Хьуна т1е,
Тхо Советийн махкахь кхиъна,
Цуо аьлларг деш дерриге.

Оха дина б1аьрзе некъаш,
Шениг хьоьхуш 1едало,
Хьо вац боху ойла хьекъош
Маркс-ленинан 1илмано.

Аьрру, аьтто аг1ор яккха
Цхьа г1улч бакъо яцара.
Ткъа хьайн ойла хилахь, т1аккха,
Емал а вой, лацара.

Динца къуьйсу 1илма хьаьхна
Жимчохь дуьйна школехь, ц1ахь,
Тхо Советийн махкахь даьхна,
Дела, тхуна гечделахь.

Дин халкъана ун ду бохуш,
Берийн б1оба еш цунах,
Коммунисташа, шек боцуш,
Тила бора берриг нах.

Къиза хьийзабора, лоьцуш,
Къаьсттина Хьан динан дай.
Дела, байнарш, лар а йоцуш,
Хьайн иманехь базбелахь.

Аьшпийн гезгамаша боьзна
Компартис шен заманахь,
Тхан цу юкъахь даха дезна.
Дела, тхуна гечде Ахь.

Октябрятийн, пионерийн
Кхии тхо тобанашкахь,
Жимчохь дуьйна 1ехий, кхерийн,
Къа ду бохуш ламаз дахь.

Комсомоле, парте дуьйлуш
Дуьне доцуш церан бен,
Даьхна тхо, дин дагахь къуйлуш,
Дела, тхуна Ахь гечде.

Зене лоруш, дихкинера
Нохчийн шира 1адаташ,
Нохчийн мотт а бех бинера,
Нохчийн духар, г1иллакхаш.

Балхахь, арахь нагахь олуш
Хезча нохчийн маттахь дош,
«Адамийн мотт бийца!» - бохуш,
К1оршаме дара хазош.

Т1ебаьхкина хьеший санна,
Бара нохчий шайн махкахь
Шайниг йоцуш ойла, г1ан а,
Дерриг КГБ-н 1уналлахь!

Амма ца хиллера дайна
Дерриге – де деара,
Б1аргхьалха ухкуш ерш санна,
Советаш д1а евлира.

Динна маршо елира,
1адаташ а къегира,
Хьан лаамца, Везан Дела,
Нохчийн парг1ат бевлира!

4

Де-дийне сагатдо ас цхьа ч1ог1а.
Сайх, сайн берех дац и сагатдар.
Со къанвелла, бераш девлла новкъа,
Дахчаделла, ду шайн дуьне гар.

Берийн берех бац сан синтем байна,
Ницкъ ма кхоччу лардо вонах уьш,
Дерриге до Дала делларг шайна,
Ламаз-марха цхьа а ца дуьтуш.

Сан сахьийза генарчу т1аьхьенах –
Берийн берийн берийн хиндолчух,
Ца хууш, х1ун хир ду-те цу хенахь?
Х1ун хир ду-те оха дитинчух?

Я Лаьтта т1ехь адам алсам даьлла,
Гатлур ду-те царна вайн дуьне?
Мозий санна, лийр бу-те мацалла?
Кхелхар бу-те сатуьйсуш хине?

Я дуьненаюкъарчу йовхоно
Яржор ю-те 1аьржа 1ожаллаш?
Я вайн хенахь санна, уьнийн воно
Дойур ду-те къиза адамаш?

Мехкан даьтта, газ, кхиерш чекх евлла,
Лекъар ю-те лаьттан маь1данаш?
Я бегийна мохк, я хиш т1едевлла,
Бешна Къилбседера шира шаш?

Я атоман ц1ергахь къиза догуш,
Х1аллак хир-те сиха ах дуьне,
Дассалур-те иза, дахар доцуш
Вайн исбаьхьчу нохчийн махкахь бен?

Я, ун санна, даьржаш долчу ц1озо,
Хал цадуьтуш, 1алам х1аллак деш,
Дохор дуьне, шена доцуш доза,
Лаьттах еса г1ум-аре а еш?

Кхин х1ун инзаречу бохамаша
Сеттор ю-те сан берийн т1аьхье?
Я ловр ю-те къоьлла пачхьалкхаша,
Яй ца кхехкаш, аьхка кхехкарх хье?

Х1инцале а Африкехь, Малхбалехь
1аь1на инзар дукха адамаш,
Миллионаш бу таханаъ балехь,
Тоьаш доцуш хиш я сурсаташ.

Т1емаша, цамгарша ч1ана даьхна,
Узарш деш дуккха а къаьмнаш ду,
Ц1ийнах-ц1арах бевлла, д1аса бахна,
Бала хьоьгуш церан векалш бу.

ООН-ан г1о массарна ца кхочу,
Массо а вац саг1анех вузуш,
Ду де-дийне г1уллакх вочу долуш,
Кхерстачеран сураш т1е юзуш.

Иштта хьал д1адодахь дезар ду-те
Къаьмнийн дерза т1улгийн б1ешаре?
Х1етахь санна, хало хьоьгур ю-те,
Безам байна балхе, дешаре?

Тахна санна, хир ду-техьа кханаъ
Цхьаберш бахамаша букъбина,
Къахьоьгушшехь, кхиберш бевлла ч1ана,
Кхача боцуш, дахар къахьдина?

Цхьаболчара дерриге чухьоькхуш,
Кхиберш х1умманан а боцуш дай?
Цхьаболчара элийн эшарш лоькхуш,
Кхечарах хуьлуш де доцу лай?

И хьал нисдан ницкъ кхочур бац цхьаннен
ООН-ан, ЕэСан я ПАСЕн.
Х1оьттина хьал нислур дац-кха данне,
Даим санна, Дела, хьоьга бен!

5

Б1ешо шо даьлча, муха хир ду дехаш
Нохчийчохь сан берийн берийн бераш?

Т1аьхь-т1аьхьа ас дукха ойла йо.
Суо къан ме ло, ч1ог1а сагатдо.

Роботаша массо хуьйцур ву-те?
Болх а боцуш адам дуьсур ду-те,

Дерриг дахар хуьлуш кхоллам зер,
Деш хир ду-те х1ор а нанас бер?

Меца хир-те церан 1уьйре-суьйре?
Екха хир-те церан б1аьсте, гуьйре?

Х1ун киртигаш х1уьттур ю уьш зен,
Г1о дан накъост воцуш Дела бен?

Хьийзор те, кхиале дахар доло,
Х1усамашна т1е еттачу йоло?

Са дукъдеш пачхьалкхан елаша?
Ц1а д1акхоллуш банкийн декхарша?

Хилчахьана пачхьалкхан хазна дебаш,
Ял мел яккхарх, 1едал ма дац 1ебаш

Керл-керла уьш лоьхуш, хьоьгу къа
Пачхьалкхо, цхьаннех ца хеташ къа,

Ял йоккхий те пачхьалкхо цу хьолехь,
Сада1арца чу узучу х1онах?

Дийнна дийнахь маьлхан йовхонах?
Беттасин, седарчийн серлонах?

Я кхераме ахчанаш дайделла,
Мел 1а1ийнарг инфляцис д1амелла,

Пенсеш йоцуш буьсур бу-те нах,
Х1ур а хилла дерриг ахчанах?

Яьржар ю те адмийн метта клонаш,
Адамашна ч1ог1а бале йовлуш,

Шайн г1уллакх деш, дуьхьало ца еш,
Ахча-бохча оьшуш доцу леш?

Царна оьшуш ца хиларна кхача,
Лахлур бу-те цуьнан барам кхана?

Девнаш даха бахьанаш кхуллуш,
Нах вовшашна мостаг1ий хуьлуш?

Т1аккха юхаъ, ц1ийнах-ц1арах къесташ,
Баьржар бу-те дукха меца кхерстарш?

Уьш вайн токхе йолчу Нохчийчу,
Дикане сатуьйсуш кхочур бу!

6

Къомо уьш т1е лоцур бу,
Ма лаццара, г1о деш ч1ог1а,
Ткъейиттолг1чу[1] шершкахь оха
Баьхкинарш вайн Нохчийчу.

Новкъахь юьтуш кешнийн ларш,
Гина йоцу самах, г1енах,
Мацалла а лайна генахь,
Дукха бара баьхкинарш.

Дукха дира пачхьалкхо,
И мацалла х1отто г1ерташ,
Колхозаш чу уьйзуш керташ,
Дуьхьало ешшехь халкъо.

Сихбелира, ницкъ а беш,
Комнисташ колхозаш кхолла.
Юьртахь ч1аг1деш керла лолла,
Набахтийн кеп царах еш.

Х1аллакбира беха нах,
Хьал хилар бен, кхин бехк боцуш,
Тоьпаш етташ, махках бохуш,
Цуьрг ца дуьтуш бахамах.

Бохуш, хено вина хьакъ
Сталинна лиира т1аккха
Техникаца хьалха яккха
Не1армачийн шен пачхьалкх.

[1] 1931-1933 шерш – Советийн Союзехь къиза мацалла х1оьттина хан.

Ткъа заводаш, фабрикаш
Х1иттош, керла ц1охьарш еза,
Ткъа и г1ирс Европехь эца,
Оьшу церан ахчанаш.

Кура бара цуьнан нах,
Вайн пачхьалкх ца езаш буьрса,
Ца бухкура цара г1ирсаш
Вайн Советийн ахчанах.

Ткъа Союзехь дацара
Царна дала церан ахча,
Юхалург а ца луш, дехча,
Ялта дохка дийзира.

Цу бахьанехь ярташкара,
Нуьцкъала чу лелхаш керта,
Чекисташа хьора ялта,
Буьртиг а ца бутура.

Т1аккха цхьанхьа д1агулдой,
Д1адахьа ницкъ боцуш, иза
Дахкадора наггахь къиза,
Эскаран ха х1оттадой.

Магош дара лацар, вер
Веанарг цунна т1екховда,
Хуьлийла и миска 1овдал,
Къано, зуда, жима бер.

Т1аьххьара, пачхьалкхан дас
Къобал дина ара долу,
Шел къизаниг хилла доцу
«Кха кенах долу Указ».

Цуо магий, цуьнгахь кхо кан
Карийнехь, чудоллар, дер а,
Кхойтта шо бен доцу бер а,
Хьекъал тоьънехь къола дан.

Наггахь мацалла ч1аг1ъян,
Пачхьалкхана декхар лорий,
Стоьлт1ера кхача д1ахьора,
Доьзал хууш делкъе ян!

Меца ярташ елира,
Ткъа бисинарш халла дийна,
Ца 1оххуш бала д1атийна,
Рицкъ лаха кех бевлира.

Нохчийчу а баьхкира
Россин «Дашочу ч1угера»,
Донбассера, Украйнера
Нах, мацаллах къаьхкина.

Царна тайра Нохчийчоь –
Нохчаша г1о дира царна,
Доцуш баркаллина, ц1арна,
Ца байтира доцуш доь.

Шайн г1о цараъ вайна дира,
Ц1а деш я берашна хьоьхуш,
Пхьалг1ахь, керташкахь къахьоьгуш
Говза, хьанал, даггара.

Нохчийчохь уьш бисира,
Шайн мохк бицбеш, даиманна,
Вайн мотт, г1иллакх, шайниг санна,
Хууш бераш кхиира.

Херш девлча, уьш нохчех ий,
Нохчочо оьрсийн йо1 ялош,
Украинцаша а балош
Нохчийн хаза мехкарий.

Тахна а ду вайн махкахь,
Ц1енна нохчий хилла, дехаш
Оьрсийн, украинцийн бераш,
Дозалла деш Нохчаллах.

7

Мел дукха ас ярх сайн ойланаш,
Суна хьалха кханенан сурт ца х1утту,
Б1останехьа йолу кескаш г1уьтту -
Тайп-тайпанчу шерийн оьланаш.

Муха хир ду дахар оцу генахь?
Мел лаарх а суна хуур дац,
Мел хьегарх, со цига кхочур вац,
Далла хьалха х1оьттина сайн хенахь.

Мел сатийсарх, хаа дац сан де,
Муха хир бу берийн берийн кхоллам:
Букъбийр бу-те корсамо сан х1оллам?
Дицлур ду-те каш сан х1етале?

Хир юй-техьа х1етахь т1аьхье вайн
Таханлерчу 1адаташца ехаш –
Охуш-оруш, кхиош доьзалш, бераш
Г1иллакхашца де-де-де-де-дайн?

Я хир ду-те, тахна Китайхь санна,
Цхьа бер бен ца магош доьзалехь?
Мел адам хир ду-те Лаьтта т1ехь?
Кхабалур вуй массо цунна цхьанна?

Тахана а ма ду адамаш,
Де дийне мел дели, алсам довлуш,
Ткъа Латта-м дац цхьа ге а совдолуш,
Х1оранна а кхача урдаш, кхаш.

Ткъа ширалле вай б1аьрг тоьхча генна,
Зама иштта сиха яцара,
Адамаш а кхуьуш дацара
М1аьргонехь эзарнаш, тахна санна.

Адамаллин хьалхарчу шершкахь,
Дуьххьарлера нах баьржачу хенахь,
Миллион хиллий-те дуьненахь,
Шайн бовхачу къилбен мехкашкахь?

Юккъерчу б1ешершкахь миллионаш
Нах хиллехь а жимлуш, дукха леш,
Ца девза ун даьржаш я т1ом беш,
Я т1ех1уьттуш дехна доцу вонаш.

Адамаш кхиаран ондда лард
Ткъаесналг1чу б1ешаро ма йилли:
Уьш, г1аш санна, дукха кхиъна, хили
Дерриге дуьненахь миллиард.

Цул т1аьхьа, т1ом я ун даржарх, дебаш,
Бича санна лаьттахоша барт,
Ткъолаг1чу б1ешархь ялх миллиард
Адам дара вайн дуьненахь дехаш.

Шо-шаре сов довлуш дебарехь,
Ткъе цхьолаг1чу б1ешархь бала хьоьгуш,
Массанхьа даьржина, напха лоьхуш,
Ворх1-ах миллиард ву Лаьтта т1ехь!

Мел хир бу нах, цхьа-ши б1ешо даьлча?
Итт-цхьайтта миллиард я сов?
Лаьттар ду-те царна юкъахь дов?
Теша хала ма ду, хир дац аьлча.

Т1аккха Китайхь я Африкехь санна,
Стиглахь, лаьттахь, хи чохь ерг юуш,
Уьш кхачийча, кхин кхача цу гуш,
Вовшийн коча г1ор-те адам кхана?

Берийн берийн кханене б1аьрг тоьхча,
Кхи цхьа х1ума сун б1аьрла го,
Вонах ларъеш Дала Нохчийчоь,
Цуо зуламех хьалха бохуш нохчий!

8
(Терцинаш)

…Т1ех1оьттича ткъешолг1а б1ешо,
Гуш дацахь а сайна, дика къаьсташ,
Амма, ойла юлий, хьаьжча го

Суна берийн берийн берийн васташ,
Иштта лерса дуьйлича ас сайн,
Халла хеза церан къора аьзнаш.

Амма цара дийцац дахарх шайн,
Со ларвеш я ца лууш дог дохо,
Я шайн дахар доцу дела дайн?

Лаьар-кха суо кхалхале б1аьрг тоха –
Цу дахаре. Муха хир ду и?
Цига кхачац ойла, сиха хиларх ч1ог1а.

Лаьттан ший а Лакхе ешна, хи
Х1уттур ду-те, аренаш д1ахьулъеш,
Адам, даха меттиг йоцуш кхин,

Хих ц1еначу мехкашка д1агулдеш?
Я и Азехь, Африкехь довр ду
Г1ум аренийн г1амарша д1ахудуш?

Европин аренаш шарйийр ю,
Малхбален а, Малхбузен а ярташ,
Адам даржош кхечу мехкаш чу.

Кхин кхерам бу стиглара т1ег1ерташ,
Х1аллакдан ницкъ болу дуьне к1айн,
Астероидийн т1улгаш, кометаш.

Я Космосан хьеший бог1ур, шайн
НЛО-ш б1аьрсинал сиха хоьхкуш,
Кара дерзош дерриг Латта вайн?..

Т1аккха шайн Лаьтта т1е т1еш а тоххуш,
Вайн т1аьхьенаш лолле юьгур ю,
Мацах неграш санна, д1аса лоьхкуш?..

Цу хьолехь а – теша со – хир ду
Цхьа латтанаш, шайн лаамехь дехаш.
Царна юкъахь Нохчийчоь гуш ву.

Дайн лаьмнашкахь, белхаш барх ца 1ебаш,
Шайн кхаш шордеш, басехь терхиш еш,
Напха доккхуш хир ду берийн бераш.

Къожалган-Дукъ хир ду ялтийн беш,
Даим санна, нохчийн хир ю йиш,
Саг1а дан, т1еэца меца берш.

Х1етахь а хир ма бу мисканиш,
Бохамаша ц1ийнах-ц1арах баьхна,
Латта даьгна я т1едевлла хиш.

Шаьш бузийча. бевлла, д1а ца бахна
Нохчех уьйр бу, уьш яьлча цхьа хан,
Доьзалш бина, делла, кхаш а аьхна.

Теша – каде йолу дика дан,
Махкахоша юьйцуш сий деш, лоруш,
Хир ю даим генна т1аьхье сан.

К1уса, 1адиз я Жабраил бохуш
Де-дайн сий деш ц1ераш тохкуш го
Цара божа бер дуьнен т1е долуш…

Сан ц1е еха. Синтеме ву со!

## 9
(Октаваш)

Берийн берийн берийн цу кханенах
Ойланаш сайн дукха ечу суна
Иза дуьхьал тесира цкъа г1енах,
Г1ум-аренехь бала хьоьгучунна,
Дегайовхо луш т1аьххьара, генахь
Стиглахь х1утту яйн б1аьрлаг1а санна.
Цхьацца сурташ дика б1аьрла гуш,
Цхьацца сурташ халла хаалуш.

Дуккха дара цигахь со цецваьлларг:
Дукха къаьмнаш д1адайна хиллера,
Бакъдеш хьалха цкъа ЮНЕСКО-с аьлларг.
Уггар хьалха церан мотт беллера,
Цивлизацис якъош дешнийн таьлланг,

1еса бевлла, г1о доцуш Делера.
Ткъа мотт белча, муьлхха а къам ле,
Цуьнца йойий башха амал шен.

Кхин цхьаъ дара суна башха хетта:
Наг-наггахь бен адам ца гора.
Массанхьа а тийна, нехан метта,
Компьютерша каде дерриг дора,
Тилпон буйнахь, уьйр-марзонаш хедда,
Шен цхьалхаллехь вехаш вара х1ор а.
Зударшкахь дайнера бераш дар,
Къонахашкахь – хи йисте эхар!

Кхин а дара сан дог дохош дера:
Лаьттахоша шайн саьхьаралла
Х1он озонан пардо дохийнера,
Космосан з1аьнаршна дуьхьло хилла
Х1инца даьржа дуьненахь д1овш церан,
Ницкъ болуш адамна хорам балла.
Цунна дара латта дакъалуш,
Дерригенах г1ум-аре хуьлуш.

Цхьа Нохчийчоь йисинера ша,
Лар еш вонах дедайн лаьмнашша.

10
(Пушкинан строфаш)

Адамийн кханенах дог лозуш
Ойланашкахь мукъне цига кхача,
Эх1, ма ч1ог1а ву-кха со лууш,
Хаа, муха хир ду дахар кхана.
Амма цига со мел дукха хьежарх,
Амма тептарш ас мел дукха дешарх,
Суна цигахь диканиг ца го,

Синтем бойу х1ор а б1аьрлаг1о.
Хьакхалур болу дела цу хенахь
Берриге дуьненан хиламаш,
Йойуш ц1ена дегайовхонаш,
Массарах а санна, сан т1аьхьенах.
Ца биллало соь хиндолче ког,
Цундела сан ч1ог1а лозу дог.

Дайшна г1енах ца гина лакхенаш
Йохур ю-те наха кхиарехь?
Дехар ду-те берийн берийн бераш
Малхо дагош долчу лаьтта т1ехь?
Я таронаш, хьелаш шордан г1ерташ,
Йохкур ю-те х1ордаш бухахь ярташ?
Я Лаьтта к1ел г1ур ду адамаш,
Цигахь х1иттош яккхий г1аланаш?
Я гатделча дина латта шена,
Цуьнах даьлла, адам г1ур ду-те,
Батта т1е я ц1ечу Марса т1е,
Некъаш далуш, уьш хиларх мел гена?
Я г1ур бу-те, къар а ца луш кхин,
Карадерзо латта Венерин?

Я доха деш динчу лаьмнийн кортош,
Церан т1улгаш, латта духкуш чу,
Африкан, Европин, Азин х1ордаш
Лаьттахоша дакъо дезар ду?
Т1аккха а ца тоахь шайна латта,
Дезар ду-те къаьмнаш т1амна г1атта?
Даим санна, вайн Европи чу
Афро-Азин къен нах баржар бу?
Цигахь кхуьу нах, зингатий санна,
Ша ц1оз санна, сутара уьш бу.
Х1аллак хир бу мохк, уьш баржаш чу,
Къонахий ца бовлахь орцах цунна.

Бусалба я керста – башхо яц.
Ц1озна шел а деза х1ума дац.

Г1овттур буй-те, даим ма г1овттарра,
Нохчий къиза ц1езаш х1аллакдан,
Дайша шираллехь ма эшабарра
Б1онаш м1амгалойн я Темаран?
Х1ун хир ду-те сан т1аьхьенах кхана?
Ц1оз а тоьлла, дахар г1ур-те 1ана?
Я лийр бу-те, Даймохк ларбеш шайн,
Г1иллакхаш весеташ лардеш дайн?
Эх1, хиндолче б1арг тоха м1аьргонехь,
Чкъурийн дахар ша ма-дарра ган,
Царна г1о я сайн хьехам бан,
Парг1ат ваьлла берий берийн гонехь.
Сингаттам ма ч1ог1а боьлла сох.
Хиндолчух ма буьрса лозу дог!

## 11
## Чаккхенан до1а

Юхаъ бах ас: кхана хинддерг
Хууш вац цхьа Дела бен.
Ойланаш еш, цига кхийдарг
Эрна хан йойуш ву шен.

Хаац муха, зама яьлча,
Хир ду дахар, Нохчийчохь.
Ас и дика хир ду аьлча,
Тешар вуй-те цхьа а сох?

Иза хала хир ду аьлла,
Шеконаш ян ваьлча со,
Бохуш, и стаг хьера ваьлла,
Къаьхкир вуй-те сох массо?

Х1оттахь нагахь кхана къемат,
Дуьне дала кечделла,
Лаьа Нохь пайхмаран кема
Вайн Нохчийчоь хуьлийла.

Лаьа – халонех ца къехкаш,
Ехаш хилар сайн т1аьхье,
1аьнан дорцехь еш а кхекаш,
Аьхка тевнехь кхехкаш хье.

Лаьа – х1аллак хиларх хийла
Къаммий, мохккий дуьненахь,
Ца леш, нохчийн къам дехийла
Даима шен лаьмнашкахь.

Лаьа – хуьлийла-кха дехаш,
Лардеш дин, дайн г1иллакхаш,
Берийн берийн берийн бераш,
Охуш дедайх дисна кхаш.

Дела шайна орцах волуш,
Т1ех1оьттича халалла,
Ехийла сан т1аьхье, лоруш
Даим еза Нохчалла.

Хилийталахь Нохчийчоьнах
Дела, Ахь Хьайн лерамца
Дерриг адам ларден вонах
Нохь пайхмаран доккха ц1а.

Йиш хилча м1аьргонехь х1отта
Кханене, бакъ дахар ган,
Хир вацара со саготта,
Дог лозур дацара сан!

12

Муха хир сан
Т1аьхьенан кхане.
Эр дац цхьаммаъ,
Суна ца ян вас.
Ала цунах
Я хьажа цу пане
Ницкъ болуш цхьа
Аллах1 а бен вац.

Ойланехь т1аьхьенийн
Кхане гар бен,
Соьга далур долуш
Х1уммаъ дац,
«Дала, кхуллуш,
Делла вайна рицдъ шен.
Са ма гатде,» -
Олура сан дас.

Бекрг 2015
Бекарг 2020

## Соьлжин дийцар

(Октавашкахь поэма)

1

Дийнахь я суьйренца улло вог1ий,
Леррина ладуг1у Соьлже ас.
Цкъацкъа дог1у иза, карзах долий,
Цкъацкъа оьху халла хезаш аз.
Цкъацкъа доьду зевне илли олий,
Шен тулг1енийн мерзаш керчош раз.

Цкъацкъа дуьйцу шира туьйранаш,
Дохуш шен б1ешерийн суьлхьанаш.

Вехха 1а со хуий хи йисте,
Цуо ша дуьйцуш, хаа лаьа суна:
«Алахь, Соьлжа, и хьан хаза ц1е
Маца, муха, хьан тиллина хьуна?
Х1унда дера наггахь долу т1е?
Х1унда хуьлу наггахь тийна лунал?»
Жоп ло Соьлжо: «Ала хала ду,
Ас ц1е лелон дукха зама ю.

Нанас бераш санна, ас т1елоьцу
Дуккха а хиш, сайн беха некъ беш.
Сан хих наха боккха пайда оьцу,
Сан хорша т1ехь яккхий ч1ингаш еш,
Сан хиш кхечу саьнгаршна чу хоьцу,
1абош ялтийн аре, стоьмийн беш.
Нохчийн коьрта синпха олу сох,
Сан дахарца боьзна бу хьан мохк».

2

Соьлжас кхид1а соьга дийци:
«Ушкорт ломахь дина ду.
Б1ешершкахь харш хийла хийци,
Суо кхачале Нохчийчу,
Лаьхьа санна, дукха хьийзи,
Эша ца луш тарх я гу.
Дуккха а хиламийн теш
Хилла со сайн некъаш деш.

Лиъна деса латта зен,
Аренашца шуьйра даьржаш,
1аламна ца дора зен,
Айса хедош ч1аьжнаш, аьрцнаш.

Шершкахь олхазарийн бен
Хезаш доцуш зевне аьзнаш.
Сан ц1ена хи мала дог1уш
Акхарой бен кхин са доцуш

Цкъа бодано 1аржъеш буьйса,
Таккха серла долуш де,
Гурахь дитташ довлуш куьйса,
Б1аьстенца г1а 1енаш т1е,
1аьно дорцаш хьийзош буьрса,
Доттуш аькено дуьне,
Д1аихира заманаш
Суна гале адамаш.

Цкъа даьхкира адамаш,
Сийна б1аьсте юккъе йолуш,
Юькъа хьун а хьокхуш, кхаш
Сан йистошна уллохь дохуш,
Сиха деш шайн г1уллакхаш,
Балхана пебеттарг воцуш,
Д1ах1иттийра цара ярташ,
Хуьйцуш сан 1аламан сурташ.

3

Ла ца луш нах бехаш маьрша,
Дуьйш-дерзош, бер-кер кхиош,
Нохчийн махкахь хийла баьржи
Половцийн, ц1арматийн б1ош,
Пченегаш, гуннаш 1аьржа,
Ярташ ягош, х1онс лахьош.
Хилла кхузахь м1амгалой,
Темара а хихки дой.

*/Автор юкъавалар:*
*Дукха бара нохчийн махка лестарш,*
*Х1ор цхьа нохчочунна пхиъ-ворх1-бархl.*
*Кхачалуш дацара къиза эскарш,*
*Нохчийн къомо уьш мел х1аллакдарх*
*Керлачу б1ахошца цара десташ,*
*Уьш скхуйлуш беллачеран ларх.*
*Ц1а-ц1е доцуш лелачу, ц1оз санна,*
*Нохчийн токхе мохк оьшура царна.*

*Инзар дукха дара церан дойш,*
*Нохчийн латта бергаша датийра,*
*Доца дара церан таррийн дош –*
*Хийла ярташ, ягийна, д1атийра,*
*Дайн х1усамийн кхерчахь ц1ерш д1айовш,*
*Кешнаш шордеш, хийла адам дийра.*
*Х1етахь аьлла хила а тарло:*
*Т1амо ца до бер. цуо и х1аллакдо!*

*Шайн амалца акхаройх ца къаьсташ*
*Бара кхуза богlу мостаг1ий:*
*Къен мотт, къора къаьхьа аьзнаш,*
*Т1аьхь – шаьш дабаг1дина ц1окарчий,*
*Адам керрол ц1армат, дера васташ,*
*Духаршна т1ехь – байинчеран ц1ий.*
*Амма ца кхерийра цара нохчий,*
*Уьш мелхо а къийсамаша бахчий!*

*Мостаг1ий д1ахьора замано,*
*Хи т1едаьлча кхоьхьу нехаш санна.*
*Цхьанхьа 1а ца буьтуш амало,*
*Даим кхерсташ беха, мехаш санна,*
*Рицкъ а латтош лаьтто, бежано,*
*Цхьанхьа сецча бала мегаш санна.*
*Нехан чоьтах бахар дара товш.*
*Цундела бай, т1аьхье йоцуш бовш!/*

4

*Соьлжа*:
Нохчий-м ца къарби цхьаммо,
Х1аллакбарх а к1ентий б1еннаш,
Делера бен доцуш г1о,
Ламчу баха, юттуш б1аьвнаш.
Бахара Темаран б1о,
Эша ца луш нохчийн лаьмнаш…
Юхаъ къеги т1еман су –
Росси яьржи Нохчийчу!

Ялхийтталг1чу б1ешархь и
Елира нохчашна бале.
Ткъесналг1чу б1ешархь йилли
Суна йистехь «Буьрса» г1ала,
Кхузткъа шархь сов т1емаш би,
Х1аллакдеш адамаш, 1алам.
Дели ах къам, еги керташ,
Биги йийсарш, дити чурташ.

Россин дагахь дерг хили,
Нохчийн къам цхьа ханна эшна.
Т1аккха махках дели и,
Пачхьалкхан ашпех а тешна.
Б1ешо даьлча, изза ди,
Б1ешерийн хьаг1 дага тесна.
Дукха лан шун къомо дезна,
Шух даим а сан дог лезна.

5

Ткъолаг1чу б1ешархь а 1ений
Деникинцийн эскарша комаьрша
Доьналлечу нохчийн к1ентийн ц1ий,
Нохчех леш бан, цкъа Нохчийчу баьржаш,

Октябран г1аттамехь а зий
Нохчашна сов дукхаезар маршо,
Дуьненна хаийти, т1емаш беш,
Нохчийн наха, шаьш хир доций леш!

Ткъолаг1чу б1ешархь коммунисташа
Дукха 1ений ц1ий, нах х1аллакбеш,
Синтем бойуш церан бахамаша,
Я кулак, я «халкъан мостаг1» веш.
Къиза хьийзи Делан мостаг1аша
Нохчийн къам а. Со, Соьлжа ду теш.
Ас а кхехьна нохчийн к1ентийн ц1ий,
Массанхьа даржош церан сий.

/*Авторан юкъавалар*:
*Хаьа, Соьлжа, хьуна хала дуй*
*Чекисташа кхузахь динарг дийца.*
*Коьртахь хилчахьана нохчийн куй,*
*Бехк карабеш, хийла нах д1алийци,*
*Тоьпаш етташ, бойуш, дегий суй,*
*Хьан тулгенаш ал йи нохчийн ц1ийца.*
*Хьалхе леца терахь х1оттадой,*
*Лоьцура бехк боцурш, бехке бой.*

*Дайа г1ерташ санна къоман эс,*
*Хийла нохчий байи, лар а йоцуш,*
*Цкъа колхозаш йоххуш КГБес,*
*Жимма хьал дерг махках воккхуш, лоцуш.*
*Т1аккха доьхкуш лелор чалба, пес,*
*Молланаш, хьаьжой а меттах бохуш.*
*Хийла нохчо каш доцуш вайи -:*
*Кхо процент сов вайн къам х1аллакди.*

*Амма къар ца лора нохчий атта:*
*Хийлазза хилира г1аттамаш.*
*Хийла дегадора нохчийн латта,*
*Етташ яккхий тоьпаш, бомбанаш.*
*Сихлора Ц1ен 1едал вайн чу татта*
*Эскарш, къиза дайа адамаш,*
*Бохуш вайца воцург, мостаг1 ву,*
*Ткъа мостаг1ий байар сийлахь ду!/*

6

*Соьлжа:*
Чекх долуш ша ткъолаг1а б1ешо,
Советийн Союз а 1ана яхча,
Бозуш боцчу мехкийн шорлуш го,
Пхийтта пачхьалкх ша-ша яха хиъча,
Яккха шайн дай хьегна парг1ато
Сихбелира кхиберш санна, нохчий,
Тешна, аьлча Россин куьйгалло,
Ма яххьало д1ахьо парг1ато

Амма уьш хиллера деса дешнаш:
Пачхьалкх кхолла нохчий буьйлалуш,
Чу теттира Россис эскарш дезнаш,
Нохчийчоьнах яла ца лууш.
Маршо езна кхиболу а мехкаш,
Масал эцна, г1овтта ца кхуьуш.
Къуьйсуш яра нохчийн ма1данаш,
Леш дара бехк боцу адамаш…

*/Автор юкъавалар:*
*Итт шарахь сов кхихкира т1емаш,*
*Итт шарахь сов нохчий т1амца зийра.*
*Даьржира дуьненахь адамаш.*
*Хийла нохчо, ницкъ а беш, хьийзийра.*

*Дог1а санна, т1е1енадеш даш*
*Ши б1е эзар жима-воккха вийра.*
*Аьрзун м1арийн лоллехь ижу санна,*
*Нохчийчоь д1атийра к1еззиг ханна.*

*Ичкериъ хилира аьшпийн ц1а,*
*Къечарна беш сонта хьехамаш:*
*«Борз елахь, ка тоха, яцахь – са»,*
*«Гулбе хьамц, е т1ерган пазаташ»,*
*«Дехаш хир ду, новкъахь деши гича,*
*Схьаэца ца дешаш адамаш»,*
*«1о х1усамехь дашо краник хир ю,*
*Цу чуьра эмкалан шура мийр ю!»*

*Амма аьшпех ца бузура къен нах –*
*Багахь дина х1оаш кхарзалац.*
*Тешам байна, тарлуш вочу г1енах,*
*Яйра д1а ма ярра малхехь к1ац*
*Б1аьрлаг1а Ичкери. Боьхна бенах,*
*Баьччаш бевди – церан лар а яц…*
*Керачу баьччаша бехира*
*Хьалха нохчий берриш лечуьра!/*

7

Халкъан дийцархочо санна, хилларш
Соьлжо эсехь дуккха а лардо,
Б1ешерийн йохаллехь шена гинарш,
Улло веъча соьга дуьйцу цо.
Ма дукха хе д1ахьо хир ду дийцарш,
Ца ваьлла шех д1акаъастича со.
Хин дийцаршкахь дукха хаало.
Со ву синтеме ладрг1архо.

Цхьа аг1о гуш даима, цхьа г1ан,
Хьайн некъ беш, уьш аьтто боцуш хийца,
Уьшал хилла, ахь яьккхинехь хан,
Мал я бутт бен ца болуш чу лийча,
Иштта дукха хир дацара хьан,
Соьлжа, тахна адамашка дийца.
Кхин а дукха эсехь 1а1ош денна,
Хир ду хьан, хи, дийца тхан т1аьхьнна.

Цхьа дитташ бен чу ца хьоьжуш, сецна
1ийнехь цхьанхьа хилла колд я 1ам,
Керла мехкаш, 1аламаш ган лиъна,
Ца даьллехь хьо новкъа, буьтуш лам,
Иштта дукха хир дацара хиъна,
Х1ай Соьлжа, хьо хесто нохчийн къам.
Хьалха эхар, Соьлжа, дахар ду хьан.
Ма лакъалахь цкъа а хьо тхан дуьхьа!

2020 шо, оханан-
асаран беттанаш

# 1аламан сурташ



Соьлжи йистехь

1

Соьлжи йистехь сарахь тийна ду
Олхазарийн зов бен хезаш доцуш,
Тайп-тайпана зевне эшарш ю,
Цхьаъ вукхунах тера ца йог1уш.

Вовшийн хуьйцуш, аьзнаш декадо,
Цхьамма дахдеш, доцца хадош цхьамма.
Илланчийн йоккхачу тобано
1аламан цхьа илли олуш санна.

Соьлжин шур-шур цхьа меллаша ду,
Долуш санна ша набарна хьег1аш…
И м1аьргонаш суна еза ю,
1а со тийна 1алам герга хеташ.

2

Геннара схьадог1у Соьлжа сетташ,
Ша хьех санна, лаьмнех хьаьрчина.
Хийла 1а со цуьнга б1арг а бетташ,
Ойланаша йийсар а вина.

Цо шур-шур деш суна дукха дуьйцу
Аренийн я лаьмнийн туьйранаш.
Уьш ма дарра д1аяздан сатуьйсу,
Лоьхуш дикчу дешнийн уьйранаш.

Цкъа цо Х1ирийчоьнах суна дуьйцу,
Т1аккха Г1алг1ачоьнан аренех,
Дозаллица Нохчийчоь а юьйцу
Доттаг1аллин з1е а хилла шех.

3

Дог1анаша дестийча цхьа ханна,
Цкъацкъа г1ерг1аш дог1у, Соьлжа, хьо.
Цкъацкъа ч1ог1а тийна дог1уш го,
Дахка лаца тебна цициг санна.

М1аьргонна а ца сацалуш г1анна,
Цкъацкъа, г1овг1а йоккхий, дог1у хьо,
Цкъацкъа ч1ог1а тийна дог1уш го,
Ижунна д1атийна цхьогал санна.

4

Масех дийнахь дог1а дилхира,
Чахчар санна, стиглара чу 1енаш.
Соьлжо бердех вон ка йиттира,
Керчош тархаш, херцош дитташ, ц1енош.

Ма дукха хиллера мархийн хи,
Кхача ца луш, уьш мел тийжаш елхарх.

Мичахь мелла хилла цара и,
Цкъа, дагахь а доцу, х1иттош белхарш?

Х1ор а шарахь туху ц1инг Соьлжо,
Ахкаша, 1авраша дуьзчи ханна…
Шега Дала дойтург бен ца до
1аламо а, адамаша санна.

## 5. Аьрха амал

Цкъа асаран баттахь доккха дог1а,
Мархаш яссош, ч1ог1а 1ена доьлча,
Вампал санна, дистира хьо, Соьлжа,
Ша бер санна, даим хилла лоха.

Хийла нахе г1ийла ойла йойтуш,
Акха дой санна, тулг1енаш йоьжна,
Цхьа дарделла деара хьо, Соьлжа,
Нах цец баьхна, аьрха амал гойтуш.

1аламан ц1енанча волуш санна,
Нехаш йохьуш, дитт, мур доьлла, доьжна,
Ма оьг1азе деара хьо, Соьлжа,
Инзар реза доцуш санна цхьанна.

## 6.1уьренца

Малх г1аттарца, з1аьнарш 1енош,
Тхин седарчийн жовх1арш къегош,
Даим дека дуьйлало,
Г1оттуш долу 1алам хаздеш,
Корехь олхазарийн аьзнаш,
Хьалххе сам воккхуш со.

Де г1аттарца, йовхо дебош,
Массеран а дегнаш делош,
Корехь хаза дуьйлало
Олхазарийн зевне аьзнаш,
Х1ор шен башхаллица къаьсташ,
Хьалххе ара воккхуш со.

## 7.Доккха дог1а

Х1утосурган баттахь деара
Инзар доккха дог1а, стигла къекъаш,
Дуьне 1адош ткъесаш деттара,
Стелахаьштигаш а сирла къегаш.

Эх1, ма ц1ена ц1андира цо х1о,
Аьхналлица буьзира х1ор кийра!
Хьалхара стела1ад 1аламо,
Къорза нартол санна, д1ах1оттийра.

## 8-9. Хьунхахь

1

Хьунхахь латта х1инцаъ т1уьна ду.
Лайн к1айдаргаш. Т1улгашна т1ехь – корсам.
Х1инца а чекхбала гена бу
1а-б1аьстенна юкъахь болу къовсам.

Дехачу 1ай дахкаделла г1аш,
Къанделлачу диттийн дахар хеда.
Амма х1инцалеъ лайн зезагаш,
Шайх ца тешаш, г1ийла хьала къеда.

Амма х1инцаъ генна чекх са гун
Шена шелоно мел барх а хьовзам,
Соьналло кхолур ю кеста хьун,
1а-б1аьстенан чекх а боккхуш къовсам.

2

Адамийн гуламех тера ю хьаннаш
Д1огахь к1айн г1абали а юьйхина,
Баьццара гуьлмаьнда тиллина,
Ловзарна кечделла нускал санна,
Лаьтта к1айн дакх, дег1 а нисдина,
Уллохь к1айн тал, йоь1ан доттаг1 санна.

Д1огахь лаьтта, къарлур доцуш анна,
Ал-боьмаша г1овтал юьйхина,
Баьццара башлакх а хьарчийна,
Куьце, оьзда нохчийн къонах санна,
Кура поп, шен дег1 а нисдина,
Уллохь – лекха муш, ша доттаг1 санна.

Зама ярлах, къарлур боцуш ханна,
Б1ешеркахь шен бетталуш синпха,
Лаьтта, дег1 нисдина, онда пха,
Туьйранера наьрт-аьрстахо санна,
Уллохь наж бу боьлакан деш ха,
Доьзал ларбеш волу дада санна.

Вампал диттийн генийн т1емаш к1еллахь
Синтеме ю кхуьуш хьармакаш,
Элхамчаш, ц1ен кхезарш, муьстаргаш,
1аламо х1оранна шен бос белла.
Генахь йоццуш, кхуьу ч1иг1арг1аш,
Иллешкахь хестийна коканаш.

Тахана мах хадалур бац цхьанна,
Мел воккха да хиларх хьекъалан,
Исбаьхаллин вайн нохчийн хьуьнан,
Хаза йолчу ялсманин беш санна.
Говза хилла, Дела, куьйгаш хьан,
Дукха хилла басарш 1аламан!

## 10. Хьокхург

Басехь к1агчохь 1аь1на хи
Бецаш юккъехь къегаш гой,
Хьокхурган г1ах чами бой,
Бераллехь муьйлура и,
Дийнахь левзина, хьагвелча,
Мазал мерза хеташ, мелча.

Наггахь басахь жимчу к1агчохь,
1ийдалун хи 1а1адой,
Гонд1а лаьттах сунт а дой,
Хьокх ца хилча, канаш чохь,
Жимчохь муьйлура и оха,
Дийнахь ловзий, хьаглой ч1ог1а.

Муьйлура и гуттара,
Мерза хеташ муттанал.

## 11. Аттйокх

Цо дуьйцург даим а ц1ена бакъ лоруш,
Б1аьстенца аттйокхе доьхура наха:
«Алахьа, олхазар, дуьнент1е дохуш,
Дала мел елла-те хан тхуна даха»

Ас а сайн бераллехь хийлазза дехна
Аттйокхе сайн оьмарх бакъдерг схьаалар.
Ас цуьнан жоьпашкахь диканиг лехна,
Дахдала лууш сайн дуьненахь вахар.

Аттйокхо дехарна даим жоп лора,
Мел генахь хиларх ша, суна схьахеззарг,

Цкъацкъа цо дуккха а шерш дагардора,
Цкъацкъа цо лора уьш суна цхьа кеззиг.

Сайна ца хуушехь и муха хир ду –
Дезар ду зовкх хьега, я лан сов бала,
Я миска хир ву со, я ирсе хир ву,
Х1етте а ма ч1ог1а лаьар-кха ваха.

Маца и бакъ ю, ца хаьара суна,
Хетарехь бакъ хилла дахар луш деха…
Баркалла баларна, Йо Дела, хьуна
Аттйокхан озаца суна некъ беха.

## 12. Хетарехь

Хетарехь т1аьххьара суна малх къега,
Хетарехь т1аьххьара аьхке ю сан.
Х1ора де ду суна цхьа беттан меха,
Далла луш дерг дахар кхин а дахдан.

Асран батто нах шайн кхаш т1е боху,
1ай еш шайн кхеххкийта, кечамаш бан.
Лулахой санна, соъ сайн беша волу –
Лаьтта т1ехь дечуьнга безам бу сан.

Аьхкенца т1алам бо ас х1ора г1ан а,
Ца хьулдо зезагех суо воккхавер.
1аламе, ца 1ебаш, хьоьжу, бер санна,
Ца к1ордош даймехкан хазалла зер.

Исбахьа 1алам вайн аьхкенан дийнахь
Тамаш бу эхартехь суна кхин гахь,
Къематан дийнахь, вайн Далла магийна,
Ялсманин беша со д1а ца вигахь.

## 13. Аьхкенца

Аьхке. Байт1ехь бертал вижина,
1а со, голаш т1е а тевжина.
Кийра бузу лаьмнийн ц1енчу х1оно,
Аганан йиш лоькхуш, теххадо
Бецийн ага мелачу махо,
1индаг1а ло суна диттийн гоно.

Зезагаша басе къарзйина,
Бераш санна, б1аьргаш къарзийна,
Соьгий, стиглий, цец а дуьйлуш, хьоьжу
Петаматаш, ч1ег1ардиган к1аш,
Ц1енлергаш, тухтатеш, тобалкхаш…
Къорза беснаш – ал-ц1ен, к1айн я можа.

Гена йоццуш лаьтта юькъа хьун,
Ломан басахь хьала-охьа гун.
К1айн акхтаргаш, ц1ен маьлказаш, хьехаш
Пепнаш, нежнаш, маххаш, 1андаг1аш,
Доьраз1аьмнаш, стевнаш а, муьргаш
Лаьтта тевнехь, набарна а хьег1аш.

Ломах хьийзаш, стигла боьду некъ,
З1аьнбуц санна, хьерчаш басенех.
Хоти йистехь тийна кхораш, хьамцаш,
Муьшнаш, кхезарш хьуьйсу хьуьллара.
Зевне декаш хеза хьуьнхара
Олхазарийн тайп-тайпана аьзнаш.

Туй ца тосуш, хьаьжча лаьмнаш чу,
Б1аьрг хиллал, исбаьхьа 1алам ду.
Ца кхоьру со иштта кхин хиларна….
Ас даим а дина дозалла,
Везчу Далла баьхна баркалла,
Нохчийчохь дуьнен т1е Цо ваккхарна.

## Нохчийн беттанаш



1. Б1аьсте

Схьакхечи, бай сенбеш, б1аьсте,
Шелонах латта д1акъасти.
Зевне бу бекарган бутт,
Т1едухуш соьналлин хутт.

«Ахархо, сихо е», - олий,
Зазанца аренаш кхолий,
Схьакхочу оханан бутт,
Хаздина Даймехкан сурт.

Зезагаш массанхьа къегош,
Дахаран рицкъанаш дебош,
Кхочур бу х1утосург бутт,
Ма барра къорза х1уттут.

## 2. Бекарг бутт

Бекарг бутт схьа кхечи,
Човкарчий ц1а кхечи
Каде, г1овг1ане.
Т1емаш т1ехь вайн ара
Б1аьсте еа цара,
Хуьйцуш вайн дуьне.

Ч1ингаш сама йохуш,
Хиша хершнаш дохуш,
Беа бекарг бутт.
Ч1ег1агийн го бенаш,
Етташ ю, ца 1ебаш,
Диттех з1ок х1уттут.

Хьозарчаша зевне
Дов до доцу зене,
Малхе кхийда буц.
Малхо йовхо 1енош,
Серла дохуш денош,
Боьду бекарг бутт.

Зезаго, тхин б1аьрхиш
1енош, доьллу б1аьргаш
Хуьйцуш лаьттан сурт.
Бераш ирсе делош,
Церан аьзнаш декош,
Кхечи бекарг бутт.

## 3.Оханан бутт

Арена, бешана, байна
Къорза духар луш цхьа тайна,
Бутт т1ех1оьтти оханан.

Шайн чот йоцу патарш лелха,
Наггахь стигла сихло елха -
1авраш хьолху дог1анан.

Массо бешахь дуьжу к1айн ло,
Кхорийн, 1ежийн дитташ к1айло
Дохко даьлча санна 1а,
Юхаъ лайн оьланаш х1иттош,
Зазанийн к1ай х1ур а г1иттош,
Хета, кхечи сиха схьа.

Г1араг1улеш ц1ехьа йоьрзу,
Шаьш йина меттигаш хоьржу,
Керла шайн т1аьхье кхио.
Херхца аннийн жуьйраш 1енош,
Бераша цхьа хаза ц1енош
Алкханчашна дайшца до.

Дахло акхтаргийн к1айн кенаш,
Латта к1айдо, охьа 1енаш,
Хьожа етта огаран.
Иштта исбаьхьа васт оьций,
Хаздо, маьлхан йовхо лоьций,
Дуьне батто оханан.

Б1ал карчабо, латта охку,
Лаьмнийн дежийлашка лохку
Уьстаг1ий, дарсто цигахь
Цхьанга-м дехха кхойкуш г1ийла,
Ч1об а хеза буса хийла
Мелчу оханан баттахь.

4. Х1утосу бутт

Ша куз санна, хаздеш 1алам,
Даржош бецийн дуькъа хут,
Беа х1ор а юьрта, г1ала
Х1утосург шех олу бутт.

Баьццара вертанаш санна,
Лаьмнаша т1е кхоьллина,
Лаьтта нохчийн юькъа хьаннаш,
Малх цецбоккхуш, шаьш гина.

Сихло к1орнеш яха ч1евнаш,
Кхидолу а хьозарчий.
Дог1ано дуьлу г1аш, тхевнаш
1енош т1адмаш-седарчий.

Кегийчу четарех тера
Баппийн к1айн дайн х1у махо,
Церан жимчу кортош т1ера
Х1аваэхь д1а даржадо.

Дургал лехьош, накхармозий
Кхочу арахь массанхьа,
Т1аккха мазца накхарш дузий,
Комаьрша ло вайна схьа.

Хилийта токхе вайн дахар,
Кхио лаьттан муьйлуш мутт,
Ялта д1адоь сиха наха
Т1екхаьчча х1утосу бутт.

Адмаш ирсе гонд1а хьуйсу,
Дохло х1инца сихха де.
Цундела кест-кеста х1уьйшу
Нах мелачу 1индаг1е.

Накъост лехна ч1об д1атийна,
Карролац ца аьлла къурд.
Хазло духар духий сийна
Зевне х1утосурган бутт.

## 5. Асаран бутт

Лаьттан аьхна мутт д1ахуддал,
Кхиъна хьаьжк1ийн г1одмаш ду,
Г1абакхаша хецна хуталш,
Кхоьш а шайн дег1 доккхуш ю.

Х1утосурган баттахь йийна
Хохийн кегий ц1оьмалгаш,
Денъелла, д1ахецна сийна
Деха дуткъа цхьамзанаш.

Мажлуш йог1у к1енан, мекхан,
Сулин андий хелигаш,
Кхуллуш токхе нохчийн мехкан,
Даккхий дедеш адамаш.

Кхуьу сиха, царца къуьйсуш
Луьста бецаш асаран –
Ара бовлу нах, г1ирс тусуш,
Т1ееъча цел туху хан.

Асарх маьрша даха ялташ,
Лардеш х1ор г1ад, хал я кан,
Ара довлу адмаш, ярташ –
Д1абоьду бутт асаран.

## 6. Мангалан бутт

Кхуьу, гоьллел лакха йолий,
Аренашкахь юькъа буц.

Докъарна комаьрша болий,
Схьа кхочу мангалан бутт.

Хьийкъина ю аьхка цана,
Бецаш хьакха кхаьчна хан,
Мангалш ирбой, волу ара
Массоъ баттахь мангалан.

Арахь элийн раьг1наш х1уьтту,
Д1аюттуш якъийна буц,
1ам кхехкаш санна,1аь г1уьтту -
Тевне бу мангалан бутт.

Юха а кхуьур ю цана,
Кхин а юькъа, луьста кхин…
Иштта хилла, хир ду кхана –
1аламан 1едал ду и.

**Туьйранаш**

1.К1айн туьйра. 1а

Шен дайн т1емаш шуьйра
Дaржош, дижош луо,
Схьакхочу к1айн туьйра –
Зевне Керла шо.

К1айн верта т1екхуллий,
Хохку дорцан дин,
Шан шера т1ай туллий
Лаг1до болар хин.

Хи т1ехь яйн 1аь техка,
Кхехкаш санна и.
Шайн салазаш хехка
Бераш сихдели.

Буса стиглахь даьржа
Луо к1айн седарчийн,
Дийнахь го комаьрша -
Жов1арш лайн чимийн

Самукъне ду аьзнаш,
Даздеш Керла шо,
Г1ур-Дадас, Лайн-Аьзнис
Шайн совг1аташ ло.

Кхочу х1ора керта
Ков ца доьллуш д1а,
Т1екхуллий к1айн верта,
Дорцан динахь 1а.

Ч1аг1ъеш адмийн уьйраш,
Шорбеш берийн гуо,
Кхочу схьа к1айн туьйра –
Жима Керла шо!

2. Баьццара туьйра. Б1аьсте

Бер санна, гуш когаш1уьйра
Ловзаеш маьлхан з1аьнарш
Схьакхечи баьццара туьйра,
Б1аьстенан к1ай-сийна туьйра,
Лаьттара г1иттош 1аьнарш

Туьркийн а, хьечийн а, баьллийн
Дитташна т1е дижадо.
Моттуьйтуш 1а дохко даьлла,
Бекарган мелчу батто
Б1аьстенан к1айн заза-ло

Бекаргехь сихло шен новкъа,
Чекхдаьллий хоуьйтуш 1а,
Гуьйренца д1аяхна човка
Схьакхача Нохчийчу ц1а,
Ша йинчу Нохчийчу схьа.

Оханан баттахь к1айн таьллийн
Пух1 мехаша хьовзадо,
Кемсо а хоьцу шен таьллинг,
Кхорашна, 1ежашна ло
Б1аьстенан ца деша луо.

Х1утосург бутт кхаьчча юьрта
Аьхкинчу шайн бошмашкахь
Д1адоь тайп-тайпана ялта.
Схьагулдой иза гурахь,
Хьега зовкх дийнна шарахь

Б1аьстенан баьццара туьйра
Ду дега йовхонаш луш
Х1оранна елаеш 1уьйре,
Х1оранна екхаеш суьйре,
Дикнаш бен г1енаш ца гуш!

3. Къорза туьйра. Аьхке

Къорза зезагаш т1е1аьнна
Можа, сийна, ц1ен, ал, к1айн,
Нохчийн ц1ен истангаш санна,
Хазъелла х1ор хоти, бай.
Стоьмех юьзна х1ор а беш
Ц1азамех – хьаннаш, басеш.
Къорза туьйра 1аламан
Хаздеш бу бутт асаран.

Кхуьу олхазарийн к1орнеш
Говза динчу бенаш чохь,
Юург йоьхуш, и ца к1ордош,
Дай-наношка бетташ мохь.
Т1ам т1е х1уьтту, шайн ницкъ зуьйш,
Бераш санна, аьрха уьш.
Къорза туьйра аьхкенан
Тевне бутт бу товбецан.

Наггахь доккха дог1а доьлху,
Стигалан т1ех буьзча кад.
Мархаш анайисте йолху,
Цигахь х1оттош стела1ад.
Ченах ц1андой, 1аламо
Х1ор а хелиг къагадо.
Хих ца 1ебаш, мел барх къурд,
Бу аьхкенан хьаьттан бутт.

Къега маьлхан дашо уьйраг,
1енош инзар йовха з1аьнарш.
Догуш санна къорза туьйра,
Лаьтта т1ера г1уьтту 1аьнарш.
Дохделча, дахделла, де,
Массо сихло салкхане.
Хазъеш х1ор аре, беш, гу
Къорза туьйра аьхке ю.

4. Дашо туьйра. Гуьйре

Кхелина дешица дитташ,
Маждина дерриг дуьне,
Схьакхечи гуьйре, ца йицъеш
Я шен раг1, я зама а шен.

И бос д1о азалехь дуьйна
Хуьлуш бу вайн 1аламан,

Гуьйренах деш дашо туьйра,
Б1аьрг белош х1ор адаман.

Хинйолчу шелоно човхош,
Жатташца, я деш мог1арш,
Аьзнашца шайн бала балхош,
Д1адоьлху цхьа олхазарш.

Къилбехьа ду некъаш деха
Цхьадолчу олхазарийн.
Амма шаьш динначохь деха
Кхокхий, къийгаш, хьозарчий.

Шелонах ца кхоьру куьйра,
Аьрзу а шен ломахь 1а,
Хуушехь, и дашо туьйра
Хуьйцуш, схьакхочур дуй 1а.

Хьаьжк1аш д1ахьакхарца, бешахь
Х1иттийна литтанаш го,
Дашочу кенех х1ор кертахь
Бузу дайх бисина до.

Хьаннашкахь стоьмаш лахьор бу -
Хьаьмцаш, ц1ен муьстаргаш, стеш…
Мехаша дехха ловзор ду
Сеаларийн дато теш.

Оьгур ду, ерзаеш гуьйре,
Дашо г1аш, шайх хилла г1ан…
Чекх дер ду ц1ен-дашо туьйра,
Шен хеннахь юхаъ схьа дан.

2020 шо,
кхолламан-мангалан
беттанаш.

## Цамгаран йийсарехь

1

Дерриг дуьне ч1ог1а бале лоцуш,
Б1аьрсина, хьежарх, ца лаца лун,
Шена дуьхьало ян цхьа сунт доцуш,
Массанхьа даьржина керла ун.

Цкъа дуьххьара гучудаьлча генахь,
Моьттара ницкъ хир бац вайга дан,
Хетара цхьа герггарачу хенахь
Оьшур дац вайн махко бала лан.

Нах д1ахьокхуш, мангало буц санна,
Генахь гича ковидан уьно,
Моьттара ду и к1езигчу ханна,
Хетара зен доккха дийр дац цо.

Ун-м сиха, ша эладитта санна,
Д1аса даьржи дерриг дуьненахь.
Цуьнан дакъа кхечи-кха массарна,
Х1орамма лан дийзи уьнан къахь.

Хьалха санна, вовшашца сакъера,
Саламна куьг кховдо бахьац нах,
Туьтмаьжгаш лелош ву къона-къена –
Кхеравелла х1ор а ковидах.

Цхьамма-м эли соьга: «Шек ма вала,
Цамгар леташ яц бусулбанах,
Шена муьт1ахь болу дела Дала
Нохчий хьалха боху баланах».

Ас хаьттича: «Х1унда яьржа цамгар
Бусулбанан 1аьрбийн а махкахь?»

Жоп а доцуш дисира сан хаттар,
Тамаша бу цунна жоп хилахь.

Шен боламехь, кхоьссина топ йоцуш,
Яккхаели Нохчийчоь уьне…
Ванах, дуьхьал чинг х1отто ницкъ боцуш,
Къардийр-м дац-те цо дерриг дуьне?

2

Когех буржалш тоьхча санна,
Д1аса валар дихкина,
Со сайн х1усамехь цхьа ханна
Тутмакх цамгаро вина.

Масаргахь а хьал ду изза –
Адамашкахь, мехкашкахь.
Массанхьа яьржина къиза
Ковидан 1ожаллен къахь.

Сацаур ю, бохуш, дуьйцу,
Верзахь х1ор шен х1усаме,
Ч1ог1а хорамма сатуйсу
Цамгар шех т1ехъяларе.

Массанхьа а цуьнца къуьйсу,
Массо а ву кхерамехь…
Воккха волчу ас сатуьйсу
Кхин а ваха доьзалехь!

3

Керла цамгар ч1ог1а ловза яьлла,
Дарбанийн ц1ахь лоьраш к1адбина.
Т1аьххар дош хийламма а аьлла,
Хийланна цо дахар къахьдина.

Тажцамгаран кхерам ц1ийх бахна.
Ерриге ойланаш лаьцна цо.
Бераша ловзоргийн яххьаш тахна
Туьтмаьжгашца ондда къовлуш го.

4

Ямарте ю бохуш, юьйцу
И тажцамгар лоьраша.
Я цара шайн кхерам туьйсу?
Я цо иштта лоьру ша?

5

Массо къаьмнаш, дерриг мехкаш
Хьере дина цамгаро.
Диъна ца 1аш адмийн пехкаш,
Церан синош дуу цо.

Цуьнан инзар кегий х1умнаш
Вампалел а андий ю.
Хаа ца луш дег1ехь гуллуш,
Даьржа и 1ожаллен ун.

6

Дерриг адам бале лаьцна,
Зен дан дуьне хаьржина,
Ковид цамгар яьржина,
Х1ор а махка сихха кхочуш.

7

Сан гура ч1ог1а бу – коронацамгар.
Цо атта д1ахецац карара шен.
Д1ахьо цо эхарте, юкъ а йой къамкъарг,
Ца дуьттуш цхьаценна д1акхалхар бен.

Цундела цхьалхаллехь х1ор а д1атийна,
Дикане дог дохуш шайн-шайн а ц1ахь,
Сатуьйсуш ша-ша а висаре дийна,
Т1ехдериг хиларх ун ша сецча ц1ахь.

Сайх а дог ца дуьллуш, ас Деле доьху,
Х1ор а сайн ламаз т1ехь до1анаш деш,
К1еззигчу даращца и цамгар боьха
Нохчех т1ех ялийтар, нах кеззиг леш.

8

Доьалг1а к1ира ду
чохь волу со,
Кхел йина, бехк боцуш,
хан тоьхна воцуш:
Массарах хервина
со цамгаро,
Наг-наггахь бен дийнахь
ара ца волуш.

Сайн корийн гураш чу
тарйина ас
1аламан шоралла,
сурта т1ехь санна,
Кор деллахь бен хазац
дахаран аз:
Книгашца, къоламца
висна со сайнна.

Ткъа ара наг-наггахь
валарца со
Аьхначу х1аваэ
йоццачу ханна,
Ч1ог1а цец волу-кха,
гой ковидо
Дассийна урамаш,
г1ум-арахь санна.

9

Ванах, муха хир ду-те вай кхана
Тажцамгарх чекх девлча адамаш?
Цхьалхаллехь дуьсур-те, девр-те ара
Пачхьалкхаша достуш дозанаш?

Кхин а ч1ог1а г1ур-те дахар 1ана,
Къахьдеш цамгаро маьлхан дуьне?
Мисканаш бевр бу-те кхин а ч1ана?
Хьоладай хир бу-те самукъне?

Де дийне мехашна базло кхача,
Ахчанан де дийне байло мах…
Иштта хьал д1адодахь, т1аьхье кхана
Мацалла лер-техьа вайн ванах?

10

Вовшашна цхьа-ши г1улч генахь
Адамаш совцучу хенахь,
Кхерадина вон таж цамгаро,
Х1ор а воллуш шен-шен ц1ахь д1атийна,
Со а сайн х1усаман гаттехь 1ийна,
Сагатдеш наз к1еззига гаро.

Еса лаьтта сан комаьрша оти,
Хербо нах цамгаро, з1енаш отий,
Вог1у-воьдург тезетахь а вац.
Херло х1инца-м лулахойн дукха,
Цхьа-ши г1улч бен ца хилахь а юкъахь.
Иштттаниг сан эсехь хилла дац.

11

Наг-наггахь, мет-меттехь
гучу ма дуьйлу
Сан лахазарш.
Цкъацкъа цхьа ч1ог1а,
Цкъацкъа шаьш
ца хуьлуш новкъа…
Сайн лазарш ас даим
сайн дагахь къуьйлу.

Уьш далхош, нахала
цкъа а ца вуьйлу,
Х1ора ву, шен бала ловш,
дуьне хьоьшуш.
Шайчаьрна т1е сайниш
цхьанне ца оьшу,
Цундела сайн лазарш
ас сайгахь къуьйлу.

12

Ясса елла г1ала,
Юрт д1атийна,
Беъча санна,
Юха а т1ом чу:
Синтем боцуш я буса.
Я дийнахь,
Ч1ог1а яьржаш
Тажцамгар ма ю.

Жима-воккха, зуда, бер
Ца лоьруш,
Махо санна,
Хедош дозанаш,
Яьржа цамгар,
Массо ша-шех кхоьруш,

Шайн-шайн ц1ахь
Д1атедеш адамаш.

Цхьа м1аьргонехь
Дозанех чекх ели
Ковид, яьржаш
Дерриг дуьненахь…
Къинош дукха леторна,
Йо Дела,
Зуьйш бу-те нах
Тажцамгарца Ахь?

13

Кхерамехь ду дахар тахна,
Боьхна хьийза берриг нах:
Дерриге а 1ана дахна
Цу коронавирусах.

Бутт, к1ира, де хьалха лелла
Парг1ат д1аса адамаш,
Шайн-шайн махкахь къовладелла,
Алсам бохуш кадамаш.

Бутт хьалха диллина шуьйра
Хилла долу дозанаш,
Д1къевлина, хедош уьйраш,
Тоьхна даккхий дог1анаш

14

Де дийне ч1аг1луш ю
цхьалхаллин раж,
Де дийне герга бу
нах карзах бовла.
Цамгар-м яьржаш ю,
ч1аг1еш шен таж,

Сих а деш адамаш
нe1арш д1акъовла.

Цхьа ч1ог1а к1ордийна
х1усаман гур,
Герга бу цхьа болу нах
хьера бовла.
Вайн собар зен санна,
беана мур,
Хийланна кечйина
лахьти чохь г1овла.

Ницкъ хир бу -те уьнехь
адам къардан,
Меттиг а ца буьтуш
дикне дог даха?
Ма кхаьчна ницкъ
жимчу бирдолиган
Хийцадан дерриг а
дуьненан дахар!

15

Накъостех, доттаг1ех, хьешех а ваьлла,
Эзарнаш санна, сан дийзи ц1ахь виса,
Ца хууш, Йо Дела, сайх х1ун бехк баьлла?.

Хьан бехк бац, бехке ю тажцамгар къиза,
Эли соь, - Мильонаш адмашна кхетта,
Дерриг а дуьненахь яьржина иза»

Гергарчу нахах а, балхах а ведда,
Чохь хала-атта ловш сайн цхьаллин бала,
Хууш вац, Йо Дела, сайх х1ун къа летта?

Тахана ца х1утту со ара вала.
Суо зене кхечарна хиларна кхоьруш,
Тилпон бен ца тухуш наггахь, дош ала.

Чохь 1а со, книгашца цхьаллехь сакъоьруш,
Де аьлларг деш, даим кхиина дела.
Теша со: мел говза хиларх а лоьраш,

Ахь динарг бен хир дац Ва Везан Дела!

16

Кху шеран оханан баттахь
Яхъелира ч1ог1а шело,
Ч1ингашна цо ярна г1ело
Кхерам болуш, кхин а латтахь.

Б1ешершкахь шайн дахар-1ерехь
Ду даим а наха зийна,
Ло дуьллуш, х1уьтренна санна,
1ожо заздоккхуча хенахь.

Кхин цхьаъ ду б1ешеркахь зийна,
Даим шело хуьлуш ч1ог1а,
Т1ех1оьттича боккха бохам,
Цо адам 1адочу дийнахь.

И дара къам доккхуш бенах,
Доьхкуш дина лам я ц1а гар,
И ду тахана таж цамгар:
Яьржича дерриг дуьненахь.

17. Реч1а

Реч1ано лаьцначу хьозарчех тера
Ц1ахь долу адмаш ду тахана.

Уьш ара довлийтац бехкамо ц1ера,
Цхьанне а хаац шех х1ун бехк бахана.

Гурашчохь совцийна дийнаташ санна,
Ду адмаш х1усамехь детта,
Ойла ярх, ца хууш цхьаьллиг а цхьанна
Хьенан б1арг хилла, къа летта.

2020 шо,
бекарг-асаран беттанаш

## 1аламан дарбанаш

### 1. Хох

Ойла ца еш, сихло кица баха:
«Саьрамсекх исс дарба, исс д1овш - хох»
Х1унда бехбо-те хох иштта наха,
И боцуш шаьш ца боккушехь ког?

Шираллера дуьйна, кхача кечбеш,
Даим а адамца хилла хох,
Дарба хуьлий, уьнийн баккъаш кегдеш,
Бале лаацча цамгаро вайн дог.

Цундела х1ор кертахь хьала баьлла,
Даима а кхуьлуш ма го хох…
Дахалур дац адам цунах даьлла,
Дахаран боламо еттарх ног.

Ткъа хохах д1овш даьлла-техьа хьанна?
Хууш ма дац цхьаьллиге а цхьанна!

## 2. Хьонка

Ло хиларх а г1алахь, хьулъеш хьорка,
Кхолламан бутт болуш юкъал т1ех,
Гучуболу вайн базаршкахь хьонка,
Дерригенан дарба хуьлий шех.

Ширчухь дуьйна наха иза биъна
Дарбане хиларна хелиг, г1аш,
Хьонка тоьхна, хийла нанас, йина
Ахьаран хьолт1амаш, межиргаш.

Бералла ас ирсе дага лоьцу,
Биъна хьонка бицбан ца туьгу…
Тахана а хьонка безаш оьцу –
Цуо со даим бералле вуьгу.

## 3. Саьрамсекх

Дерриг д1аьвшех дарба лоруш,
Хестош хеза саьрамсекх,
Цхьаболчара хезна олуш:
Ша ма буьйццу иза бац.
Бакъ-харц мила ву-те царах,
И биъчий бен хуур дац.

И исс дарба нийса лоруш,
Буьйцу ч1ог1а саьрамсекх.
Ткъа вукхо, ца вешаш, олу,
Цуьнца дукха пайда бац
Мила ву-те бакъ-харц? Амма
И биъчий бен хуур дац.

## 4. Нитт

Некъа йистехь, керта уллохь,
Бешахь я бецийн къухьлахь –
Миччахь хьала болу нитт.
И х1усаме кхочуш беца,
Цхьа аптека йохьуш шеца,
Пайден даим болу нигт.

Куьг дагадо нитт схьабоккхуш,
Т1екховдарх а дохко воккхуш,
Дехха куьйгаш 1ийжадо.
Ниттах мерза, чоме кхача
Кечбан говза яра нана –
Сискал, хьолт1ам йора цо.

Х1инцаъ, со вахача юьрта
Гергарчийн я дедайн керта,
Даима нитт боккху ас,
Нитт дарбане хилар гойтуш,
Биъна, токхе кхача бойтуш,
Х1ор нохчочун ворх1е дас.

## 5. Лимон

Стоьмех уггар дарбаниг хилла
Лаьтта нехан дахарехь лимон.
Цамгарех цо хьалха баьхна хийла,
Кийра ц1анбеш гена доккхуш вон.

Хилла яьлча ша малх санна, можа
Хуьлу къаьсташ дитта т1ехь лимон,
Цкъацкъа муьста ношбеллачу 1ожал,
Цкъацкъа хуьлу шах хохал а к1он.

Б1аьрсина ца гучу жимчу х1умнах
Йовлу цамгарш къар еш ю лимон.
Нехан могашалла ларъеш уьнах,
Лаьтта, лоьро санна, еш само

2020 шо,
бекарган –асаран
беттанаш

**Тайп-тайпана байташ**

До1а

Суо 1уьйрене валар лоьхуш,
Буьйса могаш яккхар лоьхуш,
До1анаш до, Деле доьхуш,
Суо д1авуьжуш х1ор а буса.

Малхбузаре валар лоьхуш,
Де маьрша чекх далар лоьхуш,
До1анаш до, Деле доьхуш,
Х1ор 1уьйренца хьала г1оттуш.

Суо кханене валар лоьхуш,
Суо ламене валар лоьхуш,
До1анаш до, Деле доьхуш,
Дийнахь, буса, вуьжуш-г1оттуш.

Берийн дуьхьа дахар лоьхуш,
Берийн берийн ирс гар лоьхуш,
До1анаш до, Деле доьхуш,
Х1ор дийне маршалла хоттуш.

Жоп ло Далла, орцах волуш,
Г1о деш 1уьйренашка вала,
Суьйренаш ган, бала боцуш,
Г1о деш суна кхид1а ваха.

Назма

Дуьненахь харцонаш тоьлуш,
Ахч-бохчано дерриг оьцуш,
Х1ор къам, х1ор мохк карзах бели,
Иманехь нисде тхо, Дела.

Кханенан ца кхочуш бала,
Къиза х1аллак деш жил-1алам,
Зен-зулам ма гена дели,
Иманехь нисде тхо, Дела.

Хьан ц1арал еза х1онс лоруш,
Ламаздар шен хеннахь доцуш,
Нах бу марханаш ца кхобуш,
Иманехь нисдде тхо, Дела.

Мисканиш бахамех хьегош,
Хьан парзаш, ца девлла хьехош,
Нах бу, жима-воккха 1ехош.
Иманехь нисде тхо, Дела.

До1а деш, суждане оьхурш,
Хьайгара къихетам боьхурш,
Хьайна мут1ахь болу дела
Иманехь сов баха, Дела!

## Нашид

Хьо хесторехь къийсалуш,
Хьуна берриг ларам луш,
Цхьа дешнаш бен хезаш дац:
Ла иллах1и 1иллала.
Дага духий, дуьнено
Хийла забур 1ехадо,
Парг1ат доху дешнаша:
Ла иллах1а 1иллала.
Ла иллах1а 1иллала,
Мухьаммад расурулла.

Ислам динан дикчу дайх
Даим дага довлу вай,
Ца олуш цхьа дешнаш бен:
Ла иллах1и 1иллала.
Йоьжча ц1е, сий дикчу дайн,
Иман, ислам духу вайн,
Иза нисдо дешнаша:
Ла иллах1и 1иллала.
Ла иллах1а 1иллала,
Мухьаммад расурулла.

Хьекъал долчийн собар ду,
Къонахийн дог айар ду,
Дайн некъ ларар дешнаш ду:
Ла иллах1и 1иллала.
Эвлаяийн тешам бу,
Мискачеран духар ду,
Б1аьрзечеран сирла нур:
Ла иллах1и 1иллала.
Ла иллах1и 1иллала,
Мухьаммад расурулла.

Седарчел а лекха хьош
Хьо хесторан сирла дош,
Вай иманехь дехийла:
Ла иллах1и 1иллала.
Хьо хесторехь къийсалуш,
Хьуна берриг ларам луш,
Даим дешнаш хезийла
Ла иллах1 1иллала.
Ла иллах1и 1иллала,
Мухьаммад расурулла.

Т1аьхьа хир дуй-те?

Ахь дуьне дуур ду,
Харц рицкъа доккуш,
Хьайн безчу бахамах
Хьегор бу нах…
Хьан х1ун юьхь хир ю-те,
Коше ког боккхуш?
Эхартан ойла ахь
Йой-те, ванах?

Ламазаш дийр ду ахь,
Массарна гуччохь,
Вайн Деле кхийдор ду
Харц до1анаш…
Амма хьо хир вуй-те
Нахана лучохь
Ялсманин ков доьллу
Дай дог1анаш?

Ахь адмаш 1ехор ду,
Дууш харц дуйнаш,
Дагахь цхьаъ, багахь кхин
Даим долуш…

Сират т1айх вер вуй-те
Дика нах бовлуш?
Хир вуй-те Зам-Зам хин
Йистошкахь гуш?

Хьо ваха хуур ву,
Марха чекх долуш,
Лахбаран меттана
Т1етоьхна мах…
Сатуьйсур ду-те ахь,
Цурриг шек воцуш,
Ялсманин ни1мат ган,
Цецбохуш нах?

Тахана карахь хьайн
Сом хилчахьана,
Баа хьо кийча ву
Хьайн къера дуй…
Эхартехь хьо дохко
Верий-те кхана?
Хаац-те и т1аьхьа
Т1аккха хир дуй?

Ма т1аьхьа хир ду и,
Ма вер хьо дохко,
Бусулбан б1аьрлаг1а
Х1итторна яйн…
Хьай адам, хьайн эхь ахь
Соьмах ма дохка,
Эхартан къинойн мохь
Ма базбе хьайн.

## Лаьар-кха…

Компьютерш, тилпонаш яьржинчу хенахь
Уьйраш вайн херлуш ю, ма боху наха,
Х1етте а вайн инзар хазчу дуьненахь
Ма ч1ог1а лаьар-кха тахана ваха.

Адамийн безамаш бов хан яц генахь,
З1енаш а д1аевр ю, ма боху наха.,
Х1етте а, мел хала хиларх дуьненахь
Ма ч1ог1а лаьар-кха кхана а ваха.

Гергарниш д1атуьйр бу х1ор шен-шен бенахь,
Тилпон бен з1е хир яц, ма боху наха,
Х1етте а хаздинчу дайша дуьненахь
Ма ч1ог1а лаьар-кха лама а ваха!

## Шира сурташ

Суна хьалха 1охку шира сурташ.
Цаьрга хьоьжу со, деш г1ийла къурдаш.
Царна т1ехь ду суна год1а лаьтташ
Сан къоналлин шерийн адамаш.

Эх1, ма башха яра х1етахь зама,
Эх1, ма ч1ог1а бора вовшийн хама,
Эх1, ма боккха бара лаам 1ама
Сан къоналлин шерийн адамийн.

Ма диллина дара х1етахь дегнаш,
Ма хьасене дара олу дешнаш,
Ма яцара юкъахь хьаьг1наш, девнаш
Сан къоналлин шерийн адамийн.

Доттаг1алла атта тасалора,
Болх беш, доьшуш иза дахчалора,
Эшча, г1о дан кийча вара х1ора
Сан къоналлин шерийн адамех.

Боккха бара тешам шен кханенах,
Кхуьура дозалла деш тхайн хенах.
Х1етахьлерниг тахна тарло г1енах
Сан къоналлин шерийн адамашна.

Сан къоналлин зама д1а ма тилла,
Юха хир яц иза, чу ког билла,
Дехаш ду сан дагахь, чурташ хилла
Сан къоналлин шерийн адамаш!

Берийн берех

1уьйрре хьалхxе самадолий
Ахьмаддий, Аминий тхан
Лулахощца сихло школе
Т1екхачале дарсийн хан.

1абдаллах, доттаг1ах кхетий,
Эрна шен ца йойуш хан,
Воьду университете,
Дуьнене компьютеран.

Цу т1ехь дешар чекх ца долу,
Ши к1ант воьду сихонца
Ахьмад суртдилларxойн школе,
1абдаллах шен спортан ц1а.

Оццу хенахь арайолий
Питербухехь 1уьйренца.
Марем деша йоьду школе,
Дика дошний, йог1у ц1а.

Хьалхxе, хаза дешнаш олий,
Нанас ши бер г1аттадо,
Адаммий, Дианий школе
1аьмерикехь хьажадо.

Юьту жима йо1 Камилла,
Школе йоьду йоцу хан,
Шен ховхачу меттахь.1илла,
Хада ца деш хаза г1ан.

Теша цара, некъ беш беха,
Боккхур бу бохь хьекъалан,
Дозаллица гена кхехьа
Сан г1уллакх а, ц1е а сан.

### Хьо гаре сатуьйсу…

Хьо гаре сатуьйсуш,
          хийла некъ хьоьшуш,
Хи йсте х1иттина
          дагна беш там,
Ма латта, юьртахо,
          хин б1аьра хьоьжуш,
Юьхьдуьхьал ийзабеш
          гуьлмаьндин т1ам.

Хьо х1унда ца яхьа
          шеконаш иэшо?
Кхечарал эшна со
          хетта-те хьуна?
Хьо х1унда ца яхьа
          сох безам тешо,
Хьоьца бен сайн дахар
          ца гушшехь суна?

Кхечеран курачу
дешнех ца ваьшна,
Совг1атна бохьучех
седа я лам…
Цундела лаьттий-те,
хин б1аьра хьаьжна,
Хьо, беснеш т1е ийзош
г1абалин т1ам?

Лаьа-те безаме
со векха хьежо,
Толлуш, ву тешаме
я вацсо хьуна?
Хьо х1унда ца яхьа
безам сох тешо,
Хьоьца бен сайн дахар
ца гушшехь суна?

Хаьржина хьо даго,
цхьаннех ца хьоьгуш,
Бан лууш даима
безаман хам…
Хьо еха лаьттий-те
хин б1аьра хьоьжуш,
Ца кховдош соь йовлакх,
лаьцна к1айн т1ам.

Хьо х1унда йоллу-те
хьайн б1аьрхиш лешо,
Г1енах со б1аьрхьалха
мел х1утту хьуна?
Хьо х1унда ца яьхьа
сох безам тешо,
Хьоьца бен сайн дахар
ца гушшехь суна?

## Доцца

1. Лаьмнашкахь.

Аркъал вижна, Бецаш хоьшуш
Б1аьстенан баьржинчу байн.
Со 1аламна байташ йоьшуш
Ву нохчийн поэтийн, сайн,

Къаьсттина даггара йоьшу
Зезагашна байташ сайн,
Дитташ соь, цецдевлла, хьожу,
Сийна генаш лестош шайн.

2

Сан х1ор а байтан мог1анан б1ал
Дахаран нахаро карчийна б1ал бу.
Х1ор а бац тоаме со реза вал,
Халхеташ делахь а, цхьацца берг пал бу.

Муьххачу сан байтан х1ор а мог1а
Заманан готано даьккхина харш ду:
Дилхича дикачу дешнийн дог1а
Сирла 1ам, ца делхаь, ткъарш ду.

3

Со вала а кийча ву-кха, бохуш,
Хуьлура со куралліица олуш,
Амма валарх хиллий ч1ог1а кхоьруш,
Хии суна цкъа кхайкхича лоьраш,

Ц1еххьана цкъа бале лаьцча со,
Ц1еххьана еанчу цамгаро.
Эх1 ма ч1ог1а суна ваха лиъна,
1ожалан б1аьрлаг1а гича хиъна.

4

М1аьрго санна, сихдеш денош,
Шерш а сахьташ санна, 1енош,
Едда йоьду хан.
Цунна т1аьхьа кхиа лууш,
Сихло, байтийн дина хууш,
Со диканиг дан.
Даима а сан дог дууш,
Дерриге дан со ца кхуьуш,
Кхоьру со висан.

5

Ма воккха вера со хьо гича г1енах,
Кхин а воккхавера хьо гича самах.

Амма сан безамна жоп ца луш, дехарх,
Ойла йо – ахь х1унда лахби сан мах?
2015-2020 шерш

# Шолг1а дакъа



1962 год

## Сайх лаьцна...

1. Со

Жимчохь дуьйна сайн рицкъ айса лехна
Цхьанггера ца хааделла г1о.
Сайн къомаца нийсса юккъех декъна
Дерриг – толам, эшам, дика-во.

Жимчохь дуьйна айса нисбан дезна,
Хелиг санна, г1ийла кхоллам сайн,
Ас дахаран орам хала хецна,
Сайн хьацарца т1ундеш латта дайн.

Жимчохь дуьйна дезна айса леха
Сайн дахаран хьелаш, аьттонаш,
Со ца вахна цкъа а кепек еха,
Къелиг хилла, беш сайн текъамаш.

Жимчохь дуьйна лехна айса сайна,
Атта доцчу, дахаран бакъ некъ,
Ирсе хилла, халонаш а лайна,
Амма цкъа а ца баькkхина ч1екъ.

Жимчохь дуьйна дезна ас къахьега,
Сайн хиндолчух айса ойла еш.
Дог ца деъна нехачунах хьега,
Ваьхна даим сайчух тоам беш.

Цундела ду сан рицкъ даим аьхна,
Цундела сан некъ а нийса бу.
Ц1енчу новкъа ас бераш а даьхна,
Шайн кхолламаш шаьш кхуллуш уьш ду.

## 2-4. Ванах-х1ай…

Ванах-х1ай, цкъа мацца къарвелла г1анна,
Буса со д1авижча, цхьа а шек воцуш,
Яхлур-те сан мерза наб даиманна,
1уьйренца шен хеннахь сама ца волуш?
Виний-те со нанас иштта ирс долуш,
1ожалло д1аэццал, набарехь волуш?

Буьйсанца б1аьрнег1арш дазделла ханна,
Д1авуьжуш синтеме, бисмилла олуш,
Ванах-х1ай, яхлур-те наб даиманна,
Малхана велалой, сама ца волуш?
Ма ч1ог1а дуьненах вара со хьаьгна,
Ца виссал, даимна г1ан-набарш хьаьгна.

Вана-х1ай, тешамен хилла иманна,
Лийр ву-те со буса, хилларг ца хууш

Дитина дайн латта вайн даиманна,
Дешийта сайн весе еса ца кхуьуш?
Х1ун дер-ткъа? Дика бу Делан лаам:
Шен хеннахь ца делча далац адам!

*(Билгалдар: х1ара ялх мог1а болу строфа ас нохчийн литературехь дуьххьара кхоьллина ю. «Соьлжин дийцар» боху поэма октавашкахь ас дуьххьара язйина ю, «Кханенах сагатдо» поэмин цхьа долу дакъош «Онегинан (Пушкинан)» строфикаца, терцинашца ас дуьххьара яздина. Кхин х1умнаш а ду кху книги т1ехь (масала, «Нохчийн къоман чалтачаш» эссе) ас дуьххьара нохчийн литература юкъа далош)*

***

Ванах-х1ай баккъалла со ван а вуй-те,
Вехаш верг дезткъей шинара ваьлла
Сан ненан куьйгийн цхьа беркат и дуй-те,
Со малхе кховдийнчу: «Вехийла, аьлла»?

Дуьххьара дахаран дина хаийна,
Ховха и човхийн, гаъ т1е куьг тоьхна
Ден беркат хиллий-те, хьалхарчу дийнахь
Дуьйна ирс долуш со вахар а тахна?

Сан жима дин хилла вайн нохчийн ага,
Ас дукха хихкинарг, дахча деш сайн са.
Бераллехь дуьйна ас сайн кхоллам ага,
Хьеран т1улг санна, ма дийзира айса.

Кхиийна дас-нанас. Амма цкъа хьалха
Мерза са кхолларна декхар ву Далла:
«Дахаро зуьйр ву хьо, веттар ву шалха,
Дерриг ловш, дукха хьо вехар ву», - аьлла.

Дуьненахь сан дахар иштта дахделла,
Комаьрша хиларна хьо, Везан Дела!

***

Ванах-хай д1аваьлча со, кхиберш санна,
Гергарчийн дагахь бен ца вуьсуш кхин,
Вицвийр ву-техьа со а даиманна?
Вовр ву-те, ма ярра тулг1енаш хин?

Ванах-х1ай со велча, мильонаш санна,
Доттаг1ийн дагахь бен ца вуьсу кхин,
Оьшур дац-те сан дош цхьаьллиг а цхьанна?
Д1алекъар ду-те сан поэзин 1ин?

Ванах, со д1авахча вайн бакъдуьнене,
Ца вуьсуш 1аматаш, книгаш т1ехь бен,
Довр ду-те сан деган йозанаш кхана?
Цхьамма а ца йоккхуш йовр ю-те ц1е?

5

Со дуьнен т1е веъна хьанал ваха,
Массарна а хазахетар деш,
Сайн баркалла Везчу Далла баха,
Даим Цунна еза 1амал еш,
Дикане сатуьйса я дог даха,
Дерриге хиламийн волуш теш.
Со дуьнен т1е веъна хьанал ваха,
Везчу Далла сайн баркаллаш баха.

Со дуьнен т1е веъна ц1ена ваха,
Даима а меле мел дерг дан,
Мискачунна дала доггах саг1а,
Ламаз, мархин, г1урбин ларъян хан.
Безам леха, сайн ден латта аха,
Цунна т1ехь кхуьуш сайн хьацар ган.

Со веана сайн баркалла баха
Везчу Далла, суо кхолларна ваха.

Со дуьнен т1е веъна ирсе ваха
Пайдечунна комаьрша волуш,
Дан, баркалла сайна аьндерг наха,
Дерриге сайн дахар царна луш,
Даймахкана г1уллакхаш деш, вага,
Воккхавеш, х1ор бер-кер доьлуш гуш.
Со веана сайн баркаллаш баха
Везчу Далла, суо кхолларна ваха.

6.

Сайна а ца хууш, дахарехь сайн
Масане къинош ас летийна хир ду.
Сан кхоллам хьал-охьа хьийзина тхир ду,
Шен ч1уна т1ехьерчаш шерш деза, дайн.

Сайна а ца лууш, цхьаъ воцуш теш,
Сох хийла г1алаташ дийлина хир ду.
Сан кхоллам я шуьйра, я готта хир ду,
Сан денош семана т1ехьийзадеш.

Ца оьшург дина хир ас, шерийн теш
Т1елуьстуш, хьийзаеш дахаран урчакх.
Сан кхоллам цкъа а тар ца белла г1урчох,
Берриг сан баланаш кийрахь ч1аг1беш.

Кхиа ницкъ ца тоьаш церан дуьхе,
Осалниш дахарехь ас дина хир ду.
Сан кхоллам цхьа еха б1аьстенан йир ю,
Шен ц1енчу озаца хестош дуьне.

Хаьа, цкъаъ мас-малик хилла вац со,
Дахаран к1урк1манехь, ч1еш санна, хьийзош,

Хестийна вац суо ас, сайгахьа ийзош,
Цхьанне а ца дина, хууш, ас вон.

Сайн декхар лийрина диканиг дар,
Цундела, ца хууш, ас вон дош аьллехь,
Ларамза, сихвелла, сайх воних даьллехь
Даггара доьху ас сайна гечдар.

Дехар до, адамаш, шоьга массарга,
Девзаш я ца девзаш сайна долчаьрга.

## 7. Бералла

Бералла –
Кохкарщца вихкина,
Аганахь техкор
Я. ховха схьаэцна,
Хьестар карахь.
Со вижош, шадерриг вон
Сох д1акъехкор,
Меллаша йиш лоькхуш
Нанас сарахь.

Бералла –
Со аркъал т1евуьжу
Валтица г1айба,
Со векъа латта веш,
Кхабица сиппа…
Наб йора, ца хууш
Цхьа а г1айг1а,
Синтеме бетталуш
Х1ор жима синпха.

Бералла –
Д1аса б1аьрг тоха со,

Тем боцуш, г1иттар,
Куьйгашца схьалоьцуш
Аганан г1аж,
Т1аьхьуо со, нанас г1о
Деш, ира х1иттар,
Лехьадеш зезагаш
Я дашо г1аш.

Бералла –
Бухкаршца вихкина,
Ненан гихь набъяр,
И йоьдуш асар дан
Тхан кха т1е г1аш,
Цо охьавилча, бай
Хуьлура назбар,
Со наб еш 1индаг1ийн
Аьхналлехь 1аш.

Бералла –
Нийсархойн тобанехь
Самукъне ловзар
Лечкъаргех, д1алечкъа
Къайленаш лоьхуш,
1аьржачу буьйсанца
Майралла къовсар,
Кешнашка куй билла
Я схьабан воьдуш.

Бералла –
Хан яларх, цкъеллиг цкъа
Диц ца лун сурташ,
Мел хала хиллехь а,
И хан ю хьоме…
Мел ч1ог1а сатийсарх,
Мел дарх а къурдаш,
Доьрзийла хир дуй-те
Бераллин хьоле?

## 8. Со болх бан 1амийна…

Со болх бан 1амийна
Волалуш ваха,
Цундела даим а сиха со ву,
Сайн са чу диллина,
К1айн кехат аха,
Ахархочо санна,
Дуьйш дешдакъойн х1у.
Со болх бан 1амийна
Бераллехь дуьйна,
Шайн дикчу масалца
Сан нанас, дас.
Цундела дахарехь
Цкъа а суна
Болх барал а деза
Х1ума а дац.

Со болх бан 1амийна,
Сайн рицкъа лоьхуш,
Сихачу, чолхечу
Замано сан.
Цундела, кехато
Ву со т1е воьхуш,
Оханан харш санна,
Мог1наш нисдан.

## 9. Т1аьххьара де…

Т1аьхь-т1аьхьа со дукха ойлане вуьйлу:
«Ванах цкъа мацца а соъ лийр ву те?»
Цундела воккхавеш, ас мара къуьйлу,
Цхьа хаза кхаъ санна, х1ор деъна де.

Кхин 1уьйре цагарна суо кхоьру дела,
Со дика дан сихло, са дуьллий чу…
Ма дика ду Ахь ца хоуьйтуш, Дела,
Т1аьххьара де маца, муьлха хир ду

Т1аьхь-т1аьхьа со ч1ог1а ойлане вуьйлу,
Г1енаш а т1аьхь-т1аьхьа бес-бесар го:
Цкъа ялсаманехь ас Замзам хи муьйлу,
Цкъа дегах ц1е тосу жоьжахато.

Сатуьйсуш ялсманин бошмашкахь лела,
Диканиг дан сихлуш со самах ву…
Ма дика ду Ахь ца хоуьйтуш, Дела,
Т1аьххьара де муха, маца хир ду.

Т1аьхь-т1аьхьа со г1ийла ойлане вуьйлу,
Х1ор долуш санна сайн т1аьххьар де,
Мелениг до, хууш къинош ца куьйлу,
Цхьанне а вон дина, йожа яц ц1е.

Сират т1айх суо вериг хиларх цундела
Бу дегайовхонан сан кийрахь су…
Ма дика ду Ахь ца хоуьйтуш, Дела,
Т1аьххьара де хьанна, муха гурд у.

Хиъча Ахь т1аьххьара де маца делла,
Сагат деш, хеназа нах лахьти чу
Г1ур бара. Цундела дика ду, Дела,
Ахь билгал ца дина т1аьххьара де!

10. Палтасар.

Сан хиндолчух бакъдерг эр ду, аьлла,
Цкъа бераллехь къоначу цигоно,
Сом а доккхуш, палтесира суна,
Керюккъерчу сизийн толлуш гонаш.

«Ч1ог1а беха хьан дахаран некъ бу, -
Элира т1аьххьара цигоно. –
Мел лаххара б1е шархь хьо вехар ву,
Везчу Далла ларвеш даим вонах»

«Ма комаьрша хилла хьо тахана, -
Элира ас, велалуш, ца вешаш. –
Ахь ши б1е шо лург ма хилла суна,
Ас кхин цхьа сом нагахь делла хиллехь».

«Хьоьгахь кхин шай доций хаьа суна,
Со бакъ ю-яц хуур ду хан яьлча,
Амма дага со йог1ур ю хьуна,
Дезткъей шина шарера хьуо ваьлча»

Цунна хьалха ву со тахна къера –
Дезткъей кхо шо ду тахана соьца.
Делан ц1арах луьйш циго хиллера,
Баркаллица ас и дага лоьцу.

## 11. Сан кхане

(Поэма)

Уьйрашна вицвелча, Далла а вицлой,
Базло бах лахьти чохь упханан тхов
М.-С. Гадаев «Ц1ен берд»

### 1. Хьалхара дош

Сан дехар, дош ду т1аьхьене,
Хинйолчу б1ешерш д1а девлча,
Хиламаш толлуш, тхан хене
Цкъа хьийса шаьш дуьйла делча,
Ца йицъяр сан ц1е, со велча.

Кхочур ву со шерийн гене,
Байташкахь висина ваха,
Тхайн хенах дуьйцуш т1аьхьене
Шоьца цкъа къамеле вала,
Сайх лаьцна айса дош ала!

Мила ву, со муха ваьхна
Дуьйцур ду ас шуна айса.
Сайн г1улчаш ас хала яьхна,
Къахьега 1амавеш дайша,
Белхаш беш, ца кхоош сайн са.

Партала адамаш санна,
Ца хилла со буьйда, коча.
Церан дукъ, бала сайн цхьанна
Хийлазза эцна ас коча,
Г1о а деш, сайн ницкъ ма кхочу.

Х1унда ас суо лору декхар
Сайн дахарх айса д1а дийца
Шун дуьхьа вахна со, пекъар.
Цундела лаьа сатийса
Ц1е йита б1ешершца къийса.

Со юкъа волу сайх дуьйцуш,
Наха и дийр доцу дела,
Шай-шайниш хестабар къуйсуш,
Шайн дешнийн теш лоьцуш Дела,
Суо вицвар кхоьру цундела

Кха б1е шархь еха къийгаш
Санна, со 1ийр воцу дела,
Сох лаьцна дийца сан книгаш
Бен шуна хир йоцу дела
Довзийта сан некъаш деха.

Хир буй-те, шу девлча генна,
Ас тахна яздинарг оьшурш?
Я хир бу сан х1уьттаренна
Сан книгаш кара ца оьцурш,
Хьаг1-гамо лелош, ца йоьшурш?

Ма хала хетар ду суна
Ас динарг ца ларар нислахь.
Бецан хал куьйсачу гуна
Санна, сан йозанаш дицлахь,
Веллачул т1аьхьа со вицлахь.

Амма шу долчу хан-хене
Кхочур ву, виц ца валийта,
Т1аьхьенаш шун шерийн гене,
Байтийн мутт шуьга малийта,
Суо хиллий, хир вуй хаийта.

Ца боху делла со цхьанна
Поэзин пох1ма, суо вазвеш,
Амма б1ал охучо санна,
Нисдина мог1анаш, хаздеш
Даймехкан, къоман сийх яздеш!

11

Литературехь ас юьту лар шуьйра,
Нохчийн къам хестадеш байташкахь сайн,
Ма дукха лийсина ас дешнаш, жуьйрех
Нанас ма лийссара к1ен дама к1айн.

Литературехь ас юьту лар шуьйра
Нахана оьшучу байташца сайн,
Кхоллам ца хиллехь а ма-дарра туьйра,
Дахар ца хиллехь а атта я дайн.

Исторехь йовр йоцу юьту лар шуьйра
Хиллачух талламаш кегабеш сайн,
Хестаеш наноша теxкийна куьйра,
Я дашо даьтта я шар доккхуш к1айн.

Сайн халкъан иэсехь а юьту лар шуьйра -
И хестош яздина ас дийцарш сайн,
Балхаца д1айолош х1ор еъна 1уьйре,
Дегнаш т1е туьллуш сайн мог1анийн т1ай.

Ешархойн иэсехь а юьту лар шуьйра –
Царна ас лерина йозанаш сайн,
Балхаца хестаеш ц1ийелла суьйре,
Дуцуш сайн ца хеда мог1анийн тай.

Даймехкан иэсехь а  ю сан лар шуьйра
Йитинарг зевнечу иллешца сайн,
Хиллехь а цкъа дахар кхоьлина гуьйре,
Хиллехь а цкъа кхоллам б1астенан бай.

Къоначу яздархойн дахарехь шуьйра
Лар йитна, кхиа г1о деш царна сайн.
Поэзин дина уьш ховжабеш, луьйта
Ас лаьцна, тешшаме некъ байта шайн.

Кхин къаьмнийн яздархой нохчашна шуьйра
Бовзуьйтуш, лар юьту гочдаршца сайн.
Цаьрца ас ч1аг1йо, шор йо халкъийн уьйраш,
Ц1ен дешнех-буьртигех бузарца сайр.

Б1ешершна юьтий те ас и лар шуьйра,
Цхьалхачу байташца, дийцаршца сайн
Уьш язъеш, 1уьйренца малх х1отталц уьйт1а
Сатосуш яржаеш шен з1аьнарш яйн?

Лууш вайн лаьтта т1ехь йита лар шуьйра,
Яздина ас хала йозанаш сайн,
Буьтуш вайн т1аьхьенна ойланийн уьйраг,
Х1ор дашна чу дуьллуш сайн доггий, сай

111

Суна дукха гина, дукха хезна
Дезткъей ши шо доккхуш лаьтта т1ехь,
Берриге а хиламех дог лезна,
Лазам сайн д1акхайкхо хеташ иэхь.

Массо хенахь лаа ма ца олу,
Латта дегош, даьлча дот1ана,
Яздархочун дагах и чекхдолу,
Муо шен тарлуш шунах оханан.

Ялх кхачале, «халкъан мостаг1» вина,
Бех а боцуш махках ваьккхина,
Ц1ерпошти т1ехь пана махка вигна,
Цигахь хала некъаш гездина.

Дела воцург вала да а воцуш,
Ваха ницкъ луш сайна нохчалло,
Сайна далун де-ненан г1о лоцуш,
Даьккхина геналлеь кхойтта шо.

Къахьегар дозалла даим лоруш,
Белхаш бора, хьала карчош пхьош,
Аьхка кенаш лехьош, ялта оруш,
Гурахь бамбин патараш лахьош.

Амма г1ийла, миска тхан еш кхихки
Чорпин кад хоьтуьйтуш мерза моз,
Х1етте а ас, ченаш г1иттош, хихки
Стелан ч1угца тоьттуш, аьчкан х1оз.

Ма хиллара берийн амалш аьрха,
Тидаме ца оьцуш лазамаш,
Масаллина уьдура тхо аька,
Хоьхкура 1ай кога салазаш.

Тхаьш туьйранийн к1ентех тера хеташ,
Серий говза цоьстуш, тхаьш а дой.
Серах йина юьйцина шед етташ,
Хоьхкура тхайн серийн кура дой.

Ца хаарна, х1инца а ца хадош,
Хиламийн, халонийн боллу мах,
Тхайн аьзнашца урамаш а 1адош,
Ловзура самукъне буьрканах.

Дуззалц яа юург-молург йоцуш,
Тоам беш кхаьрзинчу канахь к1ех,
Хьалха тохар тоьк дозалла лоруш,
Ловзура тхо тхайн лечкъардигех.

Къар ца луш тхайн халачу заманна,
Далла, дайша са диллина чу,
Кхуьура тхо аьрха, баь1аш санна,
Тхайн дегнашца йоцуш хьаг1 я хьу.

1V

Амма тхо казахийн, г1ирг1зойн арахь
Малхбузехьа даим хьийсира,
Х1орамма, ша дийна хене валахь,
Дайн ц1а верза са ма тийсира.

Хаза ду Тянь-Шанан лаьмнаш, хьаннаш,
Сирла ду хиш, шовданаш гуш,
Амма дац Нохчийчуьрнаш санна
Исбаьхьа я дагна хьоме уьш.

Г1еметта тхо х1итти, болх беш, доьшуш,
Тхайнна меттиг къастош дахаро,
Цхьанхьа цхьаъ, кечахьа важа оьшуш,
Журналист сох хили, яздархо.

Сайн белхаш беш, ца девзачу адмийн
Бохамех сан даим лозу дог.
Чекхбийлина сох лазамаш кадмийн,
Г1ийлачун г1о лаца сецна ког.

Ас мискачун даим а дог эцна,
Сайна велхош гича жиманиг,
Цунна г1о дан даим а со сецна,
Хьаьстина, дерг делла, мисканиг.

Ас ма дукха сайн оьмарехь лайна,
Дезткъей ши шо доккхуш дуьненахь.
Эх1, ма к1еззиг дахар суна тайна,
Эх1, ма дукха йиъна цуьнан къахь.

V

Со бераллехь вара нахах тешаш,
Сайх тера уьш хеташ г1иллакхца:
Дагна ц1ена, ямартчух ца дешаш,
Делла дош шайн ч1аг1деш г1уллакхца.

Къоналлехь а вара адмех тешаш,
Суо санна, ду моьттуш адамаш:
Осал доцуш, оьзда, нахах дешаш,
Дайн г1иллакхийн ларбеш барамаш.

Цундела цхьа атта 1ехавора
Нийсархоша, баккхийчара со-м:
Схьа лур ду а, олий, тешавора,
Доккхуш, дас я нанас делла сом

Хан йолура, декхар схьа ца лора,
Кхана-кхана, бохуш, левеш со.
Суна сайн кепекаш кхин ца гора –
Лелара, сох къехкаш декхархо.

Кхуьучара, дуйнаш дууш 1еса,
Хийла сан къа коча оьллина.
Ишттачарах олу, дуьне деса
Ца дита, уьш Дала кхоьллина.

Со хийлазза 1ехийна-тилийна
Дезткъей ши шо оьгуш т1адамех,
Х1етте а со адмашна ца лийна,
Тешам сан ца баьлла адамех!

V1. До1а

Ва Везан Дела, баркалла
Ахь суна даларна б1аьргаш,
1аламан гича хазалла,
Цецдовлий, лаамза къаьрзаш.

Баркалла, Ва Везан Дела
Ахь суна даларна б1аьргаш,
Адаман диканехь къега,
Вон гича 1енадеш б1аьрхиш.

Баркалла, Я Аллах1 Дела,
Даларна ахь суна б1аьргаш,
Адаман ирс гича диела,
И миска гича, ца кхаьрдаш.

Баркалла, дерриг схьалоцу
Даларна хьегаме б1аьргаш,
Шайн хьажар мичча а кхочу,
Ца хууш дуьхьло я архаш!

Баркалла, Ва Везан Дела,
Ахь суна даларна когаш
Даймехкан некъашца лела,
Массо а маь1иге кхочуш.

Баркалла, Я Аллах1, Хьуна
Шайн йоцу лазарийн ача,
Дайн когаш даларна суна,
Дикане-воне д1акхача.

Баркалла, Ва Везан Дела,
Даларна, к1ад ца лун, когаш,
Керлаче некъаш дан деха,
Дерриш ца довзарна кхоьруш!

Баркалла, Ва Везан Дела,
Ахь куьйгаш даларна даца,
Ламаз т1ехь дехар деш мелан
Хьоьга, уьш до1ана лаца.

Я Аллах1 Дела, баркалла
Ахь суна даларна куьйгаш,
Дика деш, хазъян къоналла,
Бераллехь – ловзорца г1улгаш.

Йо Дела, Хьуна баркалла,
Ахь куйгаш даларна говза
Дуьненан хестош хазалла
Маьршачу белхан чам бовза!

Баркалла баларна, Дела,
Суна хье акхаройх къаста,
Дерриг а сан дег1ан эла,
Хаарийн ца лекъа хьаст а.

Я Аллах Дела, баркалла,
Лехаме хье Ахь баларна,
Дуьненан хиламаш талла
Ницкъ болуш иза хиларна.

Баркалла, Дела, хье белла.
Ницкъ болу, тоьаш цхьа м1аьрго,
Муьлхха а къайле схьаелла
Схьалаца ца лоцург б1аьрго.

Баркалла баларна, Дела,
Кхетам Ахь – хьен беза кхача,
Ойланца, некъ хиларх беха,
М1аьргонехь мичча д1акхача.

Вайн ойла д1акхачо гене
1илманан т1емаш т1ехь зевне
Хьекъалан х1ордан к1оргене,
Стигалан г1ушлакхан кевне!

V11. Деле дехар

Ахь дахар даларна сайна
Баркалла боху ас, Дела,
К1ад ца лун некъахо санна,
Даймехкан некъашца лела.

Даггара баркалла, Дела,
Яхъярна дахаран оьмар,
Г1уллакхаш дукха дан мелан,
Сихвелла яьллачу тоьпал.

Даггара ду сан баркалла,
Яхъярна сан чолхе оьмар,
Дуьненан тачанаш талла,
Чам баккха дахаран стоьман.

Ва Везан Дела, ца волу-кх
Х1ор дийнахь баркалла аьлла
Дацарна за1ап я чолакх
Цхьа а бер дуьнент1е даьлла.

Мохехь синтар санна сетта,
Со суждане оьхуш, Дела,
Ас, ламазна корта бетта,
Г1уллакхаш до даим мелан...

Даим сатасаре волуш,
Баркалла боху, Йо Дела,
К1елвисна меттахь стаг воцуш,
Ахь дахар даларна деха.

Хьан ц1арах, Дела деш ламаз,
Цхьа сайнна ял ас ца лоьху,
До1а деш, лардеш дайн ламаст
Къомана диканиг доьху.

Йо Дела, суьйренга волуш,
Сихло со баркалла ала,
Хиларна йиш, декхар воцуш,
Сапарг1ат сайн аг1ор вала.

Кхачадац, 1уьйренца г1оттуш,
Хьуна ас баркалла бахар,
Х1орамма маршалла хоттуш,
Хиларна маьрша сайн дахар.

## V111. Сайх лаьцна

Халкъо т1едехкина
Сайн декхарш кхочуш деш
Ас дукха гездина некъаш,

Хуьлуш сайх Даймахкахь
Массанхьа кхочу теш,
Г1елваларх, текъа ца текъаш.

Ас некъаш гездина,
Цкъаъ къера хилаза,
Уьш хала хиларх я хийра.
Аьхкенан тевно со
Веттина хийлазза,
Вашийна гуьйрено хийла.

Ас аьгна хийлаза
Сайн когийн аьлхаца
Хьеречу дахаран некъаш,
Цкъа хьоьстуш б1аьстено
Мелачу маьлхаца,
Цкъа 1аьнан г1урана вехьаш.

Дахарехь ца лехна
Ас цкъа а сайн сина
Аттаниш, шеранаш некъаш.
Амма со сайн гайна,
Ца ваьцна, лай санна,
Саг1ане сатийса 1емаш.

Ас муьлххаъ болх бина,
Ца лоьхуш саненииг,
Деш деха дахаран некъаш.
Г1уллакх дан хьаьжна со
Диканиг, саг1ениг,
Мел дукха дарх и ца 1ебаш.

Ас юьртахь х1иттийна
Г1одамийн литтанаш,
Ч1ег1анийн «шур-шур» а 1енош.
Сан г1оьнца г1иттина
Вайн г1алахь иттанаш
Даккхий а, кегий а ц1енош.

Колхозийн хьaьтташкахь
Ас ялташ эрина,
Хьаькха ас мангалца бецаш.
Ас церан оьланаш
Х1иттийна лерина,
Махкана даггара вецаш.

Ас юккъах бекъна бу
Баланаш адамийн,
Мискачийн г1айг1а беш хьалха,
Т1ехула хьаьвзича
Тезетийн, кадамийн
Халонийн бос 1аьржа хьарг1а.

Ас х1ора сайн дашца
Вайн Даймохк хестийна,
Амалш а вайн нохчийн къоман,
Ларамен дош олуш,
Къаьмнаш ца къестийна,
Йозанехь шарбеш сайн къолам.

Байташкахь ас буьйцу
Наха ма бийццара
Нохчийн мотт, кхетийта йоьшуш
Маь1нех, чулацамах
Байтан я дийцаран,
Луг1аташ г1оьнна ца оьшуш.

### 1Х. Мук1арло

Суо вазвар ца лехна,
сайх доцург дийцина,
Массанхьа айса суо хестош.
Дахарехь г1алаташ
сох дукха дийлина,
Наггахь со, г1ад санна, лестош.

Дага ца деана
х1иттор сайн х1олламаш,
Массанхьа цхьа сайн ц1е хестош,
Мелхо ас кхечеран
базбина кхолламаш,
Сийлахь верг, воцург ца къестош.
Ас а хир сайх къинош
летийна ларамза,
Адамех суо волу дела,
Амма ди диканиг
дукха нах лерамца,
Гечделахь, Ва Веза Дела.

Цхьалхачу соьца а
харцонаш лелийна
Мекарчу адмаша, амма,
Не1алташ кхайкхош, ас
къинош ца летийна,
Ца бина ас церан хам а.

Куралла,
суо малик хеташ,
ца лелийна,
Суо адам лерина цхьалха.
Со г1алат вийлина,
ас дерташ лехьийна –
Дахар ду со зийна пхьалг1а.

Мог1анаш, сан хьашташ
кхочуш деш рицкъаца,
Аш соьмех бохча ца дуьзна.

Берриг сан сал-пал
баккха сайн ницкъаца
Дахарехь ас даим дезна.

Массо а санна, со
цамгарех кхийрина,
Цхьангге сан лазам ца буьйцуш,
Даим а иза ас
сайн кийрахь къийлина,
Цхьанне а бале ца вуьйлуш.

Доьзалшка ца дуьйцу
наггахь сайн баланах,
Цара сайн дог эцар лоьхуш,
Даим а тоам би
аса сайн бахамах,
Дела, Хьан совг1ат и лоьруш.

Гергарачаьрга а
цкъа а сайн г1айг1анаш,
Леткъамаш беш, ас ца юьйцу.
Аллах1а ларвеш, ас
больницан г1айбанаш
Цхьа дика дукха ца хуьйцу

Баланаш дукха бу
х1ор адман оьмарехь,
Сайниш т1е оьшура хьанна?
Цхьа а вац кхоьллина
латта шен соьналлехь,
Ша бага я база санна.

Ларвалархь соъ лийр ву,
б1ешершкахь витаза
Лаьтта т1ехь. Элчано аьлла:

«Агнара г1аьттинарг
лахьтичу вижаза
Дуьненахь цкъа а ца ваьлла».

Х. Лаам

Махкахой, хилийта
Дика шун кханенаш,
Массаьрца со балхахь ваьгна.
Ган лууш кхана а
Токхе шун аренаш,
Б1ешарахь ваха со хьаьгна

Ницкъ кхочург дина ас
Т1аьхьешна кхачийта
Вочунах ц1ена мохк лиъна.
ДЖаймохк ас ларбина
Шу цуьнга кхабийта,
Х1умма ца оьшуш, дуй биъна.

Ас сайна ца лехна
Г1аланаш, бахамаш,
Тоам беш деллачух Дала,
Мелхо а схьаэцна
Адамийн баланаш,
Сихвелла со орцах вала.

Чолхечу дахаран
Текхадеш киранаш
Хийла ас халла ког билли.
Мел миска ваьхнех а
Б1аьрхьалха кирхьанаш
Ца леци, яздеш харц илли.

Эшарший, иллеший
Экамчу безамах
Яздина ас а сайн, амма
Оьздачу къоналлин
Синхаам беламах
Ларбина ша йо1-б1аьрг санна.

Йо1 хьажар синкъерамехь
Вайх хьан ца къийсина,
Цхьа башха детталуш дегнаш?
Амма дайн г1иллакхца
Доцурш ца кхийсина,
Б1аьцашца кхиверг веш аьшнаш.

Йозанаш ас нохчийн
Стогаллах яздина,
Вайн къоман юьхь-сибат хестош,
Вайн нохчин амалш ас
Дуьненна хазйина,
Диканиг даим а дестош.

Кхолларшца (1) оьзданиг
Дусадеш даьстина
Дегнашкахь ас хьунан тайнаш,
Дуккхамма даггара
Сан байташ хьаьстина,
Д1айоьшуш шайн-шайна тайнарш.

Буьллуш сайн лаамна
Лаг т1е ког, йолана
Хьесталуш, ца язди илли.
Ас дерриг йозанаш
Д1аделла къомана –
Цуо суна еза ц1е тилли.

Ас байташ кхоьллина
Лууш уьш ехийла
Б1ешеркахь, х1оранна оьшуш.
Хуур ду суна суо
Эрна ца ваьхнийла,
Хилахь аш сан йоьшуш!

## Х1. Цундела   со кхочур ву…

Со кхочур ву
шун кханенан
чкъурийн гене,
Моттарг1ана
Яздинар йоза   доцуш,
Со чекхвийр ву
б1ешерийн даккъийн
лакхенех,
Сайн байташкахь
Данкон дагал
сирла вогуш.

Сан байто,
къахьоьгуш,
жим йийр ю вайн хере,
Шен дешнашца
хедош
б1ешерийн дукхалла,
Кхочур ю шу долчу и,
ма кхаччара тхан хене
Дедайн хаза г1иллакхаш,
сий, ларам,
оьздангалла.

Шун гуш йоцчу генехь,
теш х1иттош
тхайн ханна,
Б1ешерийн лакхенийн
т1ехула хьоьжуш,
Гойтур ю ас,
накхаршлелочо шен
накхарш санна,
Сайн иттаннаш книгаш,
аш мах хадор хьоьгуш.

Шун гене кхочур ду
сан дийцарш –
со вийца,
Йиц а ца луш
я яйа цалуш
цхьана а ханна.
Кхочур ю сан книгаш
ас язйинарш
деган ц1ийца,
Тхан хене схьа кхаьчна
Ассирин
зайлийн йоза санна.

Ма боккха бу
сан лаам
къоман дагахь виса,
Сайн кхолламехь,
кхоллараллехь
даим лехна иза.
Амма дерриг а
карахь ду
Вайн Везачу Делан
Цуо динарг бен
хуьлийла дац
дахарехь дуьненан.

---

1. Кхоллар – нохчийн маттаца шен маь1ница дог1уш доцчу «говзар» (произведени) дешан метта ас кхоьллина дош: произведение (производить) – кхоллар (кхоллар)
2. Данко – оьрсийн яздархочун А.М.Горькийн (Пешковн) «Йоккха стаг Изергиль» («Старуха Изергиль») дийцаран боданехь шен дог латийна, нахана некъ гойтуш, хьалха ваьлла турпалхо

2019-2020 шерш

# Кхоалг1а дакъа

## Сонетийн кочарш

Нохчийн поэтех цхьа а вац нохчийн маттахь сонетийн ялх кочар язйина Нохчийн респуликан халкъан яздархо Кусаев 1адиз бен. Нохчийн литературан историехь ван а кхо поэт бен вац сонетийн кочарш язйина – цхьацца Нохчийн республикан халкъан яздархочо Арсанукаев Шайхис а, Гилагаев Сайд-Мохьмада а, пхиъ – Юсупов 1илмана.

«Сонетийн кочар инзар хала а, чолхе а лиро-эпикан жанр ю, шен дуккха башха бакъонаш йолуш, - яздора литературатallарxочо Арсанукаев 1абдуллас, - 210 мог1анехь лаьтташ йолу сонетийн х1ор а кочар жима поэма ю. Уьш язъян вуно хала ду. Цундела дукха ца язйина уьш нохчийн поэташа хьовха оьрсийн а, Европин а поэташа».

Кусаев 1адизан цхьацца йолу сонетийн кочарш зорбане евлла «Даймохк» газетан а, «Орга» альманахан а аг1онаш т1ехь.

Гелани Индербаев,
литератураталлархо, критик,
филологин 1илманийн кандидат

## Дайн латта

1

Нохчийчоь - эзарнийн де-де-дайн ага,
1аламо къагийна исбаьхьа сурт.
Ирсе ву со вина хьуна чохь ваха –
Сан дагна хьоме ю х1ора хьан юрт.

Дайн латта, хьуна чохь ду де-дайн урд,
Б1аьстенца ялта доь, гуьйренца ору.
Цундела хьох Даймохк Дег1аста олу,
Кхузахь ду х1ора бакъ нохчочун чурт.

Дег1аста – б1ешерийн теш лаьмнаш къоьжа,
Х1ор тог1е – я хебар, я т1еман мо,
Хиш, 1аьмнаш, седарчий шайна чу хьоьжу.

Хьайна чохь яржийча ц1ераш т1амо,
Хьуо ларбан мостаг1ех даим а оьшу,
Хьайн к1ентий кхиош ахь йина само.

2

Хьайн к1ентий кхиош, ахь йина само,
Дайн латта, къонахий бахчийна ага.
Муьлххачу къовсамехь хьуьнарца къага
Х1оранна ницкъ лора сатийсамо,

Лерринчу таппашкахь бераш гулдой
Кечдора зерашкахь цкъа а ца доха,
Орчуьра ка баккха, г1акхна топ тоха,
Кхио шайн са хуу тешаме дой;

Дин хохкий, лаьттара йовлакх схьа оьцуш,
Езийре д1а кховдош, цуьнга дог даха,
Буса куй кешнашка хьош, теш ца оьшуш;

Хьун ягош, шаьш даьхна кхаш, ирзош аха
Б1аьстенца гуотанан баьлчаш а лоьцуш,
Б1ал карчо, б1ов йотта, хьеран т1улг ага.

3

Б1ал карчо, б1ов йотта, хьеран т1улг ага,
Месашна т1едиллалц шерийн луон х1ур,
Очакхан з1е 1аржъеш, г1иттийта к1ур,
Даима дог доxден ц1е латтош яга.

Махка чу даьржича мостаг1ийн сур,
Моьттина, нохчий, шех кхера а белла,
М1аьргонехь х1уьттур бу гор, къера хилла,
Лаамца д1алуш шайн пондар, дайн тур.

Мостаг1ий-м хилла вайн дайх 1ехабелла:
Б1аьвнаш т1ехь ягочу ц1ерийн к1уьро
Бен хаам гуш, б1она дай дуьхьал бевлла.

Ц1енаниг юьйхина, йина ц1ано,
Г1иттина къонахий, лардан ц1а, эвла
Мостаг1ех лата, ц1е тесча т1амо

4

Мостаг1ех лата, ц1е тесча т1амо,
Чал дера герзашца юкъ йоьхкуш, хийла
Г1иттина, дайн латта, хьан к1ентий, хилла
Ц1окъ-лоьмал майра уьш, лардечохь хьо.

Нохчийн б1ов къаьрйина яц мостаг1чо
Нохчий гор х1иттина бац цхьана а б1она,
Летта уьш ца къаьстан къена я къона,
Шайн дегнаш г1иттадеш дечк-пондаро.!.

Ницкъ эшча, лаьмнашка д1аихна нах,
К1отарш еш Цхьой-Пхьеда, Маьлхиста, М1айста
Маьршачу дахарх д1а луш беза мах.

Шайн кегий кхаш-терхеш  охкуш-дуьйш б1аьста,
Къонаниш 1амош хьо ларбан т1амах,
Синтеме м1аьргонехь 1емаш юкъ яста.

5

Синтеме м1аьргонехь 1емаш юкъ яста.
Хьан къоман дахаран тептарна т1е
Язйина ю х1ор а къонахчун ц1е
Воьжначун, ца кхуьуш наггахь бер хьаста.

Б1ешершкахь ларйина, чкъуро луш чкъуре,
Нохчаша маьршачу очакхан з1е,
Цайойтуш, схьаеъна очакхан ц1е,
Хазъеш вай 1уьре, я токх еш суьйре.

Эшаеш хийлачу мостаг1чун г1ера,
Дайн латта, хьох бина меттамотт шайн
Нохчаша, ца хуьлуш зерашна къера.

1ехалур бац дешех, я детех к1айн
Стигланаш т1еелхарш, лур бац кхера -
Хьоме ду х1оранна латта шен дайн.

6

Хьоме ду х1оранна латта шен дайн –
Х1ор а лам, х1ор а ахк, х1ор а юрт, аг1о.
Баьхна нах, хьешана луш х1усам шайн
Мостаг1на махках еш болатан ч1аг1о.

Нохчийн нах хилла бу хьешана са
Д1адала кийча, луш отичохь г1овла,
Де эшна волчунна орцах а бовла,
Ямартчу адамех лардан шайн ц1а.

Доттаг1алла дезаш дукха шайн сил а,
Баз ца беш элий, ца беш нажжаз лай
Нохчийн нах б1ешерийн йохаллехь хилла.

Б1ешершкахь ца хедаш т1аьхьенийн тай,
Тахнене кхаьчна, бакъдолчун бух билла,
Тоьшалла – Къоьзанан 1ам т1ера яй.

7

Тоьшалла - Къоьзанан 1ам т1ера яй -
Вайн къоман кхолламан тептар ша ц1енна.
Цунна т1ехь яздина йоза ца дай -
Лардина дедайша иза т1аьхьенна.

Т1аккха схьакховдийна вайга ду и,
Хьаийта мичхьара схьабаьлла орам
Б1ешерийн некъ бинчу вайн нохчийн къоман,
Кавказехь докханиг шел доцчу кхин.

Геннара схьа некъ беш вайн къам ду даьхна,
Г1иллакхаш кхиадеш, кхечарах къаьста,
Хьомечу дайн лаьмнийн х1уо муьйлуш аьхна.

Массарца барт лехна, ондаллехь – б1аьста.
Тоьшалла ду иллеш дедайша даьхна,
Шоьнарчу наьртийн нох, мангал, марс ц1аьста.

8

Шоьнарчу наьртийн нох, мангал, марс ц1аьста,
Г1аг1, тур дан говзанчаш хилла бу вайн,
Дарбанаш лелош, дог дархочун хьаста,
Рузма ян хьекъал а тоьъна ду дайн.

Муьлхха а г1уллакх дан вайн нохчийн нах
Даим а миччахь а хилла бу говза:

Диканехь оьздачу ойланца бовза,
Вон деъча, цецбаха шайн хьуьнарах.

1амийна диканан хазхетар декъа,
Вонехь д1а х1итта, са кхоа ца деш,
Диканехь - сакъера, вонехь - ца текъа,

К1ентий ахь, латта, тешамен берш.
Кхиош хьайн къонахий, дуьненан меха,
Эрна ца летийна очакххийн ц1ерш.

9

Эрна ца летийна очакхийн ц1ерш,
Эрна ца х1иттийна 1аламан г1аьпнаш -
Мостаг1на лаьмнашкахь дуьхьлонаш еш,
Эрна ца эгийна некъаш т1е пепнаш.

Эрна ца х1иттийна ягийна ярташ
Юха д1а, хийлазза денийна ахь,
Эгначарна т1еман аренашкахь
Эрна дац х1иттийна сийлаллин чарташ

Эрна ца 1амийна вайн дедедай
Къаноша хьекъалан 1аьрчашка кхача,
Эрна ца теxкийна наноша вай.

Дайн латта, дийна ю дахаран тача,
Эрна ца хиларна кхеxкийна яй
Дайн латта, ахь, кечбеш к1енташна кхача.

10

Дайн латта, ахь, кечбеш к1енташна кхача,
Халкъана кхиийна бакъ къонахий,
Баха шайн дегнаш т1е ца юьллуш ача,
Даймехкан даим а сов доккхуш сий.

Бахийта, кхерамаш д1абевлча, хуьйцуш
Маьршачу куьйгашкахь баьлчашца тур,
Бахийта синтеме кханене хьуьйсуш,
Б1аьвнаш т1ехь орцанан к1ур.

Бахийта массар а лоьру нах хилла,
Дешан дай бу, аьлла, сай-пусар деш,
Дезаш хьо, дайн латта, дукха шайн сил а.

Уьш бен бац вайн къоман иэсехь хир берш,
Бахарна оьшуш г1ум-есаллехь хил а –
Масал ду Жаьммирзин, Бийболтан ц1ерш.

11

Масал ду Жаьммирзин, Бийболтан ц1ерш,
Г1аролехь лаьттинчийн вайн халкъан ирсан.
Бехаш бу х1инцаъ, шайн сий-ларам беш,
Эвтархойн к1ант Ахьмад, Зайтан Шихмирза.

Вехар ву вайн иэсехь х1ор турпалхо
Ца вицвеш нохчаша - догмайра Ч1ег1а,
Ненан цхьаъ бен воцу к!ант Адин Сурхо,
Дадин во1, хилларг цхьаъ цхьа б1онан меха.

Шаьш кхайкха ца оьшуш, я дехарш дан,
Уыи бина бара шайн халкъана баца,
Бакъ болу къонахий Дег1астанан.

Кечбелла, эшначохь букъ т1ехьа лаца
Дайн латта, я кийча барт - машар бан,
Хада ца хадийта дахаран тача.

12

Хада ца хадийта дахаран тача,
Де эшна веанарг схьаоьцуш т1е,

Г1о дина, латта луш, доькъуш рицкъ-кхача,
Белхи бой, х1усам йой, латаеш ц1е.

Т1аккха и дика д1а кхайкхадеш цуо,
Хи т1ерчу тулг1енийн байн гонаш санна,
Хабарш д1аса даьржаш, хезаш массарна,
Дайн латтан сий-ларам кхин а базбо.

Даим а шорлора доттаг1ийн гуо,
Хьакъ верг бен ца вазвеш, ца бацош леш,
Массо а ларара нохчийн халкъо.

Хьуьнаре хилла бу, маршо ларъеш,
Хьан к1ентий, муьлхха а эшош хало,
Ма дукха эгна уьш. сил хьоме берш

13

Ма дукха эгна уьш, сил хьоме берш,
Хьан к1ентий, х1олламаш кешнашкахь тийна.
Ларйо вай церан ц1ерш, дозалла деш,
Йовр йоцу ц1ерш а. сий деш, латийна.

Хьан к1ентий… Даим а каде бу уьш,
Де-дийне куьйгашца Дег1аста хазъеш,
Шо-шаре цуьнан сий, ларам, яхь язъеш,
Диканехь дог делош, халонехь - зуьйш.

Ца довззал тахана хьо хийца делла,
Дайн латта, йицйина не1аран мача,
Дечка нох. б1ешершкахь дедайшкахь лелла.

Дерриг до, д1айоккхуш шираллин ача,
Ахь тахна, массарца йохье а даьлла,
Сатуьйсуш дайн лаьмнийн сийлалле кхача.

14

Сатуьйсуш дайн лаьмнийн сийлалле кхача,
Къухь даьлла ца байта кханене некь,
Дайн латта, дерриг до, ирсан т1ам лаца,
Киртигаш т1ех1иттарх ца боккхуш ч1екъ.

Кхиийна т1аьхьенехь къинхьегамалла,
1илманан, хьекъалан ницкъ цунна луш,
Муьлхха г1уллакх дан хьуьнар долуш,
Дедедайн г1иллакхийн ларъеш хазалла.

Кхиийна синхьаштийн б1аьвнаш а лоруш,
Къоналло керланиш йоттар лууш,
Кхолларехь керл-керла кхиамаш бохуш.

Хир ду хьо, дайн латта, кхин а ницкъ болуш,
Дерриг а дуьненахь ларар совдолуш, -
И иштта хирг хилар суна ду гуш!

15

Нохчийчоь - эзарнийн дедедайн ага, -
Хьайн бераш кхиош ахь йина само,
Охана дан, б1ов ян, хьеран т1улг ага.
Мостагчух латта, ц1е тесча т1амо.

Дайн латта - нохчочун еза Дег1аста, -
Хьоме ду х1оранна латта шен дайн.
Тоьшалла - Къозанан-1ам т1ера яй,
Шоьнарчу наьртийн нох, мангал, марс ц1аьста.

Эрна ца летийна очакхийн ц1ерш,
Дайн латта, ахь кечбеш к1енташна кхача –
Масал ду Жаьммирзин, Бийболтан ц1ерш.

Хада ца хадийта дахаран тача,
Ма дукха эгна уьш, сил хьоме берш,
Сатуьйсуш хьан лаьмнийн сийлалле кхача.

---

Билгалдаккхарш:
Нохчийн дицделла, шира дешнаш -
Г1акх - нийсалла х1ума тоха 1аморig (оьрс. - мишень);
Баьлча - гуота нийса д1аяхийта куьйгашца;
схьалоцуш хилла ши га долу мукъ (оьрс.-рукоять);
Б1аьста – уггар а къар ца лучу лаьмнийн бецан тайпа;
Г1ап - т1еман ч1аг1о;
Б1о - доккха, чот йоцу эскар;
Г1аг1а - т1емалочун аьчка духар (оьрс.-кольчуга);
Нох - дечкан я аьчкан гуота;
Аьста – гам; цел
Рузма - хенан тептар (оьрс.-календарь)

**Къа**

1

Дерриг дуьне кхуллуш азалехь:
Сийна стигал, хи, стом, токхе латта,
Мокхазан лам, эзар шершкахь латта,
Ло т1ехь къегаш я хьаннаш гуш т1ехь;

Буса - бода, дийнахь - маьлхан нур,
Башха ораматаш, дуьне хаздеш,
Лаьттан маь1данашкахь еза хазнаш,
Шело, йовхо, дохк, седарчийн сур;

Дийнаташ а чот-бараммий боцу,
Ялсамане - дикачарна йелла,
Жоьжахате, къинча* бале лоцу;

Цаьрца цхьаьна, ц1ена дегнаш делла,
Ши адам а, шайца вониг доцу, -
Адам, Хьава кхуллу Везчу Дала.

2

Адам, Хьава кхуллу Везчу Дала.
Ялсаманехь даха хаа дой,
Цхьа 1алашо шена х1оттайой:
Церан амал, тешам, иман талла.

Дехаш хилла, ялсамане тайна,
Хьовзорна ца кхоьруш мацалло,
Юучуьнца ца хулуш хало,
Маликаша мутт т1екхоьхьуш щайна.

Де-буьйса ца къастош, шот, оршот,
Кийра бузош, аьхна х1уо а мелла,
Стигал - юрг1а, байн куз - болуш мотт,

Адам, Хава даьхна, Воцчу шел а
Диканиг, Вайн Дала йоцу чот
Комаьрша шеи массо ни1мат делла.

3

Комаьрша шен массо ни1мат делла
Ницкъболчо Адамна, Хьавина,
Зам-Зам-хица даха хаийна,
Тов цу хууш, ца луш цкъа а шел а.

Везчу Дала делла цаьршинна
Очакхан з1е, ц1е ца оьшу дахар,
Йоцу шеца цамгаран чарп, дагар,
Амалаш зиен и шиъ хаьржина.

Кхин адам а шайна уллохь доцуш,
Хир ду аьлла доцуш азалехь,
Кхин дуьнене, дикне дог ца дохуш,

Ларбеш Делан тешам, г1иллакх, эхь
Дехаш хилла ши са, денош дохуш,
Ялсаманин бошмийн хазаллехь.

4

Ялсаманин бошмийн хазаллехь
Хилла Адам, Хьава шайн зовкх хьоьгуш,
Даима а Дала дикниг хьоьхуш,
Масс-маликийн ц1енчу доьзалехь.

Массо х1ума хьанал дина Дала,
Хьарам бина боцуш цхьа стом бен.
Дихкина хилла 1аж баар, лиъна зен
Хьалхарчеран амал, муьт1ахьалла.

Доцуш цкъа а безам бевзина,
Я 1емина халонашца къийса,
Я аганан йиш леккха берана,

Дехаш дара хьанал ц1ена ши са.
Амма, Далла дуьхьал даьккхина,
Цкъа хьарчийра царах къа иблиса

5

Цкъа хьарчийра царах къа иблиса,
Адамна, Хьавана Дала делла
Куц кеп тайна хилар ца ладелла,
Шеконийн х1у долош дагчу тийса.

1аж хазбира царна бихкинарг
Хууш даим адмийн амалехь
Марзлуш хилар даим цхьалхаллехь
Уггар хьалха дан ца магинарг.

Кхиа, х1унда, хьарам беш, д1овш санна,
И стом Дала шайна бихкина,
Ца хиира цу хьалхарчу шинна.

Д1ора аьлла, кхерам ца гина,
Иблиса шен аьшпех тешина,
Парг1ат долу 1аж а биина.

6

Парг1ат долу, 1аж а биина,
Адам, Хьава – лаа ма ца олу,
Дихкинарг дан х1ор а карзах волу,
Сонталлин шен дина хиина.

Адман амал хуьлу тамашийна,
Даима а цуьнца ду хуьлуш:
Х1ор а веха шениг дан лууш
Шех тоам бан, шен ницкъаш а зийна.

1аж бууш я Адаман дагахь,
Я Хьавана кхерам ца гира
Хиндолчух, иблисо аьлларг дахь.

Дала шен кхел цаьршинна йира:
Халонашца зен, дуьне деш къахь,
Ялсаманах и шиъ даьккхира.

7

Ялсаманах и шиъ даьккхира
Ц1ано ян цкъа г1уллакх хилча, Далла:
Цуьнан ц1енчу бошмашкахь боьхалла
Хуьлийла данне а дацара.

Муха хуьлу боьха Везчу Делан
Щийнехь - исбаьхьчу ялсманехь,

Цхьа а чу ца вуьтчу, ца динехь
Шен дахарехь даим г1уллакх мелан?

Хаза зама, х1ума доцуш ала.
Адама, Хьава, ца оьшуш къийса
Халонашца, йоцуш г1айг1а-бала.

Амма, цкъа 1ехийча иблиса,
Харц дуьненчу даьккхира Вайн Дала
Адам, Хьава, леха зовкх а, ирс а.

8

Адам, Хьава, леха зовкх а, ирс а,
Даьккхира дуьнен т1е, тоьлла жин,
Токхе, аьхна беш ялсаманин
Бакъдуьненахь мукъне ган сатийса.

Хьацарца рицкъ доккхуш, хьега къа,
Бераш кхиош, мерза бала хьега,
Шайн хиллачу дахарх даим хьега,
Аллах1а кхел йира царна цкъа.

Цкъа 1аьнан дорцашлахь дала дегаш,
Цкъа хьийзош аьхкенан хьогалло,
Т1аккха лазамашна гор а эгаш,

Вуно к1еззиг хьоьстуш дикано
Деха хала вай, цу шиннан бераш,
Х1етахь ярна Дала оьг1азло.

9

Х1етахь ярна Дала оьг1азло,
Адаман, Хьаван къа ду вайх дахна
Бала байбар деха доцуш баьхна
Иза вайна шо шаре базло.

Алсам болу, керла къинош летош
Дуьне дуьзна долчу бераша,
Ямарт хуьлуш вовшийн - къаьмнаша,
Вовшах лата, бахьанаш а лехьош.

Цаьршиннан къа эзар шерашкахь
Ду вай, церан т1аьхьенаша, доькъуш.
Тешам боцчу кху харц дуьненахь.

Алсам дебаш, Деле гечдар доьхуш,
Хьаг1 - хьу сов а йохуш дегнашкахь,
Деха вай ваьш бехна бала хьоьгуш.

10

Деха вай ваып бехна бала хьоьгуш,
Тахна дуьне ма-дду даьржина,
И дукъ доцуш лууш хаьржина,
Бехке оьхуш, ваьшна гечдар доьхуш.

Букъ белла бу цхьаберш бахамах,
Кхиберш - миска, къелла «къикъ» а бохуш;
Цхьаберш – гушшехь, къинош алсам дохуш,
Кхиберш – ларлуш вочух-бохамах;

Цхьаболчарна г1айг1анаш язъелла,
Кхиболчарна уьш ганне ца го,
Ца дог1ушшехь, дерриг шайна делла;

Цхьаберш бахамаша хьере бо,
Кхиберш – лол а бетташ, хене бовла,
Даима шайн хьийзош кхолламо.

11

Даима шайн хьийзош кхолламо,
Дукха къаьмнаш ду лаьтта т1ехь дехаш:

Иза дуьзна, х1ор а сахьтехь дебаш,
Тахна варх1 миллиард адамо!

Кхоъ-ах бен ца хиллехь б1ешо хьалха
Тахна шозза алсам девлла уьш:
Ж1алин нускалш санна, ду кхуьуш
Адмаш - меца, хьогах, миска, цхьалха.

Кхуьу сиха къечу мехкаш т1ехь,
Эзарнашна минотехь совдолуш
1ожало д1а кхоьхьуш доллушехь.

Стиглахь, лаьттахь, т1емийн ц1ершкахь догуш,
Я кхидолчу бахьанашца лешшехь,
Хиламаша къиза синош огуш.

12

Хиламаша къиза синош огуш:
Латта догуш, кхехкаш т1епингаш,
Чим бой, ягош ярташ, г1аланаш,
Йилбаз - махо ц1енош, керташ отуш;

Доккха дог1а 1енаш лаьтта т1е,
Бода х1уьтгуш, инзаре дарц долуш,
Карзах болий, х1ордо кема кхоллуш,
Каш ца дуьтуш, чурт, д1а язьян ц1е.

Х1етте а цкъа гечдаре сатуьйсуш
Г1уллакхашца иман, дин ч1аг1до,
Халонашца стогаллица къуьйсуш,

Х1ор м1аьргонехь Далла 1амал йо,
Тешаш, дийр ду г1о, ша вазвеш, вуьйцуш,
Хьанал дахахь, адамашна Цо.

13

Хьанал дахахь, адамашна Цо,
Ирсе бийр бу нах стигла  ца кхолош,
Дегнаш 1адош, т1емашца ца дохош,
Ца йойуш ялсманех дегйовхо;

Къинош летош, цхьаберш бовларх хъера,
Бала боцуш жоьра зударийн,
Г1о доцуш дисинчу буо-бернйн,
Ун даьржинчохь гуллуш шайн сакъера.

Х1етте а ду тешаш адамаш,
Марха кхобуш, ламаз деш, я дохуш
Аллах1 Делан ц1арца суьлхьанаш,

Дуьтург Цуо ца хиларх тидам боцуш.
Деха, сов деш меле г1уллакхаш,
Ялсамане кхачаре дог дохуш.

14

Ялсамане кхачаре дог дохуш,
Адамаш ду оьхуш суждане,
Кхин мел дахарх, мел латтарх дуьне,
Иблисан къамелех тешар доцуш.

Со а цхьаъ ву оцу Делан лайх
Араваьлла г1уллакхаш дан меле,
Адамашна дика доьхуш Деле,
Иманехь ч1аг1вала 1емаш дайх.

Церан дагца еха дегайовхо
Хир ду бераш Адаман, Хьаван,
Бертахь дехаш, юкъахь воцуш довхо.

Кхочур ду уыи, ч1аг1деш, даржош дин,
Ялсамане, даха, хьостуш зовкхо,
Токхечу йистошкахь Зам-Зам хин!

15

Дерриге а кхуллуш азалехь,
Адам, Хьава кхоьллира вайн Далла,
Даха хаош, массо ни1мат делла
Ялсаманин бошмийн хазаллехь.

1ехаделла, тешна цкъа иблисах,
Бихкина стом шимма биира,
Ялсаманах Далла даьккхира,
Адам, Хьава, хададеш шен ирсах.

Х1етахь ярна Далла оьг1азло,
Ду вай, церан бераш, бала хьоьгуш,
Даима а хьийзош кхолламо,

Хиламаша къиза синош огуш,
Долчу вайх къинхетам бийр бу Цо
Хьанал дахахь, ялсмане дог дохуш.

------------------------------------------------------------------

Билгалдакхар:
*Къинча – къа латийна стаг. Нохчийн дош кхолларан бакъенашцца нийса дог1уш, ас кхоьллина дош Иштта ас кхоьллина ду «хьекъалча» (мудрец) боху дош а, кхидерш а.

**Безам**

1

Дехаш хилла ши са шен-шен сонехь,
Нохчийчохь дуьненчу даьлла цкъа,

Ша-ша деш къамелаш баттаца,
Юькъчу хьаннийн, хазчу тог1ийн гуонехь.

Б1аьрг, вон ца хилийта тосуш туй
Массара а, доьдуш - дог1уш гарца,
Билгал йолуш йо1 г1иллакх лардарца,
К1ант - лардарца делла дош, я дуй.

Пуллакхаш т1ехь ца хууш к1едалла,
Т1ахъаьлла нийсархойн ловзаршкахь
Йо1 - Маьлх-Аьзни, к1ант - ша къонахалла,

Дехаш хилла шайн-шайн ярташкахь,
Шайна рицкъаш билгалдинччохь Далла –
Шера арахь, нохчийн лаьмнашкахь.

2

Шера арахь, нохчийн лаьмнашкахь
Дехара шиъ. Халид кхуьура,
Даьрг1а бахна, ког1уш цигара
Б1о эшийнчу Коьжалган-дукъахь.

Шен де-ненан белош б1аьрг, дог 1ехош,
Кхуьура к1ант массанхьа а шен
Массара ц1е йоккхуш хастамен,
Мехкарша шайн къамелашкахь хьехош.

Даима т1еийзош церан хьежар,
Гича синкъерамехь, ловзаргахь,
Осал хеташ ницкъ болчунна къежар,

Кхуьуш вара Халид белхашкахь,
М1аьргонехь схьалоцуш къанойн хьехар,
Оьзда, г1иллакхе гуш арахь, ц1ахь.

3

Оьзда г1иллакхе гуш арахь, ц1ахь,
Яра кхуьуш лунал куьце юй-техь,
Аьлла, хеташ Хеда нохчийн юьртахь,
Лаьтташ йолчу Теркан йистошкахь...

Тархах вича санна кхиъна ваьлча
Пуллакхаш т1ехь, г1иллакхаш т1ехь дайн,
Цхьабарт болуш хьаржира к1ант шайн
Накьосташа - нийсархоша баьчча.

Кхиънера ц1ерш хууш ворх1е ден
Массанхьа а ларош жима кьонах,
Г1араваллла стогаллица шен.

Кхиънера и лаьмнийн ц1енчу х1уонехь,
Доттаг1ашна муьт1ахь, тешамен,
Даим хуьлуш юьртан дикнехь-вуонехь.

4

Даим хуьлуш юьртан дикнехь-вуонехь
Йолчу Хедин бакхий бара шен
Сатийсамаш, дерриг а дуьне,
Ерриг стигла йолуш санна долахь.

1аламо шен ц1ег1а, ц1ен-ал, к1айн
Делла уггаре а б1аьрла беснаш,
Калакойн 1аж санна, йогуш беснеш
Кхиъча, Хеда хоржу тхьамда шайн

Нийсархоша-доттаг1аша юьртахь,
Х1орамма а цуьнан бина хам,
Массара а, дагабевлла, бертахь...

Дерригенан ч1ог1а беш тидам
Девзаш оьздаллица арахь, кертахь,
Дехаш дара ц1ена ши адам.

5

Дехаш дара ц1ена ши адам
Хедехь товра тикмин дуткъа духарш,
Юкъахь-деза доьхка, п1елгахь – мух1арш,
Дешех къегаш г1абалин ши т1ам.

К1ажаршна юьйцина асанаш,
Стела1одан басарш санна, къегаш,
Лергах - хьалкхнаш, пхьаьрсахь
х1азарш лепаш,
Кочахь -туьтеш, когахь - пошмакхаш...

Воккха-жима дуьхьал вог1уш г1ахь,
Соцура, некъ буьтий, йоьдуш-йогуш,
Беснеш йогуш 1уьйренан ц1ергахь,

Гуьлмандин т1ам юьхь дуьхьал а лоиуш...
Кхуьуш дара Халид, Хеда, яхь,
Даймохкхий, дай, наний ч1ог1а лоруш.

6

Даймохкхий, дай, наний ч1ог1а лоруш,
Кхиъча, гулбо юьртан майданахь
Халида кегий нах пхьоьханахь,
К1айчу х1онце даха дезарх олуш.

Х1еттахь лоьдгех шайн хьаьжк1аш ц1анъян
Шен доттаг1ий Хедас белхех кхойкху,
Хелхабуьйлу, пондар, эшарш лоькху,
Самукъане йоккхуш белхан хан.

И чекхболу буьйса юкъал т1ех
Яьлча, Хедас баркалла а олуш
Хьенашна, бахкарна уьш белхех.

Мекарий ц1а боьрзу, новкъа бохуш
К1енташа, ца бухуш г1иллакхех,
Осал х1ума шайгара ца долуш.

7

Осал х1ума шайгара ца долуш,
Юьртара кегийра нах гулло
Шайн т1амдина Халидна улло,
Дуьненах малх санна, юьртах бовлуш.

Воьду и къахетта буоберех
Беркъа долчу, массарах а хьоьгуш,
Б1аьрхиш дакъош, йовлакхан т1ам хьокхуш,
Балехь болчу жоьра зударех.

Юьртан г1ийла дахар хийца дагахь.
Х1онце воьду, царна лаха там,
Вожахь чурт хир, сий-ларам - висахь.

Хаза кхиъна дара ши адам,
Саг1ина луш, доккхуш мархин сахь,
Нийсса доькъуш къоман ирс, лазам.

8

Нийсса доькъуш къоман ирс, лазам,
Кхиъна к1ентий, дола деш шайн яртийн,
Зактан дакъа деш шайн даьхнин, ялтийн,
Даггара беш тезетахь кадам....

...Хиндерг тховса, г1енах санна, гуш,
1ара Хеда, г1уллакхаш чекхдаьхна,
Ц1еххьана ойлано синтем баьхьна,
Детталун дог д1атен ца туьгуш.

Халидан вара, шел дика вуй-техь
Аьлла, хьаша, доькъуш дика-во.
Хедин юьртахь, Соцу цуьнан уьйт1ахь.

Х1усадас синкъерам сиха бо.
Цигахь девза ши са, нохчийн юьртахь
Кхиъна даьлча, хьоьстуш къоналло.

9

Кхиъна даьлча, хьоьстуш къоналло,
Дуьххьара го вовшийн Халид, Хеда,
Йийсар лоцу къегина ши седа
Даго дехна долчу олалло.

Дуьххьара синкъерамехь гина
Тайна к1ант-стаг, Хеда яра йоьхна,
Цуьнан кийра, безамо ц1е тоьхна,
Багийра м1аьргонехь, чим бина.

Ша еззашехь юьртарчу хийланна,
Хьешан х1ора дашехь схьахеза
Цуо ша цхьаъ бен хьеха ца еш санна,

Хеда хуьлу дог даха реза,
Хешега, дош лой цунна цхьанна,
Самабоккхий синхаам беза.

10

Самабоккхий синхаам беза,
Сатийсамо хазйо къоналла...
Новкъа, буьйса йоллалц дуг1ий ла,
Халид волу кхин дош алаза.

Вара Хедин синтем баьхьна к1ант
Ша ламанан кура леча санна,
Юхь- сибатехь, дег1ехь куьце, тайна,
Хаа ца луш шеца цхьа а ант.

К1анттий, йоккхур йолу, кхерам боцуш
Муьлххаъ ирхо, эшаеш хало,
Йо11ий, кхиъна, балхах къаьхкар йоцуш,

Синкъерамехь вовшийн дезало,
Ларамаза, дагахь х1ума доцуш, -
Вовшахтуху ши са безамо.

11

Вовшахтуху ши са безамо,
Эзар шершкахь ма-хиллара хилла,
Вовшийн деза долуьйтий шайн сил а
Адмаш цхьаьнатуху кхолламо.

Богу безам б1аьргаш суйнех къегош,
Летта сирла и шиъ ирсе дан,
Дийнахь, буса мерза г1енаш ган,
Даха бертахь, шайх массо а хьегош.

 Иштга хилла даим, хир ду кхана:
Кхиъна цхьаьна, я шаьш довзаза,
Ши са вовшашхкхета цкъа ц1еххьана.

Х1ора шарахь доккхуш шен заза,
Дуьне, адам Дала кхолличхьана,
Безам бу б1аьстенан нур хаза.

12

Безам бу б1аьстенан нур хаза,
Йог1у иза, дахар хуьйцуш, т1аккха
Тешамна ч1уг, йовлакх, я дош даккха
Сихло к1ант, йо1 - «еза» - дош хаза.

Кхехка безам, аьхкенан тов санна,
Синтем бойий, дегайовхо лой,
Уггар доккха хазахетар дой,
Сатийсаман ницкъ луш шина синна...

Х1онце воьдуш, деза х1айкал санна,
Хедин безам шеца к1анта хьо,
Иза дагахь латтош даиманна,

Новкъахь Делей, Хедей доьхуш г1о.
Безам ницкъ бу цунах тешачунна.
Ма лойла вай цкъа хьастаза цуо.

13

Ма лойла вай цкъа хьастаза цуо,
Цкъа цуьнан аз лерехь деказа.
Ма хуьлийла цхьаллехь декъаза,
Ца гуш х1усмехь берийн зевне гуо....

Гечо лехна, Теркал дехьа ваьлла,
Схьалаьллира инарлин бажа,
Мерза наб еш, 1уьллушехь важа,
Схьакхиале, юьрте орца аьлла...

Х1онц д1айоькъий, сихха ц1а а г1ой,
Нене дуьйций, реза йой иза,
Той х1оттадо, Хеда ялайой.

Ма довлийла вай а дакъаза,
Ца х1оттадеш кертахь иштга той,
Езийраца цкъа ирс декъаза.

14

Езийраца цкъа ирс декъаза
Нохчийн белхех, синкъерамехь, тойнехь,
Хьан къамел, куц, лелар шена тайнехь
Дехарна жоп йо1а далаза.

Ма лойла вай цкъа стом бааза
Безаман бГаьстенан бешахь кхиъна,
Ца довла йиш яцахь, иза биъна
Дезачу дуьненах довлаза.

Айвеш миска оьзда кхиъна верг,
Кураниг д1акхуссуш безам бу,
Ношбелла стом санна, тухий церг.

Къондеш 1ай, са дуьллуш б1аьста чу,
Эзар шершкахь дахар латтош берг
Даима а ц1ена безам бу.

15

Дехаш хилла ши са шайн-шайн сонехь:
Шера арахь, нохчийн лаьмнашкахь,
Оьзда, г1иллакхе гуш арахь, ц1ахь,
Даим хуьлуш юьртан дикнехь - вонехь.

Дехаш дара ц1ена ши адам,
Даймохккий, дай, наний ч1ог1а лоруш,
Осал х1ума шайца цхьа а доцуш,
Нийсса доькъуш къоман ирс, лазам.

Кхиъна даьлча, хьоьстуш къоналло,
Самабоккхий синхаам беза,
Вовшахтуху ши са безамо.

Безам бу б1аьстенан нур хаза.
Ма лойла вай цкъа хьастаза цуо,
Езийраца цкъа ирс декъаза.

## **Нохчийн лаьмнаш**

1

Дайн меттамотт къоьжа лаьмнаш ду
Дала къона латтош даиманна,
Муьт1ахь дина исламна, иманна,
Цуо лийр доцу са диллина чу.

Я т1епингаш ю д1атийна ханна,
Уьншарахь, еш санна, кхиххкина,
Ц1е - к1ур, т1улг - чим стигла кхийсина,
Г1ушлакхе д1акхача г1ерташ санна?

Я лайн даккъаш к1айн т1улг1енаш ю,
Г1евттиначохь г1оьмаллехь д1атийна,
Лаьттан, стиглан хилла доза - шу?

Я шайн белштГехь стиглан четар сийна
Латтош долу инзар адмаш ду
Лаьмнаш, хенийн хиламаша зийна?

2

Лаьмнаш, хенийн хиламаша зийна.
Цкъа дуьненахь х1ардаш х1иттийна
Дог1маш логге кхаччалц хьулдина,
Тулг1енаш т1еетташ, саьрмкаш санна.

Зийна лаьмнаш Делан 1аламо,
Тархаш шаръеш махо, малхо къагош,
Инзаре дийнаташ тевно дагош,
Ораматаш - шанан замано.

Т1аккха буьйда долу дуьне дегош,
Везчу Далла нохчийн лаьмнаш зийна,
Т1е стиглара ц1еран т1улгаш 1енош.

Иштта ч1ог1а Аллах1а дахчийна
Долчу лаьмнаша, шайх массо хьегош,
Шайн амалехь нохчийн къам кхиийна.

3

Шайн амалехь нохчийн къам кхиийна,
Цкъа деладеш, т1аккха холчу х1оттош,
Ахкаш мийлош, байт1ехь дижош - гТаттош,
Г1евлангахь - нуьйр, юрг1а - стигал сийна.

Нохчийн лаьмнаш цкъа ца лаьттина
Мотт ца хууш, иза бийца хьоьгуш,
Г1аш мехаша лестош, чахчарш оьгуш,
Шайн дагахьдерг даим дийцина.

Т1акха довлу дийнаташ сама,
Юзуш аьзнехь аре, басе, гу
Ахкаш хьолху, лакхахь бешча ша

Х1ор к!антах веш къонах, йо1ах - лу,
Ламанхой кхиийна лаьмнаша
Къинхетаме са диллина чу.

4

Къинхетаме са диллина чу.
Нохчий кхиъна, бууш аьхна кхача,
Ца юьллуьйтуш дагт1е хьунан ача,
Д1а ца бойтуш де-дайн кхерчан су.

Жа1уьнех а суна тарло гунаш
Даим шайн даьхни дажадеш –
Кура хьехаш, акха говраш, сеш,
Ахка буланаш, куц долу лунаш.

Юзуш дахарх шайн тог1енаш, аьрцнаш,
Ларда сема дийнатийн дуьне,
Дарждош акхаройн, аьрзонийн аьзнаш;

Ца хьадойтуш зуламе, уьне,
Лардеш 1алам лаьтгаш ду сан лаьмнаш,
Наьрташ санна, х1иттина хане.

5

Наьрташ санна, х1иттина хане.
Лаьтта лаьмнаш, стиглах кортош хьекхош,
Шайн лакхенах адам, леча хьегош,
Амма кура доцуш шаьн данне.

Я чалбанаш-марханаш хьерчийна
Гулделла ладог1а хьехаме,
Башломан - хьаьжочун тешаме
Мурдаш санна, гунаш ду д1атийна?

Бу-те эвлаяаш - Делан нах
Мехкан кхеле хевшина, беш барташ,
Ма ховжжара, гуо бина, мацах?

Хилла г1иллакх - оьздангаллин лардаш,
Лаьтта лаьмнаш, зенах, зуламах
Ялсаманен нохчин латта лардеш.

6

Ялсаманен нохчийн латта лардеш,
К1ентий хГиттош ондда лаьтта т1е,

Сийлаллица лело туьллуш ц1е,
Х1ораннах а ахархо, я пхьар веш.

Делла ц1ена 1аламан даарш:
Муьста берам, к1елдаьтта, даьтгаха,
Шурий, шоврий, шаррий - кхо доттаг1а,
Я ба1ар, я йоьхь, я буьзна марш;

Чуьхьа берам, локъамашца т1уо...
Баьхна нохчий, коьрта бахам хеташ
Х1усам, бераш, урдаш, бешахь - дуо.

Аьрцнашкахь кхаш, гонд1а янза керташ,
Орцах кхочуш, декъа дика - вуон,
Лаьмнийн карахь яьхна бертахь ярташ.

7

Лаьмнийн карахь яьхна бертахь ярташ,
Кхиош даима а къонахий,
Эшча, г1овттий мехкан айдан сий,
Т1амехь оьгуш, дебош кешнаш, чарташ.

Кхиъна, масал оьцуш берзалойх,
Ламаз- марха, хьаьждар - коьрта перзаш,
Шаьлта, тур-топ, тапча - дера герзаш,
Доттаг1ий - бой тешамечу дойх.

Х1иттош, цхьанхьа гулбина г1еметта,
Цхьаьна бехаш, ховшуш цхьа шуьне,
Цхьа а кхаьрдар воцуш, осал хетта.

Церан деза уггар а дуьне –
К1отарш, бенаш санна, басех летта,
Бераш санна, йолу г1овг1ане.

8

Бераш санна, йолу г1овг1ане
Ярташ, бошмаш, хьаннаш ягош, хийла
Кешнаш шордеш, декъий даржош шийла,
Т1амо 1аьржъйии лаьмнийн селхане.

Дукхаллица цец - акъ дохуш лаьмнаш,
Нохчашна т1елетта м1амгалой,
Астаг1чу Тимуран т1емалой
Юха бевли, эша ца луш б!аьвнаш.

Къар ца ели царна Нохчийчоь,
Каг ца дели лаьмнаш цхьаьллиг цхьанна,
Ца дай нохчийн къам шен доцуш доь.

Юхаъ х1иттий ярташ, хьаькхна хаьннаш,
Юхаъ г1овттий кГентий бохуш гоь,
Къоман ага текхош даиманна,

9

Къоман ага текхош даиманна,
Кхиий к1ентий майра, тешаме,
Къар лур боцу ницкъе, кхераме,
Т1амна говза, ша Ушурма санна.

Ялх шарахь кхирстира шайх Мансур
Къилбаседан Кавказ т1амна г1иттош,
Эшош, оьрсийн эскарш халчу х1иттош,
Айдина маршонан маса тур.

Висча меттиг йоцуш вола-вала,
Леци, виги Петарбухе шайх
Петропавлан г1опехь хьега бала.

Амма ца ван вели лоьмах лай.
Цунах санна, иэсан дош шайх ала
Лаьмнаша бакъ к!ентий кхиий шайн.

10

Лаьмнаша бакъ к1ентий кхиий шайн,
Таймин Биболатна улло бовла,
Маршо ларъеш, т1амна яккъаш къовла
Дихкина чал дера герзаш дайн.

Хийла йохий, ягий г1аьпнаш оьрсийн,
Т1елетий, ша йилбазмох хуьлий,
Т1акха шен тобанца д1аьтуьлий,
Къайла волуш, лаьмнашка ц1а воьрзий.

«Кавказин ткъес» аьлла йоккха ц1е
Ца тиллина Пушкина хьан - хьанна,
«Сийлахь Бейбулат» а тухуш т1е.

Ямартлонца вийра и ц1еххьана
Юьсуш т1аьхье некъ д1акхехьа шен –
Маьрша Дайхмохк ларбан, йо1-б1аьрг санна.

11

Маьрша Дайхмохк ларбан, йо1-б1аьрг санна
Х1ора дийнахь, сахьтехь еш само,
Г1овттийнера Кавказан т1амо,
Итт д1ах1уттуш наггахь дуьхьал б1аьнна.

Пазотехь ленбоцу дарж хаьржи
Цара, ца дуьтуш лаьмнашка лолла,
Шайца волуш шоно Удди – мола (1),
Сесанара Вокххаха – Хьаьжи (2).

Хийла йохий ламанхойн ков-керташ,
Хаькхи хьаннаш, ягий элаш, т1айш,
Нохчийчоьнан маршо хьаша г1ерташ.

Амма юхаъ охуш керла бай,
Кога х!итта дора бераш, ярташ,
Кхолламна т1елуьстуш чкъурийн тай.

12

Кхолламна т1елуьстуш чкъурийн тай,
Ца дуьтушшехь маьрша ц1ахь ког билла,
Кхиъна нохчий, церан ч1аг1о хилла
Х1ора лам, варш, тог1и, ахкан т1ай.

Шемал велча, имаман дарже,
Къийсамехь гайтарна стогалла,
Хаьржина турпала къонах хилла
Симсарара 1алибек - Хьаьжи.

Ламанхоша иза къобал веш,
Шайн кхолламаш тешош цунах цхьаннах,
Хаьржи баьчча, лаьмнаш х1иттош теш.

Цуо къийсира, доцуш шена санна.
Эгнарш хийца чкъураш кхиадеш,
Ондда муьт!ахь долуш Даймохк-нанна.

13

Ондда муьт1ахь долу Даймохк-нанна,
Хилла и чкъор, маршонан беш хам,
Г1уллакхашца даздеш гохчийн къам, -
1албиг-Хьаьжин т1аьхье даиманна.

Ийги, сий цуьррига ца деш бех,
Обаргаш Зеламха, Геха, Вара.
Шайл а т1аьхьа бити къийса цара
К1ентий - Моца  (3), Хьасан (4), Асламбек (5).

Гирман т1амехь, мостаг1ий а эшош,
Ийги к1ентий майра дегнаш шайн
Дашочу седарчех махкахь летош.

Ца хилийта нохчех цкъа а лай,
Ткъа бахийта дерриг къаьмнаш хьегош
Лаьмнаша дахчийна синош дайн.

14

Лаьмнаша дахчийна синош дайн,
Даха даим Деле дикниг доьхуш,
Ийман ч1аг1деш, доттаг1алла лоьхуш
Дерриге а, дуьне толлуш к1айн.

Малхо, дарцо, махо яххьаш цоьстуш,
Къежлуш, к1арглуш хебарш - тог1енаш,
Денойн, шерийн керчош т1улг1енаш,
Лаьтта лаьмнаш, Делан нуьро хьоьстуш.

Царна Везчу Далла бела беха
Кхоллам, баьчча х1оттийна Башлам.
Бехар бу сан Даймохк уьш мел деха!

Дезчу лаьмнийн даим а беш хам,
Х1ора т1улг, ге йолчу дешин меха,
Уьш мел лаьтта хир ду нохчийн къам!

15

Дайн меттамотт къоьжа лаьмнаш ду –
Лаьмнаш хенийн хиламаша зийна...
Шайн амалехь нохчийн къам кхиийна,
Къинхетаме са диллина чу.

Нарташ санна, х1иттина хане,
Лаьтта лаьмнаш, нохчийн латта лар деш.
Лаьмнийн карахь еха бертахь ярташ,
Бераш санна, йолу г1овг1ане.

Къоман ага техкош даиманна
Лаьмнаша бакъ к1ентий кхиий шайн
Маьрша Даймохк ларбан, йо1 - баьрг санна.

Кхолламна т1елуьстуш чкъурийн тай,
Ондда мут1ахь долуш Даймохк - нанна
Лаьмнаша дахчийна синош дайн!

---

Билгалдахарш:
1) Уди-молла – Х1Х-чу б1ешеран Кавказан т1еман турпалхо, баьчча.
2) Сесанара Воккха Хьаьжа (Ташу-Хьаьжа) – Х1Х-чу б1ешеран Кавказан т1еман турпалхо, баьчча.
3) Моца-имам – Нохчийчоьнан воьалг1а имам, 1932-чу шарахь колхозашна дуьхьала хиллачу ламанхойн г1аттаман бачча.
4) Хьасан Исраилов – юрист, поэт, драматург, 1942-1944-чу шерашкахь Советийн 1едална дуьхьала хиллачу г1аттаман куьйгалхо. Вийна шен наха 1944-чу шарахь..
5) Асламбек Шерипов – 1918-1919-чу шерашкахь Нохчийчохь кхихкинчу граждански т1еман турпалхо. Велла т1амехь 1919-чу шарахь, 22 шо бен доцуш.

---

## Нохчийн къам

1

Аллах1а дуьххьара кхоьллиначарах
Дуьненахь дог дика нохчийн къам ду,
Дикачех ц1ена са диллина чу,
Б1ашершкахь лардина цул т1аьхьа дарах.

Уллорчу Малхбалехь шен меттамотт
Болуш и цигахь б1ешерашкахь даьхна,
Жаш дажош, ялтанаш кхиош, байш аьхна.
Ву цуьнан тоьшаллаш деш Геродот.

Ницкъ болуш хиларна цхьамма ца эшош,
Пийланаш ца хьийзош, шена беш там,
Т1елеташ, лулахойн декъий ца эгош,

Дебча къам, Везачо бина сацам
Кавказе дало и, цхьаннах ца хьегош,
Абадехь дахийта болуш лаам.

2

Абадехь дахийта болуш лаам
Къам, цуьнан туркхе д1а кхайкхина Далла,
Х1ун сизаш оыиу-те амална аьлла
Нохчашна, массаьрга байта шайн хам?

Хьаьттина Сийлахьчо: «Муьлханиш деза,
Шун амал кхуллуш, ас къасто сизаш,
Лаарца уьш ч1ог1а лардойла аш,
Дош санна, цкъа а шайн ца хуьлу деса?

Бийцина ваханчо, к1еззигчух 1еха
Лур боцчу дахарехь нохчийн лаам:
Уьш деза хуьлийла дуьненахь меха,
Ц1ена ялсманин хи санна - Зам-Зам...
Цара ницкъ совбокхуш, некъ бина беха,
Ду тахне схьакхаьчна вайн нохчийн къам.

3

Ду тахне схьакхаьчна вайн нохчийн къам,
Азалехь уггар а диканеш делла
Г1иллакхаш, къинхетам совболчу Далла,
И муьт1ахь хиларна, цунна беш там.

Цкъа а, цхьанне а йиц ца ялийта
Елла Цуо Нохчаллин билгалонаш,
Ца къестош тайпанаш, я тукхумаш
Боккхачу доьзалехь нохчий бахийта

Вайн къоман тептар т1ехь яздина кхин
Чкъурашка ларъяйта даим а ярах
Бакъйолу бакъенаш къонахаллин.

Къам, кхиош т1аьхьенаш, 1амаеш царах,
Схьадеъна хаьккина заманан дин
Сийлахьчо б1ешершкахь лардина дарах.

4

Сийлахьчо б1ешершкахь лардина дарах
Схьакхаьчна къам. Цхьаннах тешна ву со
Хьекъал ду амалан сиз ваханчо
Делера хьалхара схьадехначарах.

Б1ешерийн хьекъал ду айдинарг къам
Тахана Тийначу х1ордал а к1орга,
Ира, ша мокхазан берд санна Орган,
Лекха ша ма-барра къоьжа Башлам.

Т1емашкахь толаме цуо кхачош хийла,
Б1ешершкахь доьдоцуш ца долуш чекх,
Цхьанне а ца децаш, лай хилла г1ийла,

Вайн къомо бина шен кхолламан некъ.
Цхьанне а къар ца луш, г1орасиз хилла,
Латтанаш бухдийларх ца боккхуш ч1екъ.

5

Латтанаш бухдийларх ца боккхуш ч1екъ,
Кхии къам, амалан сиз дехна - собар,
Сихдинчу г1уллакхийн т1аьхье, ша огар
Санна, ца къахъяйта, нах къахккал шех.

Собаро бохамех нохчий ларбора,
Мел хала киртигаш х1иттарх а т1е,

Мацалла, ун даржарх, я т1еман ц1е,
Ницкъ лора царна цо боха ца баха.

Миччахь а меттамотт билгала барх,
Урартухь, Миттанехь шен таппаш тухуш,
Я денъеш аьзнашца Башломан тарх,

Даим а баккхийчийн даше ладуг1уш,
Кхиъна къам, сих ца луш, кхерам хиларх,
Стигланаш т1еелхарх, доха ца духуш.

6

Стигланаш т1еелхарх, доха ца духуш,
Даьхна къам, х1ор йо1ах Чинг1аз кхиош,
Х1ор к1антах - къонаха, лардан шен дош,
Цкъа а ца човхош, я ч1ог1а ца тухуш.

Цундела дехний-те стогаллин сиз
Амална, туркх хилла ваханчо Деле?
Ладег1ний цундела муьлххачу кхеле,
Б1аьрнег1ар ца тухуш, я г1орасиз

Ца хуьлуш? Кхиъний-те бакъ къонахий
Стогаллах цкъа а цхьанххьа ца бухуш,
Маршонан т1емашкахь 1енадеш ц1ий?

Тешаме хиларна массара дуьйцуш,
Вайн къомо некъ бина, наха деш сий,
Шен дахар дикачу г!уллакхех дуцуш.

7

Шен дахар дикачу г1уллакхех дуцуш
Хилла къам, Везачо кхин цхьа сиз луш:
Хьаша-да т1еэцар деза долуш,
Деган комаьршалло иза т1еузуш.

Хьешана уггар а тоьлларг д1алуш,
Кийча вайн хилла нах хьаша т1елаца:
Оти-чоь, мотт-г1айба, синкъерам, кхача,
Цуьнгахь я беркат, я Делан стаг гуш.

Доьзалхочул ч1ог1а ларвина хьаша
Х1усамдас, валарх а ца волуш шек,
Т1аьхьенна ц1е юьтуш х1ор а шех ваша.

Хьешаша диканиг даржадеш шех,
Вайн къомо, хьаг1-хьунан яшаеш аша,
Бина шен кхолламан хьанал а некъ.

8

Бина шен кхолламан хьанала некъ
Вайн къомо, Аллах1а шена луш тешам,
Цунна ца хилийта дахарехь эшам,
Ша тешар лулахойх, лулахой-шех.

Вешина санна, шен дуйн доттаг1чунна
Даим а тешаме хилла нахчо,
Улло д1ах1оттина т1амехь вахчо,
Эшначохь са а шен д1адала цунна

Даьржина дийцарш д1а вайн тешамах,
Дуьненан ерриг а маь1гех чекхдуьйлуш,
Нохчашна т1еийзош тешамен нах.

Тахна а бу тешам иллешкахь буьйцуш.
Даим а ницкъ оьцуш доттаг1аллах,
Кхиъна къам, лаьмнаша шайн мара къуьйлуш.

9

Кхиъна къам, лаьмнаша шайн мара къуьйлуш.
Вайн Далла нохчашна амал луш ша

Говзаллаш еллийца шен комаьрша
Ницкъ болуш хилийта, балхо сий уьйуш.

Цундела муьлхха а болх-г1уллакх дан
Говза бу нохчийн нах кхолларан шовкъехь –
Ц1енош дан, бай аха, 1илманан новкъахь
Кхиамца муьлха а талламаш бан.

Цундела г1еметта х1иттадо бераш
Нохчаша, х1оранна говзалла лой,
Хилийта даим а къахьегарх бешаш.

Эшаеш балхаца г1елой, халой,
Мокъачу хенахь, шаьи кхиийна, дезаш,
Хотешкахь, тархаш т!ехь хьийзадеш дой.

10

Хотешкахь, тархаш т1ехь хьийзадеш дой,
Кхиъна дай, ловзаршкахь хьуьнарш а къуьйсуш,
Дегнаша хаьржина мехкарий кхуьйлуш,
Кха а дийнахь юьртана х1оттадеш той.

Куц-кеие хилла уьш, мехкарий, к1ентий,
Болуш шайн верта, топ, шаьлта, тур, дин
ДоттагГий, тешаме ца хиллал кхин,
Цхьанне а ца гойтуш осаллий, к1едий.

К1еззиг ца хилариа шайн лаьттанах
Катоха лууш берш, герз мара къуьйлуш,
Баьхна бу даим а вайн нохчийн нах;

Кхерамах, борз санна, г1уллакхе буьйлуш,
Мацалло г1елбича, ял еш цунах,
Хьогалло б1арзбича, шийла тхи муьйлуш.

11

Хьогалло б1арзбича, шийла тхи муьйлуш,
Леллехь а, мел барехь хилла дайн ирс.
Амална дехарна адмаллин сиз
Туркхо, ша Делаца къамеле вуьйлуш.

Нохчочо, рицкъ лоьхуш, хьанала къа
Хьегна, шен ирс лоьруш даим къинхьегам,
Цундела амалца хилла къинхетам –
Мисканиг ца витна ша цкъеллиг - цкъа.

Г1ийланиш х1иттийна хийлазза кога,
Саг1а лой комаьрша, я закат дой,
Царна т1ехцатухуш, дош аьлла шога,
Цахьожуш ша динарг цхьанне а гой,
Бераш а, г1иллакхаш дайн долуш ч1ог1а,
Кхиийна, сов лоруш маршой, нийсой.

12

Кхиийна, сов лоруш маршой, нийсой
Вайн къомо комаьрша шен чкъураш хийла,
Стогалло ницкъ а луш зерех чекхдийла,
Ткъа рицкъа - адмалой, къахьегарой.

Амалан кхин а цхьа сиз вайн Деле дехна
Туркхо - Даймахкана муьт1ахь хилар,
Даймохккхий, дай-наний ларарца лар
Дахарехь йита некъ нохчочо лехна.

Цундела Даймахке шен безамах
Ницкъ оьцуш, хилла и дика чекхвуьйлуш,
Муьлхачу а зерах, лоллах, т1амах.

Цундела ду вайн къам иллешкахь дуьйцуш
Тахане схьадеънарг, ца деш сий лах,
Иманехь, исламехь даим садуьйлуш.

13

Иманехь, исламехь даим садуьйлуш
Тахана къаьсттина вайн адмаш ду
Дахарехь дуьххьара са деъна чу,
Бакъйолчу маршонан аьхна х1уо муьйлуш.

И йоккхуш т1амех чекхдийлина ду
Нохчийн къам т1аьххьарчу пхеб1ешерашкахь,
Х1аллакдеш, ца дуьтуш даха лаьмнашкахь,
Дукханна лууш шен д1адайа х1у.

Хиллехь а ша, махках дохуш, даржийна
Хийлаза къизаллой, ницкъой, т1амой,
Халкъо дегйовхонца т1аьхье кхиийна,

Пиллакхаш д1акхехьа весет а дой,
Деза вай уьш лардан ваьш мел ду дийна –
Нохчийн къам ду тахна изий, хьой, сой.

14

Нохчийн къам ду тахна изий, хьой, сой
Цхьааллехь бен цкъа а онда хир доцуш,
Барт ч1аг1беш, нийсонан новкъа схьадог1уш,
Кхолларан шовкъехь гуш дахаран той.

Вайн Далла къастийна стогалла елла,
Къар ца луш, дуьхьала х1оттарх а лам,
К1ад ца луш, мохк хазбеш, хийцош ду къам,
Каде я хьекъале хир доцуш шел а.

Тешамо доттаг1ийн ларам совбохуш,
Оьздачу г1иллакхех синб1аьвнаш еш,
Ийманан, исламан нур шена догуш.

Керлачу кхиамийн ша хуьлуш теш,
Дехар ду нохчийн къам, ирхенаш йохуш,
Йина шен Даймахках б!аьстенан беш!

15

Аллах1а дуьххьара кхоьллиначарах,
Абадехь дахийта болуш лаам,
Ду тахне схьаькхаьчна вайн нохчийн къам
Сийлахьчо б1ешершкахь лардина дарах.

Латтанаш бухдийларх, ца боккхуш ч1екъ,
Стигланаш т1еелхарх, доха ца духуш,
Шен дахар дикачу г1уллакхех дуцуш,
Бина цо хьанала кхолламан некъ.

Кхиъна нах, лаьмнаша шайн мара къуьйлуш,
Хотешкахь, тархаш т1ехь хьийзадеш дой,
Хоьгалло б1аьрздича, шийла тхи муьйлуш.

Кхиина сов лоруш маршой, нийсой,
Ийманехь, исламехь даим садуьйлуш,
Нохчийн къам ду тахна- изий, хьой, сой.

**Иэс**

1

Сан бералла - хьаннаш, тог1еш, лаьмнаш,
Мохь тоьхча хеззачохь иолу ярташ,
Кешнийн шира т!улгаш, баьрзнаш, чарташ,
Б1аьста - зазлахь, гурахь - дашо аьрцнаш,

Ворда ц1ийзар, ловзаргахь дин хьовзор,
Некъаш - 1авраш, бежнийн тачанаш,
Кертийн гуонехь бошмийн асанаш,
Ага текхош, нана тийна тхьовсар.

Х1усмашкахь - к1айн пешаш, уьйт1ахь куьркаш,
Берийн дийшар - г1овттар - аганаш,
Пхьоьхан майда - къоьжа 1асанаш,

Кхачин сийдеш, 1алашдина цуьргаш.
Ворх1 ден хенахь дуьйна хьоме юрт –
Ден ц1а, дайн кхерч, ден дуо - иэсан сурт.

2

Ден ц1а, дайн кхерч, ден дуо - иэсан сурт,
Беша йисттехь - шовда, боьра, т1ай.
Эх1! Ма мерза хуьлура-кха 1ай
Бууш хьаьмцаш, кхораш, 1енош мутт.

Эх1! Ма хаза яра ненан пеш
Экъанчохь, я бухахь, ц!е т1е тоттуш,
Мохь тохаза, тоьхна сискал йоттуш,
Тоьпаш - галнаш, я мижаргаш деш.

Чомехь бара жахар, жижиг-галнаш,
Чукегоргаш, я цун межаргаш,
Тати, нитт чу буьллий, хьолт1амаш,

Даьттаха, к1алдмазарш, хингалш, дал наш.
Хуьлура, дагорах, беттарх к1ур,
Наина уллохь даим берийн сур.

3

Наина уллохь даим берийн сур
Гуллора, латорца куьрк я товха,
Хууш дуйла кхехкор кхункхаш довха,
Хьаьжк1аш кхорзуш чуышалгаш юур.

Хьера кечъеш цуо уып кхорзура,
Юьхьт1ехь ловзуш ц1е, пийсакца кегош,
Буьртигаш даточу цинцехь къегаш,
«Т1ах-т1их» ч1ог1а дарца лелхара.

Гурахь кхаш т1ехь хьаьжк1аш йоттура,
Цхьанакхеттий буса, ц1ерш а летош,
Охьаэгна керла б1араш лехош,

Ламарщцана хьаьжк1аш юура.
Дора аьхка лийча, хи ца даржаш,
Татолаш т!ехь т!улгийн ч!ингаш-1аьмнаш

4

Татолаш т1ехь т1улгийн ч1ингаш- 1аьмнаш
Г1ан хилла го к1орга-1инчохь деш.
Лаьмнийн берийн жимчу хенан теш,
Дац уып тахна - дасса дела аьрцнаш.

Сакъерар а дара берийн цхьалха –
Т1улгаш, д1аьндарг, ловзар лечкъаргех,
Бехчалгех тхаып йинчу буьрканех,
Маса идар - мила волу хьалха.

Зуьйра амалш куйнаш дахкарехь,
Буса цхьаъ ша кешнашка а воьдуш.
Оьшура майралла и схьаоьцуш,

Кхеравалар - дуьне къахьден эхь.
1ай - салазаш, аьхка тевнехь дагар-
Сан бералла - де - дайн хилла дахар!

5

Сан бералла - де - дайн хилла дахар:
Цамгар летча - къоман лоьралла,
Кхартанийн вон хьегна бералла –
Церан тевнехь хийла бер-кер дагар.

XI иттош дег1 а т1ехь ц1еран сизаш,
1ожалан х1осх санна, дарба доцуш,
Кхартанийн алонехь сиха догуш,
Чим хуьлий, д1адовра бер сиха.

Д1авелира воккха ваша сан,
Шен пхиъ кхочуш, церан 1азап текхна,
Нийсархойн шен б1еннийн дакъа декъна,

Де-ненан ницкъ боцуш г1оли ян,
Денойн ч1уг: гуш юхаъ гинарг цкъа –
Беркъа духар, миска кхача, са.

6

Беркъа духар, миска кхача, са
Когаш1уьйра дедда лелла хийла,
Дахар - цхьа а хьоьгур воцуш г1ийла,
Цунах кхета хьекъал кхиаза.

Х1етте а сан яра beralla,
Х1ун ю а ца хууш г1айг1а-бала,
Да хьехархо волуш дага вала,
Ялаза шех хьакха куралла.

Иштта оха д1акхехьнехь а кхоллам,
Цхьанне бале доцуш лаьмнашкахь,
Цхьа а ца хьулдеш дегнашкахь,

Бахьна доцуш кхел ян, сардам болла,
Т1ех1оытира зама кхайкхаза –
Харцо евзи, ялх а кхачаза.

7

Харцо евзи, ялх а кхачаза,
Сатасале чулилхича салтий,
Делха доьлча наний, йо11ий, к1анттий,
Х1ун бехк баьлла? Цхьаммо алаза.

«Сал-пал гул бе. Некъ хир бу шун беха
Сиха. Сиха!» - Салтий дера бу.
Миска нана, йоьхна, хийзаш ю:
«Х1ун ю коьрта?» Х1усамда вац хьеха.

Юьртан майда. Буьйса. Деса ц1енош.
1оьху бежнаш. Уг1у ж1алеш, потт
Лерга х1оттош. Хоттахь буьллу мотт

Ц1унлахь д1атоь бераш, ло т1е 1енаш.
Шийла 1уьйре! Некъ. Ире - ворда кхачар.
Дай баьхначу лаьттах къиза дахар!

8

Дай баьхначу лаьттах къиза дахар:
Деношна вагон ц1а хили сан,
Хехо - салти сибтехь иблисан –
Эрна хуьлу цуьнга дина дехар.

Ц1енкъа юккъехь жима аьчкан пеш.
Адам - зуда, жима, воккха ийна.
Хийла йо1 - стаг хьашто новкъахь йиина,
Къоман оьзда г1иллакхаш лардеш.

Х1уьттаренна, лазам алсамбаккха,
Яхь-сий хьоыпуш, I оттар, муыпка еш,
Жима - воккха хьийзий, сийсазвеш,

Дуьхьал воккхий, тоьпаш тухуш т1аккха.
Хийла хили, т1е ван, дага лоцуш,
Новкъахь верзор велларг каш-барз боцуш.

9

Новкъахь верзор велларг каш-барз боцуш,
Хийла хили, жоьжахате некъ беш.
Лайра дерриг, массо а ца леш,
Цхьа Дела бен г1о дан накъост воцуш.

Наг-нагахь со, халла хьала волий,
Шолг1ачу паднаран г1атта т1е,
Корах ара хьожура: дуй - те
Тхайчух тера доцу дахар, олий.

Вагонан тхов к1еллахь дара и
Вуно жима, лецна стаммий телаш.
Наггахь гора байнаш д1асалелаш,

Доцуш санна лаьттахь х1ума кхин.
Мохк, дагахь а доцу цкъа а ган,
Т1аьххьараъ набахта хили тхан.

10

Т1аьххьараъ набахта хили тхан,
Цкъа мацца а тхо д I акхаьчча, пана...

Г1ийла йилхи йо1 елла сан нана,
Беран дакъа д1алуш, кхин ца ган.

Т1аьххьара д1аккхачча паналле
Чекхдалаза дара шийла 1а,
Туй а г1ора деш кхоссарца д1а,
Са а лоцуш ши дош алале.

Олхазарш а, г1овттахь нагахь санна,
Оьгура м1аьргонехь г1ора дои.
Мулкалмоттна х1отто токхе той,

Тхо схьадалло дага деъна хьанна?
Тхуна жоьжахате йи - те хьан
Дарцо лоькху ареш Сибрехан?

11

Дарцо лоькху ареш Сибрехан –
Г1ирг1азойн, казахийн шуьйра мехкаш
Лаьттара, 1аь г1иттош, ло а кхехкаш, -
Юьхь огу мох хала бара лан.

Эрна арахь сецира вагон.
Тхо диссира. Дуьхьал баьхкинера
Ярташкара дай. Бацара уьш дера
Бийцинехь а нохчий шайна вон.

ТТаккха Тянь-Шань ломан когашкахь
Дахахь - даха, лахь - дала ховшийра.
Кхойтта шарахь тхо кхолламо зийра

Г1ирг1азойн, казахийн к1ошташкахь.
Дехи тутмакхел сов маьрша доцуш,
Бехкамаш бен кхин гуш ков-керт йоцуш

12

Бехкамаш бен кхин гуш ков-керт йоцуш
Дара комендантийн олаллехь,
Адмаш, цуьрриг бехке доцушехь
Йист йоцчу набахтехь хенаш йохуш.

Дукха бара хьоьжурш оьг1азе
Меттигерчу бахархойх юьхьанца,
Девнаш дохуш муьлхачу бахьанца,
Цамгарша а дора доккха зен.

Нохчийн къар ца лора, хийла каш
Даккхарх, лардеш къоман г1иллакхаш.
Напха лоьхуш, охуш г1ийла кхаш,

Лардора дайн деза г1иллакхаш.
Хан яьккхира къомаца ас хала
Кхойтта шарахь махке доьг1уш ла.

13

Кхойтта шарахь махке доьг1уш ла,
Кхиира со, болх беш, къуьйсуш, доыпуш.
Хала хилча киртиг сан дог оьцуш,
Везчу Далла лардира сан са.

Тера дара ч1ог1а Тянь-Шань лаьмнаш
Нохчийчоьнан лаьмнехь аьхка, 1ай.
Дукха дара гонд1а махках шайн,
В айнах санна, къиза даьхна къаьмнаш!

Немцой, курдаш, г1ирмин г1езалой
Бара тхоьца дерриге а доькъуш,
Массара цхьаттера бала хьоьгуш

Кхарачой, балкхараш, г1алмакхой.
Цаьрца, дахарх юзуш есалла,
Кхиъна, яхчалуш, сан бералла.

14

Кхиъна, яхчалуш, сан бералла,
Дицца дала гинарг, лайнарг цхьа а,
Сталина - дажала динарг цкъа а,
Харцонаш, лелийнарш I едала.

Дерриг дагахь нийсархойн ду сан,
Сийлахь боккха Даймехкан т1ом бала
Кхо шо долуш биначеран, бала,
Муьлха а т1ебеънарг, 1емаш лан.

Амма уггар ч1ог1а иэсехь лаьтта
Дешна ваьлла, х1оьттина г1еметта,
Суо ц1аверзар дай баьхначу метта –

Сатийсинчу, нанас винчу лаьтта.
Ца хадийта, берашка д1аделла
Къоман иэс ас, д1авалале велла.

15

Сан бералла - хьаннаш, тог1еш, лаьмнаш,
Ден ц1а, ден кхерч, ден дуо - иэсан сурт,
Наина уллохь хьийза берийн сур,
Татолаш т1ехь т1улгийн ч1ингаш - 1аьмнаш.

Сан бералла - де - дайн хилла дахар,
Беркъа духар, миска кхача, са.
Харцо евзи, ялх а кхачаза –
Дай баьхначу махках къиза дахар;

Новкъахь берзор белларш, каш - барз боцуш.
Т1аьххьараъ набахта хили тхан
Дарцо лоькху ареш Сибрехан,

Бехкамаш бен кхин гуш ков-керт йоцуш.
Кхойтта шарахь махке доьг1уш ла
Кхиъна, дахчалуш, сан бералла.

Бекарг 2010 -
Хьаьттан 2020

## Доьалг1а дакъа

## Гочдарш

Хьалхара дош. Хьехамчаш

Хаа лаар цхьа 1алашо ю сан,
Хаърех хье сайн буза книгаш оьшу,
Цундела лаамца Гиппиусан,
Ахматован, Белыйн байташ йоьшу.

Сан деган ойланца нийса дог1у
Бунинан, Бальмонтан йозанаш а.
Ас поэзин, прозин хотиш оху,
Кхача г1ерташ церан дозанашка.

Терхеш т1ехь ю, т1екхоччех сан куьйгаш,
Ас кест-кеста, воккха веш, схьаоьцу
Маяковскийн, Блокан, Брюсовн книгаш,
Волошинан, Клюевн байташ йоьшу.

Дукха бу уьш – яздархой, поэташ,
Кхоьллина берш дуьне мел ду баха.
Цхьаъ вазвича, кхиверг лахвар хеташ,
Со ца х1уьтту, цхьаъ къастош, ц1ерш яха.

Ду поэзин дашо б1ешо аьлла
Ткъаесналг1а б1ешо Пушкинан.
Цхьа Есенин тоьар вара, ваьлла
Ткъолаг1чунах дато б1ешо дан!

## Ахматова Анна

### Къола

Ц1ерга уллохь йохлуш хаза дара,
Хаа ца луш я шело я мох,
Амма дог сайн ас ма ца лардира,
Цундела лачкъийра цхьамма дог.

Керла шо дахделла. Хета деза
Керлачу шеран ц1ен розанаш.
Х1инца суна сайн кийрахь ца хеза
Т1емаш детта шайт1анан динаш.

Къу каро ца хилла ч1ог1а хала,
Суна вевзи, хьаьжча б1аьргаш чу.
Х1инца кхоьру лачкъийнарг схьадала
Сихваларна, ша айкх ваьлла, къу.

### Б1аьсте йолуш

Б1аьсте йолуш хуьлу иштта денош:
Садоь1уш бу д1о лай к1еллахь бай,
Г1овг1а йо дитташа ло 1енош
!аржделлачу генаш т1ера шайн.

Ша дайдаларх, дег1 а цеце хили,
Х1умма а ца девза хьуна ц1ахь.
Х1инца, хьалха к1орда дина илли,
Керла долуш санна олу ахь.

## Тхо

Мостаг1ашна къиза цеста
Латта дитинчех со яц.
Эшац суна эрна хестор,
Царна сай илли лур дац.

Тутмакх санна, лара вог1у
Г1ийла, ваьлларг шен махках.
Огаран хьожа ма йог1у
Генахь нехан бепигах.

Ткъа кхузахь тхо къохьехь ц1еран
Къонал йойуш даьхна дац.
Цкъа а тохар тхайна т1ера
Кхечарна дерзийна дац.

Хаьа: т1аьхьа тхайн мах олуш,
Бехказ доккхур ду х1ор сахьт.
Тхо санна, куралла йоцуш,
Цхьалха нах бац дуьненахь.

## Кхолларалла

1

Ишштаъ хуьлу: ца евза ховхалла;
Лерехь дека, сацар доцуш, сахьт;
Генахь д1атуьш, стигла къекъа халла.
Сайна девзаш доцчу аьзнашкахь
Суна хеза г1ийла узарш, аьзнаш,
Цхьа къайленийн го а гатлуш бу.
Амма изза аьзнаш, изза зевнаш,
Дерриш эшош, цхьа аз г1оттуш ду.
Цунна гонах ду цхьа ч1ог1а тийна,

Хьуьнхахь бецаш йовлуш хаалуш,
Лаьттахула доьду вон д1атийна…
Дешнаш а ду хаза дуьйлалуш,
Бека рифмийн горгалиш а тайна –
Т1аккха кхета йолало-кха со,
Мог1анаш ас, цхьамма хьехна сайна,
Лонал к1айчу тептар т1е яздо.

2

Оданийн б1о суна ма ца беза,
Элегийн хазалла яц оьшург.
Байташкахь ца оьшшург хила деза,
Адамашна юкъахь ца хуьлург.

Муьлха нехашлера, хиъча шайна,
Эхь ца хеташ, байташ ю кхуьуш,
Керта уллохь можа баппа санна,
Ба11аш, татеш санна кхуьу уьш.
Бокхан хьожа, ахна, шога човхор,
Башха матар ю пена т1ехь гуш…
Байт а ека дегайаме, ховха,
Шуна, суна хазахетар луш

**Иван Бунин**

Таджуд

Иза вац вуьжуш, наб озош.

Къуръан

Тийначу Скутари ширчу г1алахь
Еза буьйса юккъе йоду хан…
Х1оразза а хеза цхьа ойлане,
Сингаттаме дешнаш Таджудан.

Хьалхара ц1ен 1уьйре серлайолуш,
Буьйсанан а бодана юккъехь
Хеза деза Таджуд илли олуш
Дервишаша Желатин б1ов т1ехь.

Шайн наб еш ю бошмаш, къуббаш шера,
Наб еш ю Скутари. Аз хазац.
Амма наб еш болчарна б1ов т1ера
Стигла к1еллахь илли хезаш дац.

Кхин б1аьргаш ду сагатдарца хьоьжуш
Къайлахчу 1азапца бодане.
Батош ю даггара эрна доьхуш,
Беркат дохьу, г1енаш шайна т1е.

Хала бо дуьненан 1аьржа некъаш,
Стиглахь х1ор сада1ар лорур ду…
Наб е, набе. Иза вац наб кхеташ,
Шу дерриш Делан карахь ду.

### Дош

Тийна къуббаш, молха тоьхна декъий,
    Цхьа дош декаш дац.
Ширчу боданера хезаш деккъа
    Йозанаш бен дац.

Кхин цхьа тайпа бохам бац вайн долахь,
    Ларбе, еш само,
Ницкъ ма кхоччу бохамечу хьолахь
    Деза совг1ат – мотт.

## XXX

Цкъа д1а къайла вер ву со,
Ткъа есачу чохь хир ду
Даимлера г1ант сан, стол,
Ширачу иконин сурт.

Иштта лелхар бу сан чу
Къорза полла ездарехь,
Шур-шур деш, и лелар бу
Сийна бос болчу тхов т1ехь.

Даим санна, корах чу
Хьоьжур бу бух стигалан,
Х1ордан сийналла хир ю
Генахь аз, лар лоьхуш сан.

## Лайдакъадаран буьйса

Аль-Къадран буьйса. Вовшахкхетта баххьаш,
Стигла д1а кхаьчна лаьмнийн чалбанаш.

Молла кхойкху. Х1инцаъ ц1ен бу шанаш,
Амма тог1ешкахь букъло боданаш.

Аль-Къадран буьйса. Д1о басешца охьа
Х1инца ашерша чалханаш мархийн.
Молла кхойкху. Стиглан езчу тронна хьалха
Т1ера 1аь г1уттуш ду Алмазан хи.

Цхьанне ца гуш, массанхьа а кхочуш,
Жабраил ву лелаш. Дела, декъал бе
Гуш боцу некъ Везчу некъахочун,
Дуьненна ло буьйса машаре!

XXX

Сан б1аьра а хьаьжна, сийна б1аьргаш
Ахь совцийча, ирсе хуьлу со.
Къега къона дегйовхонаш цаьргахь,
Декхна долчу дийнан стигла го.

Дерриге а дуьне къахьло суна,
Лахдеш б1аьрнег1арш, д1атийча хьо.
Хьайна а ца хууш, веза хьуна,
Ахь, эхь хеташ, безам лечкъабо.

Амма, цхьа а ницкъ боцуш д1ахьулдан,
Хьуна уллохь сирла са ду сан…
Хьоме доттаг1, даим ц1ена хуьлда
Хьан къоналла, исбаьхьалла хьан.

**Александр Блок**

Гуш воцчу Деле

Ахь бен хьан кхоьллина со
Ахь бен хьан сан къайле йиллина?
Ахь бен хьан т1емаш а ло
Хьекъалзачу дайчу сан иллина?

Теша! Дахар д1алур ду,
Поэтана Ахь д1аеллахь
Не1 керлачу килса чу,
Ахь серлоне некъ схьабеллахь.

Гена панехь Ахь бен хьан
Вуьгу гина боцчу махка?
Д1ахьаьжча, мохь бер бу сан:
«Дела, есаллаш д1алахка!»

## XXX

1уьйрено б1аьрг билли шен,
Чаккхе йоцуш, серло 1ена.
Сан са сихло малхбале
Кхоллархо ша волчу гене.

Ламазца де доладахь
Сирлачу 1уьйренца хьалххе,
Со х1уттур ву ц1еналлехь
Керла виначунна хьалха.

Лаьттан некъ бинчул т1аьхьа,
Сарахь кхерчахь ц1ерш латийна
Суна атта ду юха
Ламаз дан шен кхана дийнахь.

## Фабрика

Лулахь ц1а чохь можа кораш.
Суьйрене дирзича де.
Цхьа ойлане ц1ийза г1ореш,
Адам дог1у кевнна т1е.

Къора къевлина м аду кевнаш.
Ткъа пена т1ехь, пена т1ехь
Цхьа-м ву д1атийна тебаш,
Багарбеш нах тийналлехь.

Ц1аьста аз шен ч1ог1а доккхуш,
Хезаш ву лакхера со:
«Сагат де, г1орасиз баккъаш», -
Нахе къиза боху цо.

Чохь уьш бевр бу дехьа-сехьа,
Баккъаш т1ехь хьош т1оьрмигаш.
Бедалур бук орал т1ехьа
1ехийнарш и адамаш.

### Поэт

Ж1ара-некъаш долчохь лаьтташ
Шеконехь поэт ма ву.
Д1адайна буьйсанан васташ,
Сатаса а гена ду.

Х1ун де, мича г1о-те аьлла
Хиллачохь бац хьехамаш.
Ву шеконца махках ваьлла,
Поэт новкъахь сецна 1аш.

Амма б1аьргаш чохь ю къегаш
Т1е ца кхочу дегйовхо…
1уьйрено доьллур ду б1аьргаш,
Гене схьайоьллур ю цо.

**Валерий Брюсов**

### Къинхьегам

Салам ду хьоьга, къинхьегам,
З1окберг, нох, бел г1ожа т1ехь,
Марзделла куьг башха хьег1а
Хьацаран яйн ц1еналлехь

Эшош кочарш, охьа тийса
Духар, деза доцу шел.
